



رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

Kreyòl

کریولی

حِصْنُ الْمُسْلِمِ مِنْ أَذْكَارِ الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ

Pwoteksyon Mizilman an gras avèk Priyè ki nan Koran an ak Tradisyon Pwofèt la(Sounna)



Sèvitè Allah ki Trèwo a
Dr. Sa'id bin Ali bin Wahf Al-Qahtani

حِصْنُ الْمُسْلِمِ
مِنْ أَذْكَارِ الْكِتَابِ وَالسُّنَّةِ

**Pwoteksyon Mizilman an gras
avèk Priyè ki nan Koran an ak
Tradisyon Pwofèt la(Sounna)**

د. سَعِيدُ بْنُ عَلِيٍّ بْنِ وَهْفٍ الْقَحْطَانِيُّ

Sèvitè Allah ki Trèwo a
Dr. Sa'id bin Ali bin Wahf Al-Qahtani

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Pwoteksyon Kwayan an: Lapriyè ki soti nan Koran an ak nan Tradisyon Pwofèt la.

Nan non Allah, Sila ki fè anpil gras la, Sila ki gen anpil mizèrikòd la

Entwodiksyon an.

Tout louwanj se pou Allah sèlman, nou fè lwanj pou Li, nou mande Li sekou, epi nou mandel padon. Nou chèche pwoteksyon bò kote Allah kont tout move panse ki nan kè nou ak tout move zak nou fè. Nenpòt moun Allah gide, pèsonn pa ka pèdil; epi nenpòt moun Li kite pèdi, pèsonn pa ka gidel. Mwen temwaye pa gen lòt dye Sèlman Allah , Li pa gen okenn asosye. Epi mwen temwaye Muhammad se sèvitè li ak mesaj li. Se pou benediksyon ak lapè Allah tonbe sou li an kantite, sou fanmi li, sou konpanyon li yo, ansanm ak tout moun ki swiv chemen yo a nan bon konpòtman jiska Jou Jijman an. Aprè sa :

Sa a se yon rezime mwen tire nan liv mwen an ki rele: Ad-Dhikr wad-Du'a wal-'Ilaj bir-Ruqa minal-Kitab was-Sunnah (Rapèl, Envokasyon, ak Geri pa mwayen Ruqyah (woukya);ki soti nan koran an ak Sounna a). Mwen rezime pati envokasyon yo ladan

li poul ka pi lejè epi fasil pou pote pandan vwayaj.¹

Mwen limitem sèlman nan tèks dhikr (envokasyon) la, epi mwen kontanm nan bay referans li yo poum mansyone youn oswa 2 sous pami sa ki twouve nan liv orijinal la. Kanta pou moun ki ta vle konnen Sahabi a oswa jwenn plis detay sou referans yo, li dwe tounen al gade nan liv orijinal la. Mwen mande Allah Li menm ki gen tout pouvwa ak tout grandè a , pa mwayen pi bèl non li yo ak kalite siprèm li yo, pou li fè travay sa a fèt sèlman pou mwen ka jwenn favè li, pou li fè li itil pou mwen nan lavi mwen ak aprè anmò mwen, epitou pou li fè li itil pou moun ki lil oswa ki enprime li, oswa ki sèvi kòm yon rezon pou gaye li. Anverite, Li menm ki san defo a , se li menm ki Mèt tout bagay sa yo epi se li menm ki gen pouvwa pou fè sa. Se pou benediksyon ak lapè Allah tonbe sou pwofèt nou an Muhammad, sou fanmi li, sou konpanyon li yo, ansanm ak tout moun ki swiv chemen yo a nan bon konpòtman jiska Jou Jijman an.

Moun ki ekri liv la

Redije nan mwa Safar 1409 H

« Ekri nan mwa Safar, ane 1409 nan kalandriye Ejiryen an »

¹ Liv orijinal mwen mansyone a gentan publiye, Alhamdoulila, ansanm ak yon etid detaye sou tout sous adit li yo nan 4 gwo volim. Poutèt sa, "Hisn al-Muslim" (Fòtrès Mizilman an) soti nan premye ak dezyèm volim nan.

Valè ak merite Zikr la

(Merit rapèl Allah a)

Allah, Sila a ki anwo nan syèl la, di:

﴿فَاذْكُرُونِي أَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوا لِي وَلَا تَكْفُرُونِ ﴿١٥٢﴾﴾

"Konsa, sonje mwen, map sonje nou. Epi se pou nou rekonesan anvè mwen, epi pa refize kwè nan mwen 152"¹,

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا أَذْكُرُوا اللَّهَ ذِكْرًا كَثِيرًا ﴿٤١﴾﴾

O nou menm ki kwè! Fè rapèl Allah anpil 41²

﴿...وَالذَّاكِرِينَ اللَّهَ كَثِيرًا وَالذَّاكِرَاتِ أَعَدَّ اللَّهُ لَهُم مَّغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا﴾

"«...epi gason kap sonje Allah souvan ak fanm kap sonje Li souvan; senyè toupwisan an prepare yon padon pou yo ak yon gwo rekonpans.»"³

﴿وَإِذْ ذُكِّرَ رَبِّكَ فِي نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً وَدُونَ الْجَهْرِ مِنَ الْقَوْلِ بِالْغُدُوِّ وَالْآصَالِ

وَلَا تَكُن مِّنَ الْغَافِلِينَ ﴿٢٠٥﴾﴾

« E sonje Mèt ou a nan fon kèw avèk imilite ak lakrentif, san ou pa pale fò, nan maten kou nan apremidi ; epi pa fè pati moun ki bliye yo. »"⁴,

Epi Pwofèt la,(ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

¹ Sourat Al-Baqarah: 152 .

² Sourat Al-Ahzab: 41 .

³ Sourat Al-Ahzab: 35.

⁴ Sourat Al-A'raf: 205.

«مَثَلُ الَّذِي يَذْكُرُ رَبَّهُ، وَالَّذِي لَا يَذْكُرُ رَبَّهُ، مَثَلُ الْحَيِّ وَالْمَيِّتِ».

«Egzanp moun ki site non Seyè li ak moun ki pa site non Seyè li, se tankou moun vivan ak moun mouri.»¹

Epi Pwofèt la, (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«أَلَا أُنبِئُكُمْ بِخَيْرِ أَعْمَالِكُمْ، وَأَزْكَاهَا عِنْدَ مَلِيكِكُمْ، وَأَرْفَعَهَا فِي دَرَجَاتِكُمْ، وَخَيْرَ لَكُمْ مِنْ إِنْفَاقِ الذَّهَبِ وَالْوَرَقِ، وَخَيْرَ لَكُمْ مِنْ أَنْ تَلْقَوْا عَدُوَّكُمْ فَتَضْرِبُوا أَعْنَاقَهُمْ وَيَضْرِبُوا أَعْنَاقَكُمْ؟» قَالُوا بَلَى. «ذَكَرَ اللَّهُ تَعَالَى».

«Èske mwen pa ta dwe fè nou konnen pi bon aksyon nou yo, sa ki pi pwòp devan Mèt nou an, sa ki bay plis grad nan nivo nou yo, sa ki pi bon pou nou pase depanse lò ak lajan blanch (ajan), epi ki pi bon pou nou pase rankontre lènmi nou pou nou koupe tèt yo epi yo koupe tèt nou?" Yo reponn: "Wi, se sèten!" Li di: "Se rapèl(envokasyon) Allah ki Pi Wo a.»²

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«يَقُولُ اللَّهُ تَعَالَى: أَنَا عِنْدَ ظَنِّ عَبْدِي بِي، وَأَنَا مَعَهُ إِذَا ذَكَرَنِي، فَإِنْ ذَكَرَنِي فِي نَفْسِهِ، ذَكَرْتُهُ فِي نَفْسِي، وَإِنْ ذَكَرَنِي فِي مَلَأٍ، ذَكَرْتُهُ فِي مَلَأٍ خَيْرٍ مِنْهُمْ، وَإِنْ تَقَرَّبَ

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (11/208) sou nimewo (6407), ak Muslim (1/539) sou nimewo (779) avèk pawòl sa yo: «Egzanp kay kote yo site non Allah anndan li, ak kay kote yo pa site non Allah anndan li, se tankou moun vivan ak moun mouri.»

² Al-Tirmidhi (5/459) sou nimewo (3377), ak Ibn Majah (2/124) sou nimewo (3790), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/316), ak Sahih Al-Tirmidhi (3/139).

إِلَى شَيْءٍ، تَقَرَّبْتُ إِلَيْهِ ذِرَاعًا، وَإِنْ تَقَرَّبَ إِلَيَّ ذِرَاعًا، تَقَرَّبْتُ إِلَيْهِ بَاعًا، وَإِنْ أَتَانِي
يَمَشِي أَتَيْتُهُ هَرُولًا».

« Allah ki Pi Wo a di: "Mwen se jan sèvitèm lan panse sou Mwen an, epi Mwen avèk li chak fwa li sonje mwen . Si li mansyonem nan fon kè li, Map mansyonel nan fon kèm ; si li mansyone mwen nan mitan yon foul moun, Map mansyonel nan mitan yon asanble ki pi bon pase yo a. Si li pwoche bò kotem a distans yon lanmen (anviwon 20 cm), Map pwoche bò kotel a distans yon koudbra. Si li pwoche bò kotem a distans yon koudbra, Map pwoche bò kotel a distans 2 bra ouvè. Epi si li vini jwenn Mwen a pye ap mache, Mwen menm map vin jwenn li kouri vit.»¹

Abdullah ibn Busr (se pou Allah dakò avèk li) rapòte: Yon Mesye te di: "O Mesaje Allah a, lwa ak kòmandman Islam yo vin twòp pou mwen; tanpri, fèm konnen yon sèl bagay mwen ka kenbe fèm ladan li. " Li reponn li:

«لَا يَزَالُ لِسَانُكَ رَطْبًا مِنْ ذِكْرِ اللَّهِ».

Fè lang ou toujou rete aktif ap fè lwanj pou Allah.²

¹ Al-Bukhari (8/171) nimewo (7405), ak Mouslim (4/2061) nimewo (2675), epi tèks egzat la se vèsyon Al-Bukhari.

² At-Tirmidhi (5/458) nimewo (3375), ak Ibn Majah (2/1246) nimewo (3793), epi Al-Albani te deklare li otantik nan: Sahih At-Tirmidhi (3/139), ak Sahih Ibn Majah (2/317).

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):
«مَنْ قَرَأَ حَرْفًا مِنْ كِتَابِ اللَّهِ فَلَهُ بِهِ حَسَنَةٌ، وَالحَسَنَةُ بِعَشْرِ أَمْثَالِهَا، لَا أَقُولُ: ﴿الْم﴾ حَرْفٌ، وَلَكِنْ: أَلِفٌ حَرْفٌ، وَلَا م حَرْفٌ، وَمِيمٌ حَرْفٌ».

«Moun ki li yon sèl lèt nan Liv Allah a (Koran an), lap jwenn yon bon aksyon (rekonpans) pou sa, epi chak bon aksyon multipliyè pa 10. Mwen pa di "Alif-Lam-Mim" se yon sèl lèt, men Alif se yon lèt, Lam se yon lèt, epi Mim se yon lèt.»¹.

Daprè Oukba ibn Amir (se pou Allah satisfè avèk li) , li rapòte: Mesaje Allah a (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvril)te soti vin jwenn nou pandan nou te nan Soufa(anba tonèl la) a, epi li di:

«أَيُّكُمْ يُحِبُّ أَنْ يَغْدُوَ كُلَّ يَوْمٍ إِلَى بُطْحَانَ، أَوْ إِلَى الْعَقِيقِ، فَيَأْتِي مِنْهُ بِنَاقَتَيْنِ كَوْمَاوَيْنِ فِي غَيْرِ إِثْمٍ وَلَا قَطِيعَةٍ رَحِمَ؟»

Kilès pami nou ki ta renmen soti chak maten al nan mache Boutàn oubyen Akik, epi poul tounen ak 2 bèl gwo chamo femèl, san li pa komèt okenn peche ni kase okenn lyen fanmi? Nou reponn: "O Mesaje Allah, nou tout ta renmen sa!" Lè sa a li di:

«أَفَلَا يَغْدُو أَحَدُكُمْ إِلَى الْمَسْجِدِ فَيَعْلَمَ، أَوْ يَقْرَأَ آيَتَيْنِ مِنْ كِتَابِ اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ خَيْرٌ لَهُ مِنْ نَاقَتَيْنِ، وَثَلَاثٌ خَيْرٌ لَهُ مِنْ ثَلَاثٍ، وَأَرْبَعٌ خَيْرٌ لَهُ مِنْ أَرْبَعٍ، وَمِنْ أَغْدَادِهِنَّ مِنَ الْإِبِلِ».

¹ At-Tirmidhi (5/75) anba nimewo (2910), epi Al-Albani otantifye l: Sahih At-Tirmidhi (3/9), ak Sahih Al-Jami' As-Saghir (5/340).

« Èske youn nan nou pa ta ka ale nan moske a pou li aprann oubyen pou li 2 vèsè ki soti nan Liv Allah ki gen tout pouvwa a, konsaki pi bon pou li pase 2 chamo, epi 3 vèsè pi bon pou li pase 3 chamo, epi 4 pi bon pou li pase 4 chamo, ak kantite yo kap multipliye nan chamo? »¹

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«مَنْ قَعَدَ مَقْعَدًا لَمْ يَذْكُرِ اللَّهَ فِيهِ، كَانَتْ عَلَيْهِ مِنَ اللَّهِ تِرَةٌ، وَمَنْ اضْطَجَعَ مَضْجِعًا لَمْ يَذْكُرِ اللَّهَ فِيهِ كَانَتْ عَلَيْهِ مِنَ اللَّهِ تِرَةٌ.»

« Nenpòt moun ki chita yon kote san li pa raple Allah ladan li, lap gen yon regre (oswa yon pinisyon) nan men Allah epi nenpòt moun ki kouche yon kote san li pa raple Allah adan li, lap gen yon regre nan men Allah. »²

Epi li,(ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«مَا جَلَسَ قَوْمٌ مَجْلِسًا لَمْ يَذْكُرُوا اللَّهَ فِيهِ، وَلَمْ يُصَلُّوا عَلَى نَبِيِّهِمْ إِلَّا كَانَ عَلَيْهِمْ تِرَةٌ، فَإِنْ شَاءَ عَذَّبَهُمْ، وَإِنْ شَاءَ غَفَرَ لَهُمْ.»

« Nenpòt gwoup moun ki chita nan yon asanble (an gwoup) kote yo pa mansyone Allah, epi yo pa priye pou pwofèt la (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri), lap tounen yon kòz regre (oswa yon defisi) pou yo. Sil vle, lap pini yo; e sil vle, lap

¹ Muslim (1/553) nimewo (803).

² Q Abu Dawud (4/264) nimewo (4856), ak lòt yo, epi gade: Sahih al-Jami' (5/342).

padone yo. »¹

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«مَا مِنْ قَوْمٍ يَقُومُونَ مِنْ مَجْلِسٍ لَا يَذْكُرُونَ اللَّهَ فِيهِ إِلَّا قَامُوا عَنْ مِثْلِ جَيْفَةٍ جِمَارٍ، وَكَانَ لَهُمْ حَسْرَةٌ».

« Pa gen yon gwoup moun ki kanpe nan yon asanble san yo pa raple Allah ladan li, sof si yo leve kò tankou moun ki kite kò yon bourik ki mouri, epi lap yon gwo regrè pou yo. »²

1.Lapriyè lè yon moun reveye nan dòmi

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَحْيَانَا بَعْدَ مَا أَمَاتَنَا، وَإِلَيْهِ النُّشُورُ».

« Lwanj pou Allah Li menm ki ban nou lavi aprè Li te fin fè nou mouri [nan dòmi], epi se bò kote li rasanbleman final la ap fèt. »³

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، سُبْحَانَ اللَّهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، وَلَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ، وَاللَّهُ أَكْبَرُ، وَلَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ، رَبِّ اغْفِرْ لِي».

«Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, Li sèl, Li pa gen asosye. Se pou Li tout pouvwa a ye, se pou Li tout lwanj yo ye, epi Li gen pouvwa sou tout bagay. Glwa pou Allah, epi lwanj

¹ At-Tirmidhi (5/461) nimewo (3380), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/140).

² Abu Dawud (4/264) nimewo (4855), ak Ahmad (2/389) nimewo (10680), epi gade: Sahih al-Jami' (5/176).

³ Al-Bukhari avèk Al-Fath (11/113) nimewo (6314) ak Muslim (4/2083) nimewo (2711).

pou Allah, epi pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, epi Allah pi gran, epi pa gen okenn mwayen ni okenn fòs si se pa avèk pèmision Allah, Sila a ki anwo nèt la, Sila a ki gran anpil la. O Senyè mwen, padonem.»¹.

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي عَافَانِي فِي جَسَدِي، وَرَدَّ عَلَيَّ رُوحِي، وَأَذِنَ لِي بِذِكْرِهِ».

« Lwanj pou Allah ,Li menm ki ban mwen lasante nan kò mwen, ki remèt mwen nanm mwen, epi ki pèmèt mwen sonjel [adore li]. »²

﴿إِنَّ فِي خَلْقِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافِ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ لَآيَاتٍ لِّأُولِي الْأَلْبَابِ﴾^(١٠)
الَّذِينَ يَذْكُرُونَ اللَّهَ قِيَمًا وَقُعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِهِمْ وَيَتَفَكَّرُونَ فِي خَلْقِ السَّمَوَاتِ
وَالْأَرْضِ رَبَّنَا مَا خَلَقْتَ هَذَا بَطْلًا سُبْحَنَكَ فَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ﴿١١﴾ رَبَّنَا إِنَّكَ مَن
تُدْخِلِ النَّارَ فَقَدْ أَخْرَجْتَهُ، وَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ أَنْصَارٍ ﴿١٢﴾ رَبَّنَا إِنَّا سَمِعْنَا مُنَادِيًا يُنَادِي
لِلْإِيمَانِ أَنْ ءَامِنُوا بِرَبِّكُمْ فَءَامَنَّا رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا سَيِّئَاتِنَا وَتَوَقَّنَا
مَعَ الْأَبْرَارِ ﴿١٣﴾ رَبَّنَا وَءَاتِنَا مَا وَعَدْتَنَا عَلَىٰ رُسُلِكَ وَلَا تُخْزِنَا يَوْمَ الْقِيَمَةِ إِنَّكَ لَا
تُخْلِفُ الْمِيعَادَ ﴿١٤﴾ فَاسْتَجَابَ لَهُمْ رَبُّهُمْ أَنِّي لَا أُضِيعُ عَمَلَ عَمِلٍ مِّنْكُمْ مِّنْ ذَكَرٍ أَوْ
أُنْثِيَ بَعْضُكُمْ مِّنْ بَعْضٍ فَالَّذِينَ هَاجَرُوا وَأُخْرِجُوا مِنْ دِيَارِهِمْ وَأُودُوا فِي سَبِيلِ
وَقَتَلُوا وَقَتِلُوا لَأُكَفِّرَنَّ عَنْهُمْ سَيِّئَاتِهِمْ وَلَأُدْخِلَنَّهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرَىٰ مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ
ثَوَابًا مِّنْ عِنْدِ اللَّهِ وَاللَّهُ عِنْدَهُ حُسْنُ الثَّوَابِ ﴿١٥﴾ لَا يَغُرُّكَ تَقَلُّبُ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي

¹ « Nenpòt moun ki di sa, yap padone pechel yo; si li fè yon lapriye, yap reponn li; epi sil leve, li fè abliyon (woudou) epi li priye, yap aksepte priye li a. »
Al-Boukhari ansanm ak Al-Fath (3/39), nimewo (1154) ak lòt ankò;
fòmilyasyon sa a soti nan Ibn Majah, gade: Sahih Ibn Majah (2/335).

² At-Tirmidhi (5/473) nimewo (3401), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/144).

۱۳۱ مَتَّعْ قَلِيلٌ ثُمَّ مَأْوُهُمْ جَهَنَّمُ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ﴿۱۳۱﴾ لَكِنَّ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ
 لَهُمْ جَنَّاتٌ تَجْرَى مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا نُزُلًا مِّنْ عِنْدِ اللَّهِ وَمَا عِنْدَ اللَّهِ
 خَيْرٌ لِّالْبَارِئِ ﴿۱۳۲﴾ وَإِنَّ مِنْ أَهْلِ الْكِتَابِ لَمَنْ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْكُمْ وَمَا أُنْزِلَ
 إِلَيْهِمْ خَشِعِينَ لِلَّهِ لَا يَشْتَرُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ ثَمَنًا قَلِيلًا أُولَٰئِكَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ
 إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ﴿۱۳۳﴾ يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا أَصْبِرُوا وَصَابِرُوا وَرَابِطُوا وَاتَّقُوا اللَّهَ
 لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿۱۳۴﴾

« Vrèmanvre, nan fason syèl yo ak tè a fèt, epi
 nan jan lannwit ak lajounen ap ranplase youn lòt,
 gen gwo prèv pou moun ki gen bon konprann. »
 (190)

Moun ki sonje Allah [ki lapriyè Li] kit yo kanpe,
 kit yo chita, oswa kouche sou kote yo, epi ki reflechi
 pwofondman sou kreyasyon syèl yo ak tè a [pandan
 yap di]: "O Mèt nou! Ou pat kreye tout bagay sa yo
 pou granmesi. Glwa pou Ou! Tanpri, pwoteje nou
 anba chatiman Difè a." »(191)

Mèt nou! Anverite, nenpòt moun Ou voye nan
 Difè a, Ou deja imilyel nèt; epi pou moun kap fè
 mechanste yo, pap gen pèsonn pou pote yo sekou.
 (192)

Mèt nou! Nou menm, nou te tande yon moun kap
 rele nou nan lafwa, kap di: "Mete konfyans nou nan
 Mèt nou an!" Se konsa nou te kwè. Mèt nou! Tanpri,
 padone peche nou yo, efase fot nou yo, epi fè nou
 mouri ansanm ak moun ki fè sa ki dwat yo. (193)

Mèt nou! Ban nou sa Ou te pwomèt nou pa mwayen mesaj Ou yo, epi pa fè nou wont nan Jou Rezirèksyon an. Anverite, Ou pa janm kase pwomès Ou. (194)

Konsa, Mèt yo a te reponn yo: "Mwen pap janm kite travay pèsonn nan nou pèdi, kit se yon gason kit se yon fanm; nou tout se menm branch, nou soti youn nan lòt. Donk, moun ki te kouri ale lòt kote pou sove lavi yo (fè ijra), moun yo te mete deyò nan kay yo, moun ki te sibi move trètman poutèt Mwen, moun ki te goumen epi yo te touye yo: Mwen pral efase tout peche yo nèt, epi Map fè yo antre nan Jaden kote rivyè ap koule anba yo, kòm yon rekonpans ki soti bò kote Allah. Epi se bò kote Allah pi bèl rekonpans lan ye." » (195)

Piga nou kite bèl lavi ak siksè moun ki pa kwè yo ap mennen nan peyi a pran tèt ou.196

Se yon ti jwisans ki pap dire; après, dènye kote yap fini se nan Lanfè (Jahannam), epi se pa ti move kabann sa ye pou yon moun poze kò li! (197)

Men pou moun ki respekte Mèt yo a ak krent, gen Jaden(paradi) kote rivyè ap koule anba yo kap tann yo; yap rete ladan yo pou tout tan kòm kado ak bon akèy ki soti bò kote Allah. Epi sa ki bò kote Allah a pi bon lontan pou moun ki dwat yo. (198)

Vrèmanvre, pami moun ki te resevwa Liv la (Kritjen ak Jwif yo), gen moun ki kwè nan Allah , ki kwè nan sa yo te voye desann pou nou an, ak nan sa

yo te voye desann pou yo menm an tou. Yo soumèt devan Allah ak anpil respè; yo pa vann pawòl Allah yo pou yon ti kras enterè mond saa. Moun sa yo ap jwenn rekonpans yo bò kote Mèt yo a. Anverite, Allah pa pran tan pou Li regle kont yo. (199)

O nou menm ki kwè, pran pasyans, epi pèsèvere nan pasyans, epi rete fèm, epi gen krentif pou Allah, pou nou kapab reyisi. 200

[Al Imran: 190-200]¹.

2. Siplikasyon pou mete rad / Lapriyè pou lè wap mete rad

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي كَسَانِي هَذَا (الثَّوبَ) وَرَزَقَنِيهِ مِنْ غَيْرِ حَوْلٍ مِنِّي وَلَا قُوَّةَ...».

"Louwanj pou Allah ki abiyem ak (rad) sa a, epi ki ban mwen li san okenn fòs ni pouvwa pa m..."²

3. Siplikasyon pou mete yon nouvo rad / Lapriyè pou lè wap mete yon rad tounèf

«اللَّهُمَّ لَكَ الْحَمْدُ أَنْتَ كَسَوْتَنِيهِ، أَسْأَلُكَ مِنْ خَيْرِهِ وَخَيْرِ مَا صُنِعَ لَهُ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهِ وَشَرِّ مَا صُنِعَ لَهُ».

« O Allah se pou ou tout louwanj, se ou menm ki abiyem ak li, mwen mandew byen ki ladan li ak

¹ Al-Bukhari ak Al-Fath (8/337) nimewo (4569), ak Muslim (1/530) nimewo (256).

² Rapòte pa otè Sunan yo eksepte An-Nasa'i: Abou Dawoud, nimewo (4023), At-Tirmidhi, nimewo (3458), ak Ibn Majah, nimewo (3285), epi Al-Albani klasel kòm hasan nan: Irwa al-Ghalil (47/7).

byen ki fèt pou li a, epi mwen chèche pwoteksyon nan men ou kont mal ki ladan li ak mal ki fèt pou li a »¹

4. Doua pou moun ki mete yon rad nouvo/ Priyè pou yon moun ki mete yon rad tounèf.

«تُبْلِي وَيُخْلِفُ اللَّهُ تَعَالَى».

« Se pouw mete li jiskaskel ize, epi se pou Allah ki Trè Wo a ranplasel pou ou. »²

«الْبَسَ جَدِيدًا، وَعَاشَ حَمِيدًا، وَمُتَ شَهِيدًا».

« Mete rad nèf, viv yon vi ki merite lwanj, epi mouri an mati. »³

5. Sa yon moun dwe di lè lap retire rad sou li.

«يُسَمِّ اللَّهَ».

Nan non Allah⁴.

6. Priye lè wap antre nan twalèt

«[يُسَمِّ اللَّهَ] اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْخُبْثِ وَالْخَبَائِثِ».

¹ Abu Dawud nimewo (4020), ak At-Tirmidhi nimewo (1767), ak Al-Baghawi (12/40), epi gade: Mukhtasar Shama'il At-Tirmidhi pa Al-Albani (paj 47).

² Rapòte pa Abou Dawoud (4/41), anba nimewo (4020), ak gade: Sahih Abou Dawoud (2/760).

³ Ibn Majah (2/1178) nan nimewo (3558), ak Al-Baghawi (41/12), epi gade: Sahih Ibn Majah (275/2).

⁴ At-Tirmidhi (2/505) nimewo (606), ak lòt ankò, epi gade: Irwa Al-Ghalil nimewo (50), ak Sahih Al-Jami' (3/203).

« [Nan non Allah], O Allah ! Mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont move espri mal ak tout sa ki mal (move djinn gason ak move djinn fi). »¹

7. Priye lè wap soti nan twalèt

«عَفْرَانَا».

« Mwen mandew padon. » (oubyen: « Padon ou map chèche, O Allah. »)²

8. Lapriye (envokasyon) anvan ou fè ablasyon

«بِسْمِ اللَّهِ».

«Nan non Allah»³.

9. Lapriye (envokasyon) aprè ou fini fè woudou a (ablasyon)

«أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ».

«Mwen temwaye pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, li sèl, li pa gen asosye, epi mwen temwaye Muhammad se sèvitè Li ak mesaj

¹ Rapòte pa Al-Boukhari (1/ 45), nan nimewo (142), epi Mouslim (1/ 283), nan nimewo (375), ak adisyon: «Bismillah» nan kòmansman li, rapòte pa Sa'id bin Mansour. Gade Fath Al-Bari (1/ 244).

² Rapòte pa otè Sounan yo eksepte An-Nasa'i ki rapòte l nan 'Amal Al-Yawm Wal-Laylah, nimewo (79), Abou Dawoud, nimewo (30), At-Tirmidhi, nimewo (7), ak Ibn Majah, nimewo (300), epi Al-Albani otantifye l nan Sahih Sounan Abou Dawoud (1/19).

³ Abu Dawud nimewo (101), ak Ibn Majah nimewo (397), ak Ahmad nimewo (9418), epi gade Irwa Al-Ghalil (1/122).

Li..»¹.

«اللَّهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ التَّوَّابِينَ وَاجْعَلْنِي مِنَ الْمُتَطَهِّرِينَ».

« O Allah, mete mwen nan gwoup moun kap repanti yo, epi mete mwen nan gwoup moun kap kenbe tèt yo pwòp yo. »²

«سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ، أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ».

«O Allah, glwa pou ou ak lwanj pou ou, mwen temwaye pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon an Sèlman ou menm, mwen mande ou padon epi mwen repanti tounen vin jwenn ou.»³.

10. Zik lè wap soti nan kay la / Envokasyon lè wap soti nan kay la

«بِسْمِ اللَّهِ، تَوَكَّلْتُ عَلَى اللَّهِ، وَلَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ».

Nan non Allah, mwen mete tout konfyans mwen nan Allah, epi pa gen okenn chanjman ni okenn fòs si se pa gras avèk Allah.⁴

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ أَنْ أَضِلَّ، أَوْ أَضِلَّ، أَوْ أَزِلَّ، أَوْ أُزَلَّ، أَوْ أَظْلِمَ، أَوْ أُظْلَمَ، أَوْ أَجْهَلَ، أَوْ يُجْهَلَ عَلَيَّ».

« O Allah,! Mwen chèche pwoteksyon nan men

¹ Muslim (1/209) nimewo (234).

² At-Tirmidhi (1/78) nimewo (55), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (1/18).

³ An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah (paj 173), epi gade: Irwa Al-Ghalil (1/135) ak (3/94).

⁴ Abu Dawud (4/325) nimewo (5095), ak At-Tirmidhi (5/490) nimewo (3426), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/151).

ou poum pa pèdi wout ni pou pèsonn pa fèm pèdi wout, poum pa fè fot (bite) ni pou yo pa fè mwen fè fot, poum pa fè pèsonn enjistis ni pou pèsonn pa fèm enjistis, poum pa aji tankou moun fou (san respè) ni pou pèsonn pa aji konsa avèm. »¹

11. Envokasyon lè wap antre nan kay la

«بِسْمِ اللَّهِ وَلَجْنَا، وَبِسْمِ اللَّهِ خَرَجْنَا، وَعَلَى اللَّهِ رَبَّنَا تَوَكَّلْنَا، ثُمَّ لَيْسَلَمَ عَلَى أَهْلِهِ».

« Nan non Allah nou antre, epi nan non Allah nou te soti, epi nan men Allah Mèt nou an nou mete tout konfyans nou; answit se poul salye fanmil (moun lakay li). »²

12. Lapriyè (Envokasyon) lè prale nan moske a

«اللَّهُمَّ اجْعَلْ فِي قَلْبِي نُورًا، وَفِي لِسَانِي نُورًا، وَفِي سَمْعِي نُورًا، وَفِي بَصَرِي نُورًا، وَمِنْ فَوْقِي نُورًا، وَمِنْ تَحْتِي نُورًا، وَعَنْ يَمِينِي نُورًا، وَعَنْ شِمَالِي نُورًا، وَمِنْ أَمَامِي نُورًا، وَمِنْ خَلْفِي نُورًا، وَاجْعَلْ فِي نَفْسِي نُورًا، وَأَعْظِمْ لِي نُورًا، وَعَظِّمْ لِي نُورًا، وَاجْعَلْ لِي نُورًا، وَاجْعَلْنِي نُورًا، اللَّهُمَّ أَعْظِنِي نُورًا، وَاجْعَلْ فِي عَصِي نُورًا، وَفِي لَحْمِي

¹ Ahl As-Sunan: Abou Dawoud nimewo (5094), At-Tirmidhi nimewo (3427), An-Nasa'i nimewo (5501), ak Ibn Majah nimewo (3884), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/152), ak Sahih Ibn Majah (2/336).

² Rapòte pa Abu Dawud (4/325) sou nimewo (5096), epi gran savan Ibn Baz te klase chèn transmisyon lan kòm bon (Hasan) nan Tuhfat Al-Akhyar (paj 28). Epi nan Sahih la: «Lè yon moun antre lakay li, epi li mansyone Allah nan moman lap antre a ak nan moman lap manje a, Cheytan an di: Pa gen kote pou nou pase nwit la, ni pa gen manje aswè pou nou.» Muslim rapòtel sou nimewo (2018).

نُورًا، وَفِي دَمِي نُورًا، وَفِي شَعْرِي نُورًا، وَفِي بَشْرِي نُورًا».

"O Allah! Mete limyè nan kè mwen, limyè nan lang mwen, limyè nan zòrèy mwen, limyè nan zye mwen, limyè anwo mwen, limyè anba mwen, limyè sou bò dwat mwen, limyè sou bò gòch mwen, limyè devan mwen, ak limyè dèyè mwen. Mete limyè nan nanm mwen, fè limyè a vini abondan pou mwen, ogmante limyè a pou mwen, fè yon limyè pou mwen, epi fè mwen tounen limyè. O Allah! Ban mwen limyè, mete limyè nan nè mwen yo, limyè nan chè mwen, limyè nan san mwen, limyè nan cheve mwen, ak limyè nan po mwen."¹

«اللَّهُمَّ اجْعَلْ لِي نُورًا فِي قَبْرِي... وَنُورًا فِي عِظَامِي» «وَزِدْنِي نُورًا، وَزِدْنِي نُورًا، وَهَبْ لِي نُورًا عَلَى نُورٍ».

«O Allah ! Mete yon limyè pou mwen nan tonbo mwen...ak yon limyè nan zom². Epi ogmante limyè mwen, ogmante limyè mwen, ogmante limyè mwen!³ E kadom yon limyè sou yon limyè. »⁴.

¹ Gade tout tèks sa yo nan Al-Boukhari (11/116) anba nimewo (3166), ak Mouslim (1/526) anba nimewo (529), (530), ak (763).

² At-Tirmidhi (5/483), nimewo (3419).

³ Rapòte pa Boukhari nan Al-Adab al-Mufrad, anba nimewo (695) (paj 258), epi Al-Albani deklare chèn transmisyon li otantik nan Sahih Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (536).

⁴ Ibn Hajar mansyone li nan Fath Al-Bari, epi li atribiyel bay Ibn Abi Asim nan liv Dou'a, gade Al-Fath (11/118) epi li di: Konsa, apati varyasyon ki genyen nan narasyon yo, sa vin rasanble vennsenk 25 kalite.

13. Priyè pou antre nan moske a

(Li kòmanse ak pye dwat li)¹, epi li di:

«أَعُوذُ بِاللَّهِ الْعَظِيمِ، وَبِوَجْهِهِ الْكَرِيمِ، وَسُلْطَانِهِ الْقَدِيمِ، مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ»

« Mwen chache pwoteksyon nan men Allah ki gran anpil la, nan men figi Li ki plen lagras, ak nan pouvwa Li ki la depi nan tan lontan, kont Satan yo chase a. »²

«بِسْمِ اللَّهِ، وَالصَّلَاةُ» «وَالسَّلَامُ عَلَى رَسُولِ اللَّهِ»

« Nan non Allah, epi Lapriyè (benediksyon Allah)³ak lapè tonbe sou Mesaje Allah a. »⁴

«اللَّهُمَّ افْتَحْ لِي أَبْوَابَ رَحْمَتِكَ.»

« O Allah, louvri pou mwen pòt mizèrikòd Ou yo »⁵.

¹ Daprè sa Anas bin Malik (ke Allah satisfè avè l) te di: «Pami Sunnah a, se mete pye dwat ou anvan lè wap antre nan moske a, epi mete pye gòch ou anvan lè wap soti», Al-Hakim rapòtel (1/218), li otantifyel daprè kondisyon Muslim yo, epi Al-Dhahabi dakò avèk li, Al-Bayhaqi rapòtel tou (2/442), epi Al-Albani klasifyel kòm bon nan Silsilat Al-Ahadith Al-Sahihah (5/624) sou nimewo (2478).

² Abu Dawud nimewo (466), epi gade: Sahih Al-Jami' nimewo (4591).

³ Rapòte pa Ibn As-Sunni, nimewo (88), ak Al-Albani klasel kòm bon nan Ath-Thamar Al-Mustatab, (paj 607).

⁴ Abu Dawud (1/126) ak nimewo (465), epi gade: Sahih Al-Jami' (1/528).

⁵ Mouslim (1/494) nimewo (713), epi nan Sounan Ibn Majah dapre adis Fatima (se pou Allah agreye l): «O Allah, padone pechem yo, epi louvri pòt mizèrikòd ou yo pou mwen», epi Albani klasel otantik akòz prèv ki korel yo. Gade: Sahih Ibn Majah (1/128) nimewo (129).

14. Lapriyè (Envokasyon) lè wap soti nan moske a

(Li kòmanse ak pye gòch li)¹ epi li di:

«بِسْمِ اللَّهِ وَالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى رَسُولِ اللَّهِ،

« Nan non Allah, se pou benediksyon ak lapè tonbe sou Mesaje Allah a, »

اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ مِنْ فَضْلِكَ،

O Allah ! Mwen mandew nan favè (bonte ak richès) ou,

اللَّهُمَّ اغْصِنِي مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ.»

O Allah ! Pwotejem (prezèvem) kont Satan yo chase a (yo voye wòch sou li a).²

15. Azkar al-Azan: Priyè ak evokasyon ki rekòmande pou moun di lè yap tande Azan lan

Li repete menm sa moun kap fè apèl lapriyè a (mwezen an) ap di, eksepte lè li di: (Vini nan lapriyè, vini nan siksè), kote li di pito :

«لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ.»

«Pa gen okenn mwayen ni okenn fòs si se pa

¹ Al-Hakim (1/218), ak Al-Bayhaqi (2/442), epi Al-Albani klase li kòm Hasan nan Silsilah Al-Ahadith As-Sahihah (5/624) anba nimewo (2478), epi referans li te deja mansyone anvan sa.

² Gade referans vèsyon adis anvan an nan envokasyon pou antre nan moske a, nimewo (20), avèk adisyon sa a: « O Allah, pwotejel kont Satan yo chase a » dapre Ibn Majah. Gade: Sahih Ibn Majah (1/129).

avèk pèmisyon Allah»¹.

Li di:

«وَأَنَا أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ،
رَضِيتُ بِاللَّهِ رَبًّا، وَبِمُحَمَّدٍ رَسُولًا، وَبِالْإِسْلَامِ دِينًا»

«Epi mwen temwaye pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, li sèl, li pa gen asosye, epi Muhammad se sèvitè Li ak mesaje Li, mwen satisfè ak Allah kòm Mèt, ak Muhammad kòm Mesaje, epi ak Islam kòm relijyon»²

(Li di sa aprè temwanyaj mwezin nan)³.

(Li fè lapriye sou Pwofèt la (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li) aprè li fin reponn mwezin nan)⁴.

Li di:

«اللَّهُمَّ رَبِّ هَذِهِ الدَّعْوَةُ الثَّامَّةُ، وَالصَّلَاةُ الْقَائِمَةُ، آتِ مُحَمَّدًا الْوَسِيلَةَ وَالْفَضِيلَةَ،
وَابْعَثْهُ مَقَامًا مَحْمُودًا الَّذِي وَعَدْتَهُ، [إِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيعَادَ]».

« O Allah ! Mèt apèl pafè sa a, ak lapriye ki pral kanpe a, akòde Muhammad plas ki pi wo a (Al-Wasilah) ansanm ak gwo ran onè a (Al-Fadīlah), epi voye li nan pozisyon plen louwanj ou te pwomèt li

¹ Al-Boukhari (1/152) anba nimewo (611) ak (613), ak Mouslim (1/288) anba nimewo (383).

² Muslim (1/290) nimewo (386).

³ Ibn Khuzayma (1/220).

⁴ Muslim (1/288) nimewo (384).

a, [anverite, Ou pa janm kase pwomès Ou]. »¹

(Li fè lapriyè [envokasyon] pou tèt pa li ant premye apèl la ak dezyèm apèl la, paske lapriyè nan moman sa a pa janm rejte).²

16. Lapriyè (Envokasyon) pou ouvri lapriyè

a

«اللَّهُمَّ بَاعِدْ بَيْنِي وَبَيْنَ خَطَايَايَ كَمَا بَاعَدْتَ بَيْنَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ، اللَّهُمَّ نَقِّنِي مِنَ خَطَايَايَ كَمَا يُنَقَّى الثَّوْبُ الْأَبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ، اللَّهُمَّ اغْسِلْنِي مِنْ خَطَايَايَ، بِالثَّلْجِ وَالْمَاءِ وَالْبَرَدِ».

«O Allah, mete yon distans ant mwen menm ak pechem yo, menm jan Ou mete distans ant kote solèy leve ak kote solèy kouche. O Allah, netwaye pechem yo, menm jan yo netwaye yon rad blan pou retire tout tach sou li. O Allah, lave pechem yo, ak lanèj, ak dlo, epi ak lagrèl»³.

«سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، وَتَبَارَكَ اسْمُكَ، وَتَعَالَى جَدُّكَ، وَلَا إِلَهَ غَيْرُكَ».

"O Allah, glwa pou ou ak lwanj pou ou, non ou gen benediksyon, grandè ou anlè nèt, epi pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon an Sèlman ou

¹ Al-Bukhari (1/152) anba nimewo (614), epi sa ki ant kwochè yo se pou Al-Bayhaqi (1/410), epi Gran Savan Abdul Aziz bin Baz, se pou Allah fè li mizerikòd, te klase chenn transmisyon li an kòm bon (Hasan) nan Tuhfat Al-Akhyar (p. 38).

² at-Tirmidhi nimewo (3594) ak (3595), ak Abou Dawoud nimewo (525), ak Ahmad nimewo (12200), epi gade: Irwa al-Ghalil (1/262).

³ Boukari (1/181) nan nimewo (744), ak Mouslim (1/419) nan nimewo (598).

menm."¹

«وَجَّهْتُ وَجْهِيَ لِلَّذِي فَطَرَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ حَنِيفًا وَمَا أَنَا مِنَ الْمُشْرِكِينَ، إِنَّ صَلَاتِي، وَنُسُكِي، وَمَحْيَايَ، وَمَمَاتِي لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، لَا شَرِيكَ لَهُ وَبِذَلِكَ أُمِرْتُ وَأَنَا مِنَ الْمُسْلِمِينَ، اللَّهُمَّ أَنْتَ الْمَلِكُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ، أَنْتَ رَبِّي وَأَنَا عَبْدُكَ، ظَلَمْتُ نَفْسِي وَاعْتَرَفْتُ بِذُنُوبِي فَاعْفُرْ لِي ذُنُوبِي جَمِيعًا إِنَّهُ لَا يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلَّا أَنْتَ، وَاهْدِنِي لِأَحْسَنِ الْأَخْلَاقِ لَا يَهْدِي لِأَحْسَنِهَا إِلَّا أَنْتَ، وَاصْرِفْ عَنِّي سَيِّئَهَا، لَا يَصْرِفُ عَنِّي سَيِّئَهَا إِلَّا أَنْتَ، لَبَّيْكَ وَسَعْدَيْكَ، وَالْخَيْرُ كُلُّهُ بِيَدِكَ، وَالشَّرُّ لَيْسَ إِلَيْكَ، أَنَا بِكَ وَإِلَيْكَ، تَبَارَكْتَ وَتَعَالَيْتَ، أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ».

« Mwen vire figim kòm yon kwayan fidèl (sensè) vè Sila a ki te kreye syèl yo ak latè a, epi mwen pa nan moun kap asosye lòt bagay ak Allah yo. Anverite, lapriyè mwen, sakrifis mwen, lavi mwen, ak lanmò mwen, se pou Allah sèl yo ye, Mèt tout linivè a. Li pa gen okenn asosye, se sa yo te kòmandem poum fè, epi mwen se youn nan moun ki soumèt yo (mizilman). O Allah ! Se Ou menm ki Wa a, pa gen lòt dye apa Ou menm. Ou se Senyè mwen, epi mwen se sèvitè Ou. Mwen te fè pwòp tèt mwen enjistis, mwen rekonèt pechem yo; padone tout pechem yo nèt, paske pèsonn pa ka padone peche si se pa Ou menm. Gidem nan pi bon konpòtman yo, pa gen pèsonn ki ka gide nan sa ki pi

¹ Mouslim nimewo (399), ak otè 4 Sounan yo: Abou Dawoud nimewo (775), at-Tirmidhi nimewo (243), Ibn Majah nimewo (806), ak an-Nasa'i nimewo (899), epi gade: Sahih at-Tirmidhi (1/77), ak Sahih Ibn Majah (1/135).

bon an si se pa Ou menm, epi retire move konpòtman yo sou mwen, pa gen pèsonn ki ka retire move konpòtman yo sou mwen si se pa Ou menm. Men mwen la a sou lòd Ou, toujou pare poum sèvi Ou; tout sa ki bon nan men Ou, epi sa ki mal pa ka atribiye vè Ou. Mwen egziste gras avèk Ou epi se vè Ou menm map retounen. Ou beni epi Ou elve pi wo pase tout bagay. Mwen mande Ou padon, epi mwen repanti tounen vin jwenn Ou. »¹

«اللَّهُمَّ رَبَّ جِبْرَائِيلَ، وَمِيكَائِيلَ، وَإِسْرَافِيلَ، فَاطِرَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ، عَالِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ أَنْتَ تَحْكُمُ بَيْنَ عِبَادِكَ فِيمَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ، اهْدِنِي لِمَا اخْتُلِفَ فِيهِ مِنَ الْحَقِّ بِإِذْنِكَ إِنَّكَ تَهْدِي مَنْ تَشَاءُ إِلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ».

« O Allah ! Mèt Jabriyèl (Jibril), Mikayèl (Mika'il), ak Israfil; Kreyatè syèl yo ak latè a; Sila a ki konnen sa ki kache ak sa ki parèt aklè; Se Ou menm kap jije ant sèvitè Ou yo nan sa yo te konn pa dakò sou li a. Gidem, avèk pèmasyon Ou, vè laverite nan sa yo pat antann yo sou li a; anverite, Ou gide moun Ou vle sou chemen ki dwat la. »²

«اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا، وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا»

« Allah se Pi Gran an avèk yon vrè grandè, Allah se Pi Gran an avèk yon vrè grandè, Allah se Pi Gran

¹ Rapòte pa Mouslim (1/534), anba nimewo (771).

² Rapòte pa Mouslim (1/534), anba nimewo (770).

an avèk yon vrè grandè; anpil lwanj pou Allah , anpil lwanj pou Allah, anpil lwanj pou Allah epi glwa pou Allah maten ak swa. »

3 fwa

«أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ: مِنْ نَفْخِهِ، وَنَفْثِهِ، وَهَمَزِهِ».

« Mwen chèche pwoteksyon bò kote Allah kont Satan : kont lògèy li (gonfleman li), kont sòsèlri maji li (move souf li), ak kont foli li (move panse li). »¹

«اللَّهُمَّ لَكَ الْحَمْدُ، أَنْتَ نُورُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَنْ فِيهِنَّ، وَلَكَ الْحَمْدُ أَنْتَ قَيِّمُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَنْ فِيهِنَّ، [وَلَكَ الْحَمْدُ أَنْتَ رَبُّ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَنْ فِيهِنَّ] [وَلَكَ الْحَمْدُ أَنْتَ مَلِكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ] [وَلَكَ الْحَمْدُ] [أَنْتَ الْحَقُّ، وَوَعْدُكَ الْحَقُّ، وَقَوْلُكَ الْحَقُّ، وَلِقَاؤُكَ الْحَقُّ، وَالْحِجَّةُ حَقٌّ، وَالتَّائِبُونَ حَقٌّ، وَالتَّيْبُونُ حَقٌّ، وَمُحَمَّدٌ ﷺ حَقٌّ، وَالسَّاعَةُ حَقٌّ] [اللَّهُمَّ لَكَ أَسْلَمْتُ، وَعَلَيْكَ تَوَكَّلْتُ، وَبِكَ آمَنْتُ، وَإِلَيْكَ أُنَبِّئُ، وَبِكَ خَاصَمْتُ، وَإِلَيْكَ حَاكَمْتُ. فَاغْفِرْ لِي مَا قَدَّمْتُ، وَمَا أَخَّرْتُ، وَمَا أَسْرَرْتُ، وَمَا أَعْلَنْتُ] [وَمَا أَنْتَ أَعْلَمُ بِهِ مِنِّي] [أَنْتَ الْمُقَدِّمُ، وَأَنْتَ الْمُؤَخِّرُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ] [أَنْتَ إِلَهِي لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ] [وَلَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ].

¹ Abu Dawud rapòtel (1/203) sou nimewo (764), Ibn Majah (1/265) sou nimewo (807), ak Ahmad (4/85) sou nimewo (16739). Shu'ayb Al-Arna'ut te di nan verifikasyon li fè pou Musnad la: "Li Hasan lighayrihi (li bon grasa lòt rapò)". Abdul Qadir Al-Arna'ut te di nan klasman (Takhrij) li fè pou liv Al-Kalim At-Tayyib Ibn Taymiyyah a sou nimewo (78): "Li se yon adis Sahih (otantik) grasa lòt prèv ki soutni l yo". Al-Albani mansyone l nan Sahih Al-Kalim At-Tayyib sou nimewo (62). Muslim rapòte yon vèsyon nan menm sans lan dapre Ibn Umar, se pou Allah agreye yo toule de, epi li gen yon istwa ladan l (1/420) sou nimewo (601).

«O Allah, tout lwanj se pou Ou¹, Ou se Limyè syèl yo ak tè a ansanm ak tout sa ki ladan yo, epi tout lwanj se pou Ou, Ou se Sila a kap soutni syèl yo ak tè a ansanm ak tout sa ki ladan yo, [epi tout lwanj se pou Ou, Ou se Seyè syèl yo ak tè a ansanm ak tout sa ki ladan yo] [epi tout lwanj se pou Ou, dominasyon syèl yo ak tè a ansanm ak tout sa ki ladan yo se pou Ou] [epi tout lwanj se pou Ou, Ou se Wa syèl yo ak tè a] [epi tout lwanj se pou Ou] [Ou se Verite a, epi pwomès Ou se verite, pawòl Ou se verite, rankontre avèk Ou se verite, Paradi a se verite, Dife a se verite, Pwofèt yo se verite, Muhammad (Ke lapè ak Benediksyon Allah kouvri) se verite, epi Lè a se verite] [O Allah, se pou Ou mwen soumèt tèt mwen, se sou Ou mwen plase konfyans mwen, se nan Ou mwen kwè, se jwenn Ou mwen retounen repanti, se gras a Ou mwen lite, epi se devan Ou mwen chèche jijman. Kidonk, padonem pou sam te fè nan pase ak sa map fè alavni, sa mwen fè an sekre ak sa mwen fè aklè] [epi sa Ou konnen pi byen pasem] [Ou se Sila a ki fè avanse a, epi Ou se Sila a ki fè retade a, pa gen okenn dye esepite ou menm sèl] [Ou se senyè mwen, pa gen okenn dye apa Ou] [epi pa gen okenn

¹ Pwofèt la (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri) te konn di sa lèl te leve nan mitan lannwit poul fè lapriye (Tahajjud).

fòs ni okenn pouvwa eksepte nan Allah]»¹.

17. Lapriyè (Envokasyon) nan pozisyon koube a (Rukū')

«سُبْحَانَ رَبِّيَ الْعَظِيمِ».

« Glwa pou Mèt mwen, Sila a ki Pi Gran an (ki gen tout grandè a). »

3 fwa².

«سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ رَبَّنَا وَبِحَمْدِكَ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي».

« Glwa pou Ou, O Allah, Mèt nou, ansanm ak tout louwanj pou Ou. O Allah ! Padone m. »³

«سُبُّوحٌ، قُدُّوسٌ، رَبُّ الْمَلَائِكَةِ وَالرُّوحِ».

« Li pafè, Li sen, Senyè tout zanj yo ak Lespri a. »⁴

«اللَّهُمَّ لَكَ رَكَعْتُ، وَبِكَ آمَنْتُ، وَلَكَ أَسْلَمْتُ، خَشَعَ لَكَ سَمْعِي، وَبَصَرِي، وَمَخِّي، وَعَظْمِي، وَعَصِي، [وَمَا اسْتَقَلَّتْ بِهِ قَدَمِي].»

« O Allah ! Se devan ou mwen bese, se nan ou mwen kwè, se ba ou menm mwen soumèt. Zòrèy mwen, zye mwen, sèvo mwen, zo mwen, venn (nèf)

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (3/3) ak (11/116) ak (13/371) nimewo (423) ak (465) ak (1120) ak (6317) ak (7385) ak (7442) ak (7499), epi Muslim an rezime nan menm sans lan (1/532) nimewo (769).

² Rapòte pa otè Sounan yo, ak Ahmed: Abou Dawoud, anba nimewo: (870), At-Tirmidhi, anba nimewo: (262), An-Nasa'i, anba nimewo: (1007), Ibn Majah, anba nimewo: (897), ak Ahmed, anba nimewo: (3514), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (1/83).

³ Al-Bukhari (1/ 99) nimewo (794), ak Muslim (1/ 350) nimewo (484).

⁴ Mouslim (1/ 353) nimewo (487), ak Abou Dawoud (1/ 230) nimewo (872).

mwen, [ak tout sa pye map sipòte] soumèt avèk imilite devan ou»¹

«سُبْحَانَ ذِي الْجَبَرُوتِ، وَالْمَلَكُوتِ، وَالْكِبَرِيَاءِ، وَالْعَظَمَةِ».

« Lwanj pou Li menm ki gen tout tout-pouvwa a, tout wayòm nan (souvrennte a), tout grandè a, ak tout majeste a. »²

18. Priyè pou leve soti nan pozisyon 'Ruku' a (pozisyon kote li te bese / panche a)

«سَمِعَ اللَّهُ لِمَنْ حَمِدَهُ».

«Allah koute moun ki fè lwanj pou Li.»³

«رَبَّنَا وَلَكَ الْحَمْدُ، حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ».

«O Mèt nou, se pou ou tout lwanj ye, yon lwanj ki anpil, ki pi, e ki plen benediksyon.»⁴

«مِلْءَ السَّمَوَاتِ وَمِلْءَ الْأَرْضِ، وَمَا بَيْنَهُمَا، وَمِلْءَ مَا شِئْتَ مِنْ شَيْءٍ بَعْدُ. أَهْلَ الثَّنَاءِ وَالْمَجْدِ، أَحَقُّ مَا قَالَ الْعَبْدُ، وَكُلُّنَا لَكَ عَبْدٌ، اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ، وَلَا مُعْطِي لِمَا مَنَعْتَ، وَلَا يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ».

[Lwanj] ki plen syèl yo, ki plen latè a, ki plen sa

¹ Mouslim (1/ 534) anba nimewo (771), ak 4 yo eksepte Ibn Majah: Abou Dawoud anba nimewo (760) ak (761), ak At-Tirmidhi anba nimewo (3421), ak An-Nasa'i anba nimewo (1049), e sa ki ant kwochè yo se tèks Ibn Khouzaymah, anba nimewo (607), ak Ibn Hibban, anba nimewo (1901).

² Abou Dawoud (1/230), nimewo (873), ak An-Nasa'i, nimewo (1131), ak Ahmad, nimewo (23980), epi chèn transmisyon li bon.

³ Al-Bukhari avèk Al-Fath (2/282) nimewo (796).

⁴ Al-Bukhari avèk Al-Fath (2/284) nimewo (796).

ki nan mitan yo 2 a, e ki plen tout lòt bagay ou vle ankò. Ou menm ki merite tout lwanj ak glwa! Se pawòl ki pi veridik yon sèvitè ka di, epi nou tout se sèvitèw. O Allah Pèsonn pa ka anpeche sa ou bay, pèsonn pa ka bay sa ou refize, epi richès oswa pouvwa yon moun rich pa ka sèvi li anyen devan ou (se sèlman sa ou ba li ki ka sovel).¹

19. Priyè pou lè wap mete tèt atè (pwostènasyon).

«سُبْحَانَ رَبِّيَ الْأَعْلَى».

«Lwanj pou Mèt mwen, Sila a ki pi Wo a.»

3 fwa².

«سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ رَبَّنَا وَبِحَمْدِكَ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي».

Lwanj pou ou, O Allah Mèt nou, epi avèk lwanj ou. O Allah padonnen mwen.³

«سُبُّوحٌ، قُدُّوسٌ، رَبُّ الْمَلَائِكَةِ وَالرُّوحِ».

«Sila a ki pi sen, san okenn defo, Mèt tout zanj yo ak Lespri a»⁴

¹ Muslim (1/ 346) nimewo (477).

² Rapòte pa Ahl As-Sounan, ak Ahmad: Abou Dawoud, anba nimewo (870), At-Tirmidhi, anba nimewo (262), An-Nasa'i, anba nimewo (1007), Ibn Majah, anba nimewo (897), ak Ahmad, anba nimewo (3514), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (1/83).

³ Al-Bukhari anba nimewo (794), ak Muslim anba nimewo (484), epi li te site deja anba nimewo (34).

⁴ Muslim (1/533) nimewo (487), ak Abu Dawud nimewo (872), epi li te site deja nan nimewo (35).

«اللَّهُمَّ لَكَ سَجَدْتُ وَبِكَ آمَنْتُ، وَلَكَ أَسْلَمْتُ، سَجَدَ وَجْهِي لِلَّذِي خَلَقَهُ،
وَصَوَّرَهُ، وَشَقَّ سَمْعَهُ وَبَصَرَهُ، تَبَارَكَ اللَّهُ أَحْسَنُ الْخَالِقِينَ».

O Allah ! Se devan ou mwen mete tèt atè (pwostènè), se nan ou mwen kwè, epi se ba ou mwen soumèt. Figim pwostènè devan Sila a ki kreyel la, ki ba li fòm, ki louvri zòrèy li ak zyel. Beni swa Allah, Pi Bon nan tout kreyatè yo.¹

«سُبْحَانَ ذِي الْجَبُرُوتِ، وَالْمَلَكُوتِ، وَالْكِبْرِيَاءِ، وَالْعَظَمَةِ».

Lwanj pou Li menm ki gen tout pouvwa a, tout wayòm nan, tout grandè a, ak tout majeste a.²

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي ذَنْبِي كُلَّهُ: دِقَّةَ وَجَلِّهِ، وَأَوَّلَهُ وَآخِرَهُ، وَعَلَانِيَتَهُ وَسِرَّهُ».

O Allah ! Padonnen tout pechem yo nèt: sa ki piti ak sa ki gwo, sa ki te fèt anvan ak sa ki fèt aprè, sa ki fèt an piblik ak sa ki fèt an sekrè.³

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِرِضَاكَ مِنْ سَخِطِكَ، وَبِمُعَافَاتِكَ مِنْ عُقُوبَتِكَ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْكَ، لَا أَحْصِي ثَنَاءً عَلَيْكَ، أَنْتَ كَمَا أَثْنَيْتَ عَلَى نَفْسِكَ».

O Allah ! Mwen chèche pwoteksyon nan satisfaksyon ou kont kolèw, nan padon ou (gras ou) kont pinisyon ou, epi mwen chèche pwoteksyon nan ou menm kont ou menm (kont kolè w). Mwen

¹ Muslim (1/534) nimewo (771), ak lòt ankò.

² Abou Dawoud (1/230) anba nimewo (873), ak An-Nasa'i anba nimewo (1131), ak Ahmad anba nimewo (23980), epi Al-Albani te otantifye li nan Sahih Abou Dawoud (1/166), epi referans li te deja pase anba nimewo (37).

³ Muslim (1/ 230) nimewo (483).

pa ka konte tout lwanj ou merite; ou se egzakteman jan ou fè lwanj pou pwòp tèt ou a.¹

20. Lapriyè (envokasyon) lèw chita ant 2 Soudjoud (pwostènasyon) yo.

«رَبِّ اغْفِرْ لِي، رَبِّ اغْفِرْ لِي.»

Senyè mwen, padonm; Senyè mwen, padonm.²

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي، وَارْحَمْنِي، وَاهْدِنِي، وَاجْبُرْنِي، وَعَافِنِي، وَارْزُقْنِي، وَارْفَعْنِي.»

«O Allah! Padonem, gen mizèrikòd pou mwen, gidem, ranplase sa mwen pèdi yo/ranfòsem, ban mwen lasante, ban mwen mwayen pou mwen viv, epi elvem.»³

21. Lapriyè (envokasyon) pou pwostènasyon lekti a (lè wap li Koran an).

«سَجَدَ وَجْهِي لِلَّذِي خَلَقَهُ، وَشَقَّ سَمْعَهُ وَبَصَرَهُ بِحَوْلِهِ وَقُوَّتِهِ، فَتَبَارَكَ اللَّهُ أَحْسَنُ

الْخَالِقِينَ»

Figi mwen pwostène devan Sila a ki te kreyel la, ki te louvri zòrèy ak zyel gras avèk pwisans li ak fòs

¹ Muslim (1/352) nimewo (486).

² Abu Dawud (1/231) nimewo (874), ak Ibn Majah nimewo (897), epi gade: Sahih Ibn Majah (1/148).

³ Rapòte pa otè Sounan yo eksepte An-Nasa'i: Abou Dawoud (1/231) anba nimewo (850), At-Tirmidhi anba nimewo (284) ak (285), ak Ibn Majah anba nimewo (898), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (1/90), ak Sahih Ibn Majah (1/148).

li; benediksyon pou Allah, pi bon nan kreyatè yo.

[Al-Mu'minun: 14]¹.

«اللَّهُمَّ اكْتُبْ لِي بِهَا عِنْدَكَ أَجْرًا، وَصَعْ عَنِّي بِهَا وَزْرًا، وَاجْعَلْهَا لِي عِنْدَكَ ذُخْرًا، وَتَقَبَّلْهَا مِنِّي كَمَا تَقَبَّلْتَهَا مِنْ عَبْدِكَ دَاوُدَ».

O Allah, ekri yon rekonpans pou mwen bò kotew Gras avèk li (pwostènasyon sa a), retire yon fado (peche) sou mwen grasa li, konsèvel kòm yon trezò pou mwen bò kotew, epi akseptel menm jan ou te akseptel nan men sèvitèw David.²

22. 'Tachahoud' la.

«الْحَيَّاتُ لِلَّهِ، وَالصَّلَوَاتُ، وَالطَّيِّبَاتُ، السَّلَامُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ، السَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللَّهِ الصَّالِحِينَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ».

« Tout salitasyon, tout lapriyè ak tout bon bagay se pou Allah sèlman. Se pou lapè, mizèrikòd Allah ak benediksyon li yo sou ou, o Pwofèt. Se pou lapè sou nou epi sou tout bon sèvitè Allah yo. Mwen temwanyen pa gen lòt dye Sèlman Allah sèl la, epi mwen temwanyen Mouhamad se sèvitèl ak mesajen

¹ At-Tirmidhi (2/474) ak nimewo (3425), ak Ahmad (6/30) ak nimewo (24022), ak Al-Hakim, ki te otantifyel epi Adh-Dhahabi te dakò avèk (1/220), epi pati anplis la se pou li.

² At-Tirmidhi (2/473) sou nimewo (579), ak Al-Hakim ki deklare li otantik epi Ad-Dhahabi dakò avèk li (1/219).

li. »¹

23. Lapriyè sou Pwofèt la (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li) aprè Tachahoud la

«اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ، وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، اللَّهُمَّ بَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ».

« O Allah, vide gras ak benediksyon ou sou Mouhamad epi sou fanmi Mouhamad, menm jan ou te vide gras sou Abraram ak sou fanmi Abraram. Vrèmanvre, ou merite louwanj epi ou plen laglwa. O Allah voye benediksyon ou sou Mouhamad epi sou fanmi Mouhamad, menm jan ou te beni Abraram ak fanmi Abraram. Vrèmanvre, ou merite louwanj epi ou plen laglwa. »²

«اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَزْوَاجِهِ وَذُرِّيَّتِهِ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَزْوَاجِهِ وَذُرِّيَّتِهِ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى آلِ إِبْرAHِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ».

O Allah, vide benediksyon ak lapè sou Muhammad, sou madanm li yo ak sou tout desandan li yo, menm jan ou te beni fanmi Abraram nan. Epi vide benediksyon sou Muhammad, sou madanm li yo ak sou tout desandan li yo, menm jan ou te beni fanmi Abraram nan. Se toutbon vre ou

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (2/311) nimewo (831), ak Muslim (1/301) nimewo (402).

² Al-Bukhari avèk Al-Fath (6/ 408) nimewo (3370), ak Muslim nimewo (406).

merite louwanj epi ou plen ak glwa.¹

24. Siplikasyon aprè dènye Tachahoud la anvan Salam nan.

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، وَمِنْ عَذَابِ جَهَنَّمَ، وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ، وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَالِ».

O Allah, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont chatiman tonb lan, kont chatiman lanfè a, kont eprèv lavi a ak lanmò a, epi kont malveyans eprèv fo Mesi a (Anti-Kris la / Dadjal).²

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَالِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْمَأْثَمِ وَالْمَغْرَمِ».

O Allah, mwen chèche pwoteksyon bò kote ou kont chatiman tonb lan, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont eprèv fo Mesi a (Anti-Kris la), mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont eprèv lavi a ak lanmò a. O Allah, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont peche ak dèt ki twò lou pou peye."³

«اللَّهُمَّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي ظُلْمًا كَثِيرًا، وَلَا يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلَّا أَنْتَ، فَاعْفُ عَنِّي مَغْفِرَةً مِنْ عِنْدِكَ وَارْحَمْنِي، إِنَّكَ أَنْتَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ».

O Allah, mwen te fè tèt mwen anpil enjistis (ak

¹ Al-Boukhari avèk Al-Fath (6/407) anba nimewo (3369), ak Mouslim (1/306) anba nimewo (407), ak vèsyon an se pa li.

² Al-Boukhari (2/102) nimewo (1377), ak Mouslim (1/412) nimewo (588), epi tèks la se pa Mouslim lan.

³ Al-Bukhari (1/202) nimewo (832), ak Muslim (1/412) nimewo (587).

anpil peche), e pèsonn pa ka padone peche apa ou menm. Tanpri, banm yon padon ki soti dirèkteman nan ou epi fèm mizèrikòd. Se toutbon vre, se ou menm sèl ki Toujou Pare Pou Padone epi ki Gen Plen Mizèrikòd."¹

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي مَا قَدَّمْتُ، وَمَا أَخَّرْتُ، وَمَا أَسْرَرْتُ، وَمَا أَعْلَنْتُ، وَمَا أَسْرَفْتُ، وَمَا أَنْتَ أَعْلَمُ بِهِ مِنِّي، أَنْتَ الْمُقَدِّمُ، وَأَنْتَ الْمُؤَخِّرُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ».

"O Allah ! padonem pou sam te fè deja ak sa gen poum fè pi devan, sam te fè an sekre ak sam te fè an piblik, tout kotem te depase limit, ak tout sa ou konnen sou mwen pi byen pase mwen menm. Se ou menm ki mete moun pi devan, epi se ou menm ki mete moun dèyè. Pa gen lòt dye vre apa ou menm."²

«اللَّهُمَّ أَعِنِّي عَلَى ذِكْرِكَ، وَشُكْرِكَ، وَحُسْنِ عِبَادَتِكَ».

O Bondye (Allah), ede m sonje w (epi repete non w), di w mèsì (pou tout favè w), epi adore w nan pi bon fason posib."³

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْبُخْلِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ الْجُبْنِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ أَنْ أُرَدَّ إِلَى أَرْذَلِ الْعُمَرِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الدُّنْيَا وَعَذَابِ الْقَبْرِ».

O Allah, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont kras (moun ki vle tout bgay pou li, ki jalou pou

¹ Al-Bukhari (8/168) nimewo (834), ak Muslim (4/2078) nimewo (2705).

² Muslim (1/534) nimewo (771).

³ Abu Dawud (2/86) nimewo (1522), ak An-Nasa'i (3/53) nimewo (2302), epi Al-Albani otantifye li nan Sahih Abu Dawud (1/284).

sa moun posede), mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont kapon (lachte), mwen chèche pwoteksyon bò kotew poum pa tonbe nan vyeyès ki degrade lespri ak kòm, epi mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont tantasyon lavi sou tè a ansanm ak chatiman tonbo an.¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْجَنَّةَ وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ النَّارِ».

O Allah, mwen mandew paradi a, epi mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont dife lanfè a.²

«اللَّهُمَّ بِعِلْمِكَ الْغَيْبِ وَقُدْرَتِكَ عَلَى الْخَلْقِ أَحْيِنِي مَا عَلِمْتَ الْحَيَاةَ خَيْرًا لِي، وَتَوَفَّنِي إِذَا عَلِمْتَ الْوَفَاةَ خَيْرًا لِي، اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَشْيَتَكَ فِي الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ، وَأَسْأَلُكَ كَلِمَةَ الْحَقِّ فِي الرِّضَا وَالْغَضَبِ، وَأَسْأَلُكَ الْقَصْدَ فِي الْغِنَى وَالْفَقْرِ، وَأَسْأَلُكَ نَعِيمًا لَا يَنْقُذُ، وَأَسْأَلُكَ قُرَّةَ عَيْنٍ لَا تَنْقُطُ، وَأَسْأَلُكَ الرِّضَا بَعْدَ الْقَضَاءِ، وَأَسْأَلُكَ بَرْدَ الْعَيْشِ بَعْدَ الْمَوْتِ، وَأَسْأَلُكَ لَذَّةَ النَّظَرِ إِلَى وَجْهِكَ، وَالشَّوْقَ إِلَى لِقَائِكَ فِي غَيْرِ صَرَاءٍ مُضِرَّةٍ، وَلَا فِتْنَةٍ مُضِلَّةٍ، اللَّهُمَّ زَيِّنَا بِزِينَةِ الْإِيمَانِ، وَاجْعَلْنَا هُدَاةً مُهْتَدِينَ».

O Allah, gras ak konesans ou genyen sou sa ki kache ak pouvwa ou genyen sou kreyasyon an, kitem viv toutotan ou konnen lavi a se yon bon bagay pou mwen, epi pran nanm mwen si ou konnen lanmò a pi bon pou mwen. O Allah, mwen mandew poum gen lakrentif pou ou kit se an sekrè kit se devan tout moun. Mwen mandew poum

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (6/35) nimewo (2822) ak (6390).

² Abu Dawud nimewo (792), ak Ibn Majah nimewo (910), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/328).

toujou di laverite, kit mwen kontan kit mwen an kòlè. Mwen mandew moderasyon (ekilib), kit mwen rich kit mwen pòv. Mwen mandew yon lajwa ak byenèt ki pap janm fini, ak yon satisfaksyon pou kèman ki pap janm koupe. Mwen mandew poum aksepte volonte ou ak kè poze aprè ou fin pase lòd ou. Mwen mandew yon dousè lavi aprè lanmò. Mwen mande ou plezi poum kontanple vizaj ou, ak anvi poum rankontew san mwen pa pase anba yon malè ki krazem, ni anba yon tantasyon ki pèdim. O Allah, dekore nou ak bote lafwa a, epi fè nou tounen gid ki byen gide."¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ يَا اللَّهُ بِأَنَّكَ الْوَاحِدُ الْأَحَدُ الصَّمَدُ الَّذِي لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ، وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ، أَنْ تَغْفِرَ لِي ذُنُوبِي إِنَّكَ أَنْتَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ».

"O Allah, mwen sipliyew, o Allah, paske se ou menm ki Sila a Ki Sèl la (Al-Wahid), Sila a Ki Inik la (Al-Ahad), Moun tout kreyasyon an bezwen epi ki pa bezwen pèsoun lan (As-Samad), Sila a ki pat fè pitit epi yo pat fèl la, epi ki pa gen okenn egal ditou; mwen mandew pouw padone pechem yo. Se toutbon vre, se ou menm sèl ki Toujou Pare Pou Padone epi ki Gen Plen Mizèrikòd."²

¹ An-Nasa'i (3/54) (55), anba nimewo (1304), ak Ahmad (4/364), anba nimewo (21666), epi Al-Albani deklare li otantik nan Sahih An-Nasa'i (1/281).

² Rapòte pa An-Nasa'i, (3/ 52) nimewo (1300) ak tèks pa li a, ak Ahmad (4/338) nimewo (18974), e Al-Albani deklare li otantik nan Sahih An-Nasa'i (1/280).

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ بِأَنَّ لَكَ الْحَمْدَ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ وَحْدَكَ لَا شَرِيكَ لَكَ، الْمَنَّانُ، يَا بَدِيعَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ يَا ذَا الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ، يَا حَيُّ يَا قَيُّوْمُ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْجَنَّةَ وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ النَّارِ».

O Allah, mwen sipliyew paske se pou ou menm tout louwanj ye, pa gen lòt dye Sèlman ou menm, ou sèl san asosye, ou menm ki Plen Jenewozite (Al-Mannan). O Kreyatè syèl la ak tè a san modèl ki te egziste anvan, o Sila a ki Gen Tout Majeste ak Tout Jenewozite a, o Sila a Ki Toujou Vivan an, Sila a Ki Soutni tout bagay la! Mwen mandew paradi a, epi mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont dife lanfè a.¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ بِأَنِّي أَشْهَدُ أَنَّكَ أَنْتَ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ الْأَحَدُ الصَّمَدُ الَّذِي لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ».

"O Allah ! mwen sipliyew paske mwen temwanyen se ou menm ki Allah, pa gen lòt dye vre apa ou menm, Sila a Ki Inik la (Al-Ahad), Moun tout kreyasyon an bezwen epi ki pa bezwen pèsoun lan (As-Samad), Sila a ki pat fè pitit epi yo pat fèl la, epi ki pa gen okenn egal ditou."²

¹ Rapòte pa otè Sunan yo: Abu Dawud nan nimewo (1495), ak At-Tirmidhi nan nimewo (3544), ak Ibn Majah nan nimewo (3858), ak An-Nasa'i nan nimewo (1299), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/329).

² Abou Dawoud (2/62) nimewo (1493), ak At-Tirmidhi (5/515) nimewo (3475), ak Ibn Majah (2/1267) nimewo (3857), ak An-Nasa'i nimewo (1300) ak menm mo yo, ak Ahmad nimewo (18974), epi Al-Albani te

25. Envokasyon (lapriye) aprè salitasyon final lapriye a.

«أَسْتَغْفِرُ اللَّهَ»

«Mwen mande Allah padon»

(3 fwa)

اللَّهُمَّ أَنْتَ السَّلَامُ، وَمِنْكَ السَّلَامُ، تَبَارَكْتَ يَا ذَا الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ».

"O Allah, se ou menm ki Lapè a (As-Salam), epi se nan ou menm lapè soti. Ou beni nèt ale, o Sila a ki Gen Tout Majeste ak Tout Jenewozite a."¹

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ»

"Pa gen lòt dye vre Sèlman Allah, li sèl san okenn asosye. Se pou li tout wayòm nan ye, se pou li tout louwanj ye, epi li gen tout pouvwa sou tout bagay."

[3 fwa],

اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ، وَلَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ، وَلَا يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجُدُّ».

"O Allah! pèsonn pa ka anpeche sa ou bay, pèsonn pa ka bay sa ou refize, epi richès ak pozisyon yon moun ki gen pouvwa pap sèvi li anyen devan ou."²

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ»

deklare l otantik nan Sahih An-Nasa'i (1/280), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/329), ak Sahih At-Tirmidhi (3/163).

¹ Muslim (1/414) nimewo (591).

² Al-Bukhari (1/255) nimewo (844), ak Muslim (1/414) nimewo (593), epi sa ki ant kwochè yo se yon adisyon ki soti nan Al-Bukhari nimewo (6473).

لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ، وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ لَهُ التَّعَمُّهُ وَلَهُ الْفَضْلُ وَلَهُ
الْثَنَاءُ الْحَسَنُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ».

"Pa gen lòt dye vre Sèlman Allah, li sèl san okenn asosye. Se pou li tout wayòm nan ye, se pou li tout louwanj ye, epi li gen tout pouvwa sou tout bagay. Pa gen okenn mwayen ni okenn fòs si se pa gras avèk Allah. Pa gen lòt dye vre Sèlman Allah, epi nou pa adore pèsoun lòt pase li menm. Se nan li tout benediksyon soti, se pou li tout favè ye, epi se li ki merite tout bèl louwanj. Pa gen lòt dye vre Sèlman Allah; nou adore li avèk yon lafwa ki totalman sensè, menm si sa pa fè moun ki pa kwayan yo plezi."¹

«سُبْحَانَ اللَّهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، وَاللَّهُ أَكْبَرُ»

"Glwa pou Allah, lwanj pou Allah, epi Allah se pi gran an."

(33) fwa

لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ».

"Pa gen lòt dye vre apa Allah, li sèl san okenn asosye. Se pou li tout wayòm nan ye, se pou li tout louwanj ye, epi li gen tout pouvwa sou tout bagay."²

﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ﴿١﴾ اللَّهُ الصَّمَدُ ﴿٢﴾ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ﴿٣﴾ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا

¹ Muslim (1/415) nimewo (594).

² Muslim (1/418) nimewo (597), epi ladan li di: «Moun ki di sa aprè chak lapriye, pechel yo ap padonnen, menm si yo ta tankou kim lanmè a.»

- 1-Di: Li se Allah, Sila a ki Inik la (sèl san parèy)
 - 2- Allah, Mèt Siprèm tout kreyasyon an bezwen epi ki pa bezwen pèsonn lan.
 - 3- Li pa fè pitit, epi pèsonn pat fèl (li pat fèt).
 - 4- Epi pa gen pèsonn ki sanble ni egal avèl.
- [Al-Iklas: 1-4].

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ﴾ ١ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ٢ وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ٣ وَمِنْ شَرِّ النَّفَّاثَاتِ فِي الْعُقَدِ ٤ وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ٥ ﴿

- 1- Di: Mwen chèche pwoteksyon bò kote Mèt douvanjou a (Solèy leve a).
 - 2-Kont mal sa Li te kreye.
 - 3- Epi kont mal fènwa lannwit lan lèl gaye nèt.
 - 4-Epi kont mal moun kap soufle sou ne (pou fè maji ak lougarou).
 - 5-Epi kont mal moun kap fè jalouzi (move zye) lè li manifeste jalouzil.
- "[Al-Falaq: 1-5]."

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ﴾ ١ مَلِكِ النَّاسِ ٢ إِلَهِ النَّاسِ ٣ مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ الْخَنَّاسِ ٤ الَّذِي يُوَسْوِسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ ٥ مِنَ الْخِطَّةِ وَالنَّاسِ ٦ ﴿

- 1- Di: Mwen chèche pwoteksyon bò kote Mèt lèzòm (tout limanite).
- 2- Wa lèzòm (Souveren tout limanite).
- 3- Vrè Dye lèzòm (Sila a tout limanite dwe adore a).

4-Kont mal moun ki konn soufle move lide nan kè a epi ki kouri kache (lè yo mansyone Allah).

5- Sila a ki soufle move panse nan kè (ak lespri) lèzòm.

6-Kit se pami djinn yo (move espri yo), kit se pami lèzòm.

[An-Nas:1-6].

Après chak lapriyè¹.

﴿اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَّةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ﴾

"Allah! Pa gen lòt dye Sèlman li menm, Sila a Ki Toujou Vivan an, Sila a Ki Soutni tout bagay la. Dòmi pa janm pran li, ni li pa menm kabicha. Se pou li tout sa ki nan syèl la ak tout sa ki sou tè a ye. Kilès ki ka plede devan li san pèmisyon li? Li konnen sa ki devan yo (lavni yo) ak sa ki dèyè yo (pase yo). Yo pa ka konprann anyen nan konesans li si se pa sa li vle fè yo konnen. Fotèy lib(Chèz/Syèj li) kouvri tout syèl la ak tè a, epi prezève yo tou 2 pa janm fatigue li. Epi se li menm ki Pi Wo a, Pi Gran an."

¹ Abu Dawud (2/86) nimewo (1523), ak Al-Tirmidhi nimewo (2903), ak Al-Nasa'i (3/68) nimewo (1335), epi gade: Sahih Al-Tirmidhi (2/8). Epi 3 sourat sa yo, yo rele yo: Al-Mu'awwidhat. Gade: Fath Al-Bari (9/62).

[Al-Baqarah:255] Aprè chak lapriyè¹.

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ»

Pa gen lòt dye vre sof Allah, li sèl san okenn asosye. Se pou li tout wayòm nan ye, se pou li tout louwanj ye. Li bay lavi epi li bay lanmò, epi li gen tout pouvwa sou tout bagay.

10 fwa aprè lapriyè Maghrib ak Subh².

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِلْمًا نَافِعًا، وَرِزْقًا طَيِّبًا، وَعَمَلًا مُتَقَبَّلًا»

O Allah ! mwen mande Ou yon konesans ki itil, yon pwovizyon ki bon epi ki pwòp , ak aksyon Ou aksepte.

بَعْدَ السَّلَامِ مِنْ صَلَاةِ الْفَجْرِ.

Aprè salam nan lapriyè Fajr la³.

26. Envokasyon (Lapriyè) Salât al-Istikhârah

Djâbir pitit gason Abdallah (se pou Allah kontan

¹ «Nenpòt moun ki resite li aprè chak priyè, pa gen anyen kap anpeche li antre nan Paradi a eksepte lanmò.» An-Nasa'i nan 'Amal Al-Yawm wal-Laylah nimewo (100), ak Ibn As-Sunni nimewo (121), epi Al-Albani otantifye li nan Sahih Al-Jami' (5/339), ak nan Silsilat Al-Ahadith As-Sahihah (2/697), nimewo (972).

² Rapòte pa at-Tirmidhi (5/515), nimewo (3474), ak Ahmad (4/227), nimewo (17990), epi gade referans li nan Zad al-Ma'ad (1/300).

³ Ibn Majah anba nimewo (925), ak An-Nasa'i nan 'Amal Al-Yawm wal-Laylah anba nimewo (102), epi gade: Sahih Ibn Majah (1/152), ak Majma' Az-Zawa'id (10/111), epi lap vini anba nimewo (95).

ak yo tou 2) te di: Mesaje Allah a (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri) te konn aprann nou chèche gidans Allah (Istikhârah) nan tout zafè nou nèt, menm jan li te konn aprann nou yon sourat nan liv Koran an; li te konn di:

«إِذَا هَمَّ أَحَدُكُمْ بِالْأَمْرِ فَلْيَرْكَعْ رَكَعَتَيْنِ مِنْ غَيْرِ الْفَرِيضَةِ، ثُمَّ لِيَقُلْ:

Lè youn nan nou gen entansyon pran yon desizyon oswa fè yon zafè, se poul fè 2 inite lapriyè (rakat) ki pa nan lapriyè obligatwa yo, epi aprè sa se poul di:

اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْتَخِيرُكَ بِعِلْمِكَ، وَأَسْتَقْدِرُكَ بِقُدْرَتِكَ، وَأَسْأَلُكَ مِنْ فَضْلِكَ الْعَظِيمِ؛ فَإِنَّكَ تَقْدِرُ وَلَا أَقْدِرُ، وَتَعْلَمُ وَلَا أَعْلَمُ، وَأَنْتَ عَلَّامُ الْغُيُوبِ، اللَّهُمَّ إِنْ كُنْتَ تَعْلَمُ أَنَّ هَذَا الْأَمْرَ - وَيُسَمِّي حَاجَتَهُ - خَيْرٌ لِي فِي دِينِي وَمَعَاشِي وَعَاقِبَةِ أَمْرِي - أَوْ قَالَ: عَاجِلِهِ وَآجِلِهِ - فَأَقْدِرْ لِي وَيَسِّرْ لِي ثُمَّ بَارِكْ لِي فِيهِ، وَإِنْ كُنْتَ تَعْلَمُ أَنَّ هَذَا الْأَمْرَ شَرٌّ لِي فِي دِينِي وَمَعَاشِي وَعَاقِبَةِ أَمْرِي - أَوْ قَالَ: عَاجِلِهِ وَآجِلِهِ - فَاصْرِفْهُ عَنِّي وَاصْرِفْنِي عَنْهُ وَاقْدِرْ لِي الْخَيْرَ حَيْثُ كَانَ، ثُمَّ أَرْضِنِي بِهِ».

"O Allah, map mande Ou gidem dapre konseans Ou, map mande Ou fòs dapre tout pouvwa Ou, epi map mande Ou nan gwo favè Ou a; paske Ou menm Ou gen tout pouvwa alòske mwen pa gen pouvwa, Ou menm Ou konnen tout bagay alòske mwen pa konnen anyen, epi se Ou menm ki konnen tout sa ki kache. O Allah, si Ou konnen zafè sa a ,""epi moun nan nonmen bezwen li a"" , se yon bon bagay pou mwen nan relijyon mwen, nan lavim sou tè a, ak nan

konsekans li nan lavni , oswa li di: nan prezan mwen ak nan lavni mwen , destinel pou mwen, fasilitel pou mwen, epi mete benediksyon ladan li pou mwen. Men, si Ou konnen zafè sa a se yon move bagay pou mwen nan relijyon mwen, nan lavim sou tè a, ak nan konsekans li nan lavni , oswa li di: nan prezan mwen ak nan lavni mwen — retire li lwen mwen epi retirem lwen li; destine sa ki bon pou mwen kèlkeswa kotel ye a, epi fè kè mwen akseptel ak kontantman."¹

Epi moun ki mande Kreyatè a gidans (Istikhârah), ki pran konsèy nan men kwayan parèy li yo, epi ki pran tan li poul byen reflechi anvan li ji a pap janm regrèt; paske Allah ki pi Sen epi ki pi Wo a te di:

﴿...وَشَاوِرْهُمْ فِي الْأَمْرِ فَإِذَا عَزَمْتَ فَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ...﴾

"...Epi pran konsèy nan men yo sou zafè yo; men lèw ou fini pran desizyon ou, mete tout konfyans ou nan Allah....."²

27. Evokasyon (Lapriyè rapèl) nan maten ak nan aswè.

"Tout louwanj se pou Allah poukont Li, epi se pou benediksyon ak lapè tonbe sou sila a ki pa gen

¹ Al-Boukhari (7/ 162) nimewo (1162).

² Sourat Al-Imrân: 159.

okenn lòt pwofèt aprè li a."¹

Mwen chèche pwoteksyon bò kote Allah kont satan (lespri malen an) ki rejte a.

(اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَّةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ ﴿٢٥٥﴾)

"Allah! Pa gen lòt dye sof Li menm, Sila a ki Viv tout tan an, Sila a ki soutni epi ki kenbe tout bagay ki egziste a. Dòmi pa janm pran li, ni Li pa janm kabicha Se pou Li tout sa ki nan syèl yo ak tout sa ki sou tè a ye. Kilès ki ka plede bò kotel san pèmisyon Li? Li konnen sa ki devan yo (lavni yo) ak sa ki dèyè yo (pase yo). Yo pa ka konprann anyen nan konesans Li, eksepte sa Li vle fè yo konnen. Twòn Li kouvri tout syèl yo ak latè a, epi prezève yo pa ba li okenn traka. Se Li menm ki Pi Wo a, Sila a ki Pi Gran an."

¹ Daprè Anas, ki rapòte Pawòl Pwofèt la (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri) : "Chita ansanm ak moun kap envoke Allah ki pi Wo a depi lapriyè maten an (Fajr) jiskaske solèy la leve pi renmen nan kè m pase libere 4 esklav pami desandan Ismayèl yo; epi chita ansanm ak moun kap envoke Allah depi lapriyè apremidi a (Asr) jiskaske solèy la kouche pi renmen nan kè m pase libere 4 esklav."

Abou Dawoud rapòtel anba nimewo (3667), epi Al-Albâni klasel kòm bon (hassan) nan Sahih Abi Dawood (2/698).

[Al-Baqarah:255]¹.

{قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ۝ اللَّهُ الصَّمَدُ ۝ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ۝ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ ۝}

1- Di: Li menm, Allah, Li se Yon sèl.

2-Allah, Sila a tout kreyati bezwen epi ki pa bezwen anyen an.

3- Li pa janm fè pitit, ni Li menm Li pat fèt

4- « Epi pa gen pèsoun ki sanble ak Li, ni ki egal ak Li. » [Al-Iklas: 1-4].

{قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ۝ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ۝ وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ۝ وَمِنْ شَرِّ النَّفَّاثَاتِ فِي الْعُقَدِ ۝ وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ۝}

1- Di: Mwen chèche pwoteksyon nan men Mèt douvanjou a,

2-Kont mal tout sa Li kreye,

3- Ak kont mal lannwit lè fènwa a fin gaye nèt,

4-Epi kont mal moun kap souffle sou ne (moun kap fè maji)

5: Epi kont mechanste moun ki jalou lè lap manifeste jalouzi . [Al-Falaq: 1-5].

{قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْتَّاسِ ۝ مَلِكِ الْتَّاسِ ۝ إِلَهِ الْتَّاسِ ۝ مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ

¹ "Nenpòt moun ki dil lè li leve nan maten, li pwoteje kont djin yo (movèzespri yo) jiskaskel aswè; epi nenpòt moun ki dil nan aswè, li pwoteje kont yo jiskaskel maten."

Al-Hâkim rapòtel (1/562), Al-Albâni deklarel natif natal (sahih) nan Sahih at-Tarhib wat-Tarhib (1/273), li atribiyel bay An-Nasâ'i ak At-Tabarâni tou, epil di: "Chènn transmisyon At-Tabarâni a bon (jayyid)."

الْحَتَّائِينَ ۝ الَّذِي يُؤْسِسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ ۝ مِنَ الْحِجَّةِ وَالنَّاسِ ۝ ﴿١﴾

1-Di: Mwen chèche pwoteksyon nan men Mèt limanite a,

2- Wa lèzòm.

3- Sèl Vrè Allah limanite a,

4- Kont mal tantatè trèt la, kap kache pou vin mete move lide nan tèt moun

5 -Sila a ki vin mete move panse anndan kè moun yo.

6- Kit li soti nan move lespri (djinn yo), kit li soti nan mitan lèzòm. [An-Nas:1-6] (3 fwa)¹.

«أَصْبَحْنَا وَأَصْبَحَ الْمُلْكُ لِلَّهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، رَبِّ أَسْأَلُكَ خَيْرَ مَا فِي هَذَا الْيَوْمِ وَخَيْرَ مَا بَعْدَهُ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِي هَذَا الْيَوْمِ وَشَرِّ مَا بَعْدَهُ، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكَسَلِ وَسُوءِ الْكِبَرِ، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابٍ فِي النَّارِ وَعَذَابٍ فِي الْقَبْرِ».

« Nou leve maten an epi tout kreyasyon an leve anba dominasyon Allah .Lwanj se pou Allah .Pa gen lòt dye sof Allah Sèlman, Li pa gen okenn asosye. Se pou Li tout wayòm nan ye, se pou Li tout lwanj yo ye, epi Li gen pouvwa sou tout bagay.

Mèt mwen, mwen mande Ou tout bon bagay ki nan jounen jodi a ak tout bon bagay ki gen pou vini

¹ «Nenpòt moun ki di li 3 fwa nan maten ak nan aswè, lap sifi li pou tout bagay.» Abu Dawud rapòte li (4/322) anba nimewo (5082), ak At-Tirmidhi (5/567) anba nimewo (3575), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/182).

aprèl. Mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont tout mal ki nan jounen jodi a ak tout mal ki gen pou vini aprèl.

Mèt mwen, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont parese ak move konsekans vyeyès la. Mèt mwen, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont pinisyon nan dife Lanfè a ak pinisyon anndan tonb lan. »¹

Epi lè aswè rive, li di:

«أَمْسَيْنَا وَأَمْسَى الْمُلْكُ لِلَّهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، رَبِّ أَسْأَلُكَ خَيْرَ مَا فِي هَذِهِ اللَّيْلَةِ، وَخَيْرَ مَا بَعْدَهَا، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِي هَذِهِ اللَّيْلَةِ، وَشَرِّ مَا بَعْدَهَا، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكَسَلِ وَسُوءِ الْكِبَرِ، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابٍ فِي النَّارِ وَعَذَابٍ فِي الْقَبْرِ».

« Nou rive nan aswè a epi tout kreyasyon an rive nan aswè anba dominasyon Allah. Lwanj se pou Allah. Pa gen lòt dye esepite Allah sèl, Li pa gen okenn asosye. Se pou Li tout wayòm nan ye, se pou Li tout lwanj yo ye, epi Li gen pouvwa sou tout bagay.

Mèt mwen, mwen mande Ou tout bon bagay ki nan nwit sa a ak tout bon bagay ki gen pou vini aprèl. Mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont tout mal ki nan nwit sa a ak tout mal ki gen pou vini aprèl.

¹ Muslim (4/2088) nimewo (2723).

Mèt mwen, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont parese ak move konsekans vyeyès la. Mèt mwen, mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont pinisyon nan dife Lanfè a ak pinisyon anndan tonbo nan. »¹

«اللَّهُمَّ بِكَ أَصْبَحْنَا، وَبِكَ أَمْسَيْنَا، وَبِكَ نَحْيَا، وَبِكَ نَمُوتُ وَإِلَيْكَ النُّشُورُ».

« O Allah se gras avèk Ou nou wè maten an, se gras avèk Ou nou wè aswè a, se gras avèk Ou nou vivan, se gras avèk Ou nou mouri, epi se devan ou tout moun ap leve kanpe (pou jijman an). »²

Epi lè aswè rive, li di:

«اللَّهُمَّ بِكَ أَمْسَيْنَا، وَبِكَ أَصْبَحْنَا، وَبِكَ نَحْيَا، وَبِكَ نَمُوتُ، وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ».

« O Allah, se gras avèk Ou nou wè aswè a, se gras avèk Ou nou wè maten an, se gras avèk Ou nou vivan, se gras avèk Ou nou mouri, epi se vè Ou menm desten final nou ye (se kotew nou gen pou n tounen). »³

«اللَّهُمَّ أَنْتَ رَبِّي لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ، خَلَقْتَنِي وَأَنَا عَبْدُكَ، وَأَنَا عَلَى عَهْدِكَ وَوَعْدِكَ مَا اسْتَطَعْتُ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا صَنَعْتُ، أَبُوءُ لَكَ بِنِعْمَتِكَ عَلَيَّ، وَأَبُوءُ بِذَنْبِي فَاغْفِرْ لِي فَإِنَّهُ لَا يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلَّا أَنْتَ».

O Allah ! se Ou menm ki Mèt mwen, pa gen lòt dye apa Ou menm. Se Ou ki kreyem, epi mwen se

¹ Referans ki te pase anvan an.

² At-Tirmidhi (5/466) nimewo (3391), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/142).

³ Referans presedan an.

sèvitèw . Map kenbe angajman mwen ak pwomès mwen te fèw la toutotan mwen kapab. Mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont move zak mwen te komèt yo. Mwen rekonèt¹ devan ou tout byenfè Ou fè pou mwen, pi mwen rekonèt tout pechem yo. Tanpri, padonnen mwen, paske pa gen pèsonn ki ka padonnen peche apa Ou menm.²

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَصْبَحْتُ أُشْهِدُكَ، وَأُشْهِدُ حَمَلَةَ عَرْشِكَ، وَمَلَائِكَتِكَ، وَجَمِيعَ خَلْقِكَ، أَنَّكَ أَنْتَ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ وَحْدَكَ لَا شَرِيكَ لَكَ، وَأَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُكَ وَرَسُولُكَ».

O Allah ! mwen leve maten an, mwen pran Ou kòm temwen, mwen pran zanj kap pote Twòn Ou a kòm temwen, ansanm ak tout zanj Ou yo ak tout sa Ou kreye, pou temwaye se Ou menm ki senyè toupwisan an, pa gen lòt dye apa Ou menm sèl, Ou pa gen okenn asosye, epi se mwen temwaye Muhammad se sèvitèw ak mesajew

4 fwa³.

¹ Mwen rekonèt epi mwen konfese.

² «Nenpòt moun ki di li avèk fèm konviksyon lè aswè rive, epi li mouri nan menm nwit sa a, lap antre nan Paradi; epi se menm jan an tou lè maten rive.» Rapòte pa Al-Bukhari (7/150) anba nimewo (6306).

³ «Moun ki dil 4 fwa lèl antre nan maten oswa lèl antre nan aswè, Allah ap afwanchil anba Dife a.» Se Abu Dawud ki rapòte l (4/317) sou nimewo (5071), ak Al-Bukhari nan Al-Adab Al-Mufrad sou nimewo (1201), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm wal-Laylah sou nimewo (9), ak Ibn As-Sunni sou nimewo (70). Epi Eminans Cheikh Ibn Baz (se pou Allah fèl mizerikòd) te deklare chèn transmisyon (isnad) An-Nasa'i ak Abu Dawud yo kòm bon (Hasan) nan liv Tuhfat Al-Akhyar la (paj 23).

Epi lè aswè rive, li te konn di :

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَمْسَيْتُ أَشْهَدُكَ، وَأَشْهَدُ حَمَلَةَ عَرْشِكَ، وَمَلَائِكَتِكَ، وَجَمِيعَ خَلْقِكَ،
أَنَّكَ أَنْتَ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ وَحْدَكَ لَا شَرِيكَ لَكَ، وَأَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُكَ وَرَسُولُكَ».

O Allah, mwen rive nan aswè a, mwen pran Ou
kòm temwen, mwen pran zanj kap pote Twòn Ou a
kòm temwen, ansanm ak tout zanj Ou yo ak tout sa
Ou kreye, pou temwaye se Ou menm ki senyè
toupwisan an pa gen lòt dye apa Ou menm sèl, Ou
pa gen okenn asosye, epi mwen temwaye
Muhammad se sèvitèw ak mesajew.

4 fwa¹.

«اللَّهُمَّ مَا أَصْبَحَ بِي مِنْ نِعْمَةٍ أَوْ بِأَحَدٍ مِنْ خَلْقِكَ فَمِنْكَ وَحْدَكَ لَا شَرِيكَ لَكَ،
فَلَكَ الْحَمْدُ وَلَكَ الشُّكْرُ».

O Allah ! nenpòt benediksyon mwen menm
oubyen nenpòt lòt nan kreyatiw yo jwenn maten an,
se nan Ou menm sèl li soti, Ou pa gen okenn asosye.
Se pou Ou tout lwanj ye, epi se Ou menm pou nou di
mèsi. »²

Epi lè aswè rive, li te konn di :

¹ Referans presedan an.

² «Nenpòt moun ki di li nan maten, sètènman li fin akonpli devwa remèsiman
pou jounen li a, epi nenpòt moun ki di li nan aswè, sètènman li fin akonpli
devwa remèsiman pou nwit li a.» Abu Dawud rapòtel (4/ 318) anba
nimewo (5075), An-Nasa'i nan 'Amal Al-Yawm wal-Laylah anba nimewo
(7), Ibn As-Sunni anba nimewo (41), ak Ibn Hibban, ((Mawarid)) anba
nimewo (2361), epi Ibn Baz, se pou Allah fèl mizerikòd, te klase chenn
transmisyon li an kòm bon (Hasan) nan Tuhfat Al-Akhyar (p. 24).

«اللَّهُمَّ مَا أَمْسَى بِي مِنْ نِعْمَةٍ أَوْ بِأَحَدٍ مِنْ خَلْقِكَ فَمِنْكَ وَحْدَكَ لَا شَرِيكَ لَكَ،
فَلَكَ الْحَمْدُ وَلَكَ الشُّكْرُ».

« O Allah, nenpòt benediksyon mwen menm
oubyen nenpòt lòt nan kreyati ou yo jwenn aswè a,
se nan Ou menm sèl li soti, Ou pa gen okenn asosye.
Se pou Ou tout lwanj ye, epi se Ou menm poun di
mèsi. »¹

«اللَّهُمَّ عَافِنِي فِي بَدَنِي، اللَّهُمَّ عَافِنِي فِي سَمْعِي، اللَّهُمَّ عَافِنِي فِي بَصَرِي، لَا إِلَهَ إِلَّا
أَنْتَ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكُفْرِ، وَالْفَقْرِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، لَا إِلَهَ
إِلَّا أَنْتَ».

« O Allah, ban mwen lasante nan kò mwen; O
Allah ban mwen lasante nan zòrèy mwen; O Allah,
ban mwen lasante nan zye mwen. Pa gen lòt dye
Sèlman ou menm. O Allah, mwen chèche
pwoteksyon bò kotew kont mekanste/enkredilite
ak lapovrete, epi mwen chèche pwoteksyon bò
kotew kont chatiman tonbo an. Pa gen lòt dye
Sèlman ou menm.

3 fwa².

«حَسْبِيَ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَهُوَ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ».

¹ Referans presedan an.(Anvan an)

² Abu Dawud (4/324) nimewo (5092), ak Ahmad (5/42) nimewo (20430),
ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm wal-Laylah nimewo (22), ak Ibn As-Sunni
nimewo (69), ak Al-Bukhari nan Al-Adab Al-Mufrad nimewo (701), epi
gran savan Ibn Baz, ke Allah fèl mizerikòd, te klase chèn transmisyon li an
kòm bon nan Tuhfat Al-Akhyar (p. 26).

« Allah sifi pou mwen; pa gen lòt dye apa li menm. Se nan li mwen mete tout konfyans mwen, epi se li menm ki Mèt Gran Twòn nan. »

7 fwa¹.

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَفْوَ وَالْعَافِيَةَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَفْوَ وَالْعَافِيَةَ فِي دِينِي وَدُنْيَايَ وَأَهْلِي، وَمَالِي، اللَّهُمَّ اسْتُرْ عَوْرَاتِي، وَآمِنْ رَوْعَاتِي، اللَّهُمَّ احْفَظْنِي مِنْ بَيْنِ يَدَيْ، وَمِنْ خَلْفِي، وَعَنْ يَمِينِي، وَعَنْ شِمَالِي، وَمِنْ قَوْفِي، وَأَعُوذُ بِعَظَمَتِكَ أَنْ أُغْتَالَ مِنْ تَحْتِي».

O Allah mwen mande Ou padon ak lasante nan mond sa a ak nan lavi aprè a. O Allah mwen mande Ou padon ak pwoteksyon: nan relijyon mwen, nan lavi mwen sou tè a, nan fanmi mwen, ak nan byen mwen. o Allah, kouvri feblès mwen yo, epi retire tout laperèz nan kè mwen. O Allah pwoteje mwen devan mwen, dèyè mwen, sou bò dwat mwen, sou bò gòch mwen, ak anwo tèt mwen; epi mwen chèche pwoteksyon nan grandè Ou pou tè a pa louvri anba pyem poul valem.²

«اللَّهُمَّ عَالِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَاطِرَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ، رَبَّ كُلِّ شَيْءٍ وَمَلِيكُهُ،

¹ « Nenpòt moun ki dil lè maten rive ak lè aswè tonbe 7fwa, Allah ap sifi pou li kont tout sa kap trakase lespril nan zafè lavi sa a ak lavi aprè a. »

Sous : Rapòte pa Ibn As-Sunni (nimewo 71) kòm pawòl Pwofèt la, ak pa Abou Daoud (4/321, nimewo 5081) kòm pawòl konpanyon an. Chouayb ak Abdoul Qadir Al-Arna'out valide Chènn transmisyon an kòm kòrèk (sahih). Gade tou: Zad al-Ma'ad (2/376).

² Abu Dawud nimewo (5074), ak Ibn Majah nimewo (3871), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/332).

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ نَفْسِي، وَمِنْ شَرِّ الشَّيْطَانِ وَشَرِّكَ، وَأَنْ
أَقْتَرَفَ عَلَى نَفْسِي سُوءًا، أَوْ أَجْرَهُ إِلَى مُسْلِمٍ».

« O Allah, Ou menm ki konnen sa ki kache ak sa
ki parèt aklè, Ou menm ki kreye syèl la ak tè a, Mèt
chak grenn bagay ak Souvren yo, mwen temwaye
pa gen lòt dye apa Ou menm. Mwen chèche
pwoteksyon nan Ou kont move panchan pwòp tèt
mwen, kont mal lespri Satan ak pyèj li yo (oswa
poum pa asosye anyen avèk Ou), epi poum pa fè
pwòp tèt mwen mal, ni poum pa trennen malè sa a
sou okenn lòt mizilman. »¹

«بِسْمِ اللَّهِ الَّذِي لَا يَضُرُّ مَعَ اسْمِهِ شَيْءٌ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي السَّمَاءِ وَهُوَ السَّمِيعُ
الْعَلِيمُ»

« Nan non Allah avèk non Li, anyen pa ka fè mal
ni sou latè ni nan syèl la, epi Li se Moun ki tande tout
bagay la, Moun ki konnen tout bagay la. »

3 fwa².

«رَضِيتُ بِاللَّهِ رَبًّا، وَبِالْإِسْلَامِ دِينًا، وَبِمُحَمَّدٍ ﷺ نَبِيًّا»

« Mwen aksepte e mwen satisfè ak Allah kòm

¹ At-Tirmidhi nimewo (3392), ak Abu Dawud nimewo (5067), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/142).

² «Nenpòt moun ki di li 3 fwa nan maten, epi 3 fwa nan aswè, pa gen anyen kap fèl mal.» Rapòte pa Abu Dawud (4/323) sou nimewo (5088), At-Tirmidhi (5/465) sou nimewo (3388), Ibn Majah sou nimewo (3869), ak Ahmad sou nimewo (446). Epi gade: Sahih Ibn Majah (2/332). Gwo savan an, Ibn Baz (ke Allah fèl mizèrikòd), te kalifye chèn transmisyon li kòm bon (Hasan) nan Tuhfat Al-Akhyar (p. 39).

Mèt mwen (Senyèm), ak Islam kòm relijyon mwen, epi ak Muhammad (lapè ak Benediksyon Allah sou li) kòm Pwofèt mwen. »

3 fwa¹.

«يَا حَيُّ يَا قَيُّوْمُ بِرَحْمَتِكَ أَسْتَغِيْثُ أَصْلِحْ لِيْ شَأْنِيْ كُلَّهُ وَلَا تَكِلْنِيْ إِلَى نَفْسِيْ طُرْفَةً عَيْنٍ».

«O Ou menm ki Vivan an, Ou menm ki Kenbe tout kreyasyon an sou pye, se nan mizèrikòd Ou map chèche sekou; ranje tout sitiyasyonm pou mwen, epi pa lagem poukont mwen sou pwòp fòs pam, menm pou yon bat zye»²

«أَصْبَحْنَا وَأَصْبَحَ الْمُلْكُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَ هَذَا الْيَوْمِ: فَتَحَهُ، وَنَصْرَهُ، وَنُورَهُ، وَبَرَكَتَهُ، وَهُدَاهُ، وَأَعُوْذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِيهِ وَشَرِّ مَا بَعْدَهُ».

« Nou leve nan maten epi tout wayòm nan (tout kreyasyon an) leve pou Allah, Mèt tout mond yo. O Allah mwen mande Ou tout sa ki bon nan jounen jodi a: viktwa li (ouvre baryè li yo), sekou li, limyè li, benediksyon li, ak gidans li; epi mwen chèche pwoteksyon nan Ou kont tout mal ki ladan li ak tout

¹ «Nenpòt moun ki di sa 3 fwa nan maten, ak 3 fwa nan aswè, se yon dwa sou Allah pou Li fèl satisfè nan Jou Rezirèksyon an.» Ahmad (4/337) anba nimewo (18967), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm wal-Laylah anba nimewo (4), ak Ibn As-Sunni anba nimewo (68), ak Abu Dawud (4/318) anba nimewo (1531), ak At-Tirmidhi (5/465) anba nimewo (3389), epi Ibn Baz (se pou Allah fè l mizerikòd) te klasel kòm Hasan nan Tuhfat Al-Akhyar (paj 39).

² Al-Hakim, epi li otantifyel, epi Ad-Dhahabi dakò avèl (1/545), epi gade: Sahih At-Targhib Wat-Tarhib (1/273).

mal ki ka vin aprè li. »¹

Lè aswè rive li te konn di:

«أَمْسَيْنَا وَأَمْسَى الْمُلْكُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَ هَذِهِ اللَّيْلَةِ: فَتَحَهَا، وَنَصَرَهَا، وَنُورَهَا، وَبَرَكَتَهَا، وَهَدَاهَا، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِيهَا، وَشَرِّ مَا بَعْدَهَا».

Aswè rive sou nou epi tout wayòm nan (tout kreyasyon an) rive nan aswè pou Allah, Mèt tout mond yo. O Allah, mwen mande Ou tout sa ki bon nan nwit sa a: vikwa li (ouvri baryè li yo), sekou li, limyè li, benediksyon li, ak gidans li; epi mwen chèche pwoteksyon nan Ou kont tout mal ki ladan li ak tout mal ki ka vin aprè li.²

«أَصْبَحْنَا عَلَى فِطْرَةِ الْإِسْلَامِ، وَعَلَى كَلِمَةِ الْإِخْلَاصِ، وَعَلَى دِينِ نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ ﷺ، وَعَلَى مِلَّةِ آبَائِنَا إِبْرَاهِيمَ، حَنِيفًا مُسْلِمًا وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ».

« Nou leve nan maten sou nati pwòp (orijinal) Islam lan, sou pawòl senserite a (lafwa pi a), sou relijyon Pwofèt nou an Muhammad (lapè ak benediksyon Allah sou li), epi sou kwayans papa nou Abraram, ki te mache dwat nan adore yon sèl Allah ki te soumèt devan Allah , epi ki pat janm fè pati moun ki tap sèvi fo dye yo (moun ki fè

¹ Abou Dawoud (4/322) anba nimewo (5084), epi Chou'ayb ak Abdoul Qadir Al-Arna'out te deklare chèn transmisyon li a kòm bon nan verifikasyon liv Zad Al-Ma'ad la (2/373).

² Referans ki te pase anvan an.

asosyasyon). »¹

Epi lè aswè rive, li di:

«أَمْسَيْنَا عَلَى فِطْرَةِ الْإِسْلَامِ، وَعَلَى كَلِمَةِ الْإِخْلَاصِ، وَعَلَى دِينِ نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ ﷺ،
وَعَلَى مِلَّةِ آبَائِنَا إِبْرَاهِيمَ، حَنِيفًا مُسْلِمًا وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ».

« Aswè rive sou nou sou nati pwòp (orijinal) Islam nan, sou pawòl senserite a (lafwa pi a), sou relijyon Pwofèt nou an Muhammad (lapè ak benediksyon sou Allah li), epi sou kwayans papa nou Abraram, ki te mache dwat nan adore yon sèl senyè toupwisan an, ki te soumèt devan Allah ,epi ki pat janm fè pati moun ki tap sèvi fo dye yo (moun ki fè asosyasyon). »².

«سُبْحَانَ اللَّهِ وَبِحَمْدِهِ».

« Glwa pou Bondye, epi lwanj pou Li. »

100 fwa³.

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ»

« Pa gen lòt dye aprè Allah, Li sèl san okenn asosye; se pou Li tout wayòm nan ye, epi se pou Li tout lwanj ye, epi Li gen tout pouvwa sou tout bagay. »

¹ Ahmad (3/406) ak (407) nimewo (15360) ak (15563), ak Ibn As-Sunni nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah, nimewo (34), epi gade: Sahih Al-Jami' (4/209).

² " Referans ki te pase anvan an."

³ «Nenpòt moun ki di sa 100 fwa nan maten ak nan aswè, pèsonn pap vini nan Jou Rezirèksyon an ak anyen ki pi bon pase sa li pote a, eksepte yon moun ki te di menm sa li te di a, oswa ki te ajoute sou li.» Muslim (4/2071) sou nimewo (2692).

10 fwa¹, oubyen 1 sèl fwa lèw gen parès².

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ، وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ»

« Pa gen lòt dye apa Allah Li sèl san okenn asosye; se pou Li tout wayòm nan ye, epi se pou Li tout lwanj ye, epi Li gen tout pouvwa sou tout bagay. »

100 fwa nan maten³.

«سُبْحَانَ اللَّهِ وَبِحَمْدِهِ: عَدَدَ خَلْقِهِ، وَرِضَا نَفْسِهِ، وَزِينَةَ عَرْشِهِ، وَمِدَادَ كَلِمَاتِهِ»

« Glwa pou Allah, epi lwanj pou Li: menm jan ak kantite tout sa Li kreye, otan Li menm Li satisfè, menm pwa ak Twòn Li a, epi menm mezi ak kantite lank ki ta nesesè pou ekri tout pawòl Li yo. »

3 fwa nan maten⁴.

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِلْمًا نَافِعًا، وَرِزْقًا طَيِّبًا، وَعَمَلًا مُتَقَبَّلًا»

« O Allah, mwen mande Ou yon konesans ki itil,

¹ An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah anba nimewo (24), epi gade: Sahih At-Targhib Wat-Tarhib (1/272), ak Touhfat Al-Akhyar pa Ibn Baz rahimahoullah (paj 44), epi gade merit li nan (paj 146) hadith nimewo (255).

² Abu Dawud nimewo (5077), Ibn Majah nimewo (3798), ak Ahmad nimewo (8719), epi gade: Sahih At-Targhib Wat-Tarhib (1/270), Sahih Abu Dawud (3/957), Sahih Ibn Majah (2/331), ak Zad Al-Ma'ad (2/377).

³ «Nenpòt moun ki di li 100 fwa nan yon jounen, lap gen rekonpans kòm sil te libere 10 esklav, yap ekri 100 bon aksyon pou li, yap efase san move aksyon pou li, epi lap sèvi kòm pwoteksyon pou li kont Satan pou jounen sa a jiskaske aswè rive. Pèsonn pap vini ak yon pi bon zèv pase sa li vini avèl la eksepte yon moun ki fè plis pase sa.» Al-Bukhari (4/95) nimewo (3293), ak Muslim (4/2071) nimewo (2691).

⁴ Muslim (4/2090) nimewo (2726).

yon mwayen pou viv (pwovizyon/richès) ki pi epi
ki bon, ak bon zèw Ou aksepte. »

Lè maten rive¹.

«أَسْتَغْفِرُ اللَّهَ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ»

« Mwen mande Allah padon, epi mwen tounen
vin jwenn Li ak tout kè mwen (mwen repanti devan
Li). »

100 fwa pa jou².

«أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللَّهِ التَّامَّاتِ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ»

Mwen chèche pwoteksyon nan pawòl Allah yo ki
pafè kont tout mal Li te kreye.

3 fwa nan aswè³.

«اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ»

« O Allah, voye benediksyon ak lapè sou Pwofèt
nou an Muhammad. »

10 fwa⁴.

¹ Rapòte pa Ibn As-Sunni nan 'Amal Al-Yawm wal-Laylah, nimewo (54), ak Ibn Majah, nimewo (925), epi Abdul Qadir ak Shu'ayb Al-Arna'ut te kalifye chèn transmisyon lan kòm bon nan verifikasyon Zad Al-Ma'ad (2/375), epi li te mansyone anvan, nimewo (73).

² Al-Bukhari avèk Al-Fath (11/101) nimewo (6307), ak Muslim (4/2075) nimewo (2702).

³ «Nenpòt moun ki di sa 3 fwa lè aswè rive, piki okenn bèt pwazon pap fèl mal pandan nwit sa a.» Rapòte pa Ahmad (2/290) anba nimewo (7898), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm wal-Laylah anba nimewo (590), ak Ibn As-Sunni anba nimewo (68); epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/187), ak Sahih Ibn Majah (2/266), ak Tuhfat Al-Akhyar pa Ibn Baz (p. 45).

⁴ «Moun ki priye sou mwen nan maten 10 fwa, ak nan aswè 10 fwa, entèsesyon mwen ap rive jwenn li Jou Rezirèksyon an.» At-Tabarani rapòte

28. Azkar pou dòmi yo / Lapriyè ak envokasyon anvan ou dòmi

Li reyini 2 pla men li yo, answit li soufle ladan yo lejèman, epi li resite ladan yo:

﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ۝ اللَّهُ الصَّمَدُ ۝ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ۝ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ ۝﴾

Di: Se Li menm ki Allah, Sèl Grenn Mèt la.

2- « Allah, Mèt tout kreyati depann de Li a. »

3- Li pa fè pitit, ni Li menm Li pa fèt nan vant pèsonn.

4- « Epi pa gen pèsonn ki sanble ak Li, ni ki egal ak Li. » [Al-Iklas: 1-4].

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ۝ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ۝ وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ۝ وَمِنْ شَرِّ النَّفَّاثَاتِ فِي الْعُقَدِ ۝ وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ۝﴾

1-Di: Mwen chèche pwoteksyon bò kote Mèt douvanjou a.

Pou pwotejem kont tout move bagay li te kreye

3- Kont mal lè fènwa a (lannnwit)gaye tout kote

4-Epi kont mal moun kap soufle sou ne (moun kap fè maji)

5: Epi kont mal yon moun kap fè jalouzi lè lap fè jalouzi. [Al-Falaq: 1-5].

l avèk 2 chèn transmisyon: youn ladan yo bon, gade: Majma' Az-Zawa'id (10/120), ak Sahih At-Tarhib Wat-Tarhib (1/273).

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ ﴿١﴾ مَلِكِ النَّاسِ ﴿٢﴾ إِلَهِ النَّاسِ ﴿٣﴾ مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ
الْخَنَّاسِ ﴿٤﴾ الَّذِي يُوَسْوِسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ ﴿٥﴾ مِنَ الْغِنَةِ وَالنَّاسِ ﴿٦﴾﴾

1: Di: Map chache pwoteksyon nan men Allah, Li menm ki Mèt tout moun

2- Wa lèzòm.

3- Divinite tout moun.

4-Pwotejem kont move lespri kap chichote move lide nan tèt moun, epi ki sove ale lè yo nonmen non Allah.

5 -Sila ka simen move panse nan fon kè moun yo

6-Kit se nan mitan djinn yo, kit se nan mitan lèzòm. [An-Nas:1-6]

Après, li pase yo sou pati li kapab nan kò li, lap kòmanse pase yo sou tèt li, figi li, ak pati devan kò li) (Li fè sa 3 wa)¹.

﴿اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَّةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ﴾

255- Allah! Pa gen lòt dye apa Li menm, Sila a ki Viv tout tan an, Sila a ki kenbe epi soutni tout kreyasyon an. Dòmi pa janm pran li, ni Li pa janm kabicha. Se pou Li tout sa ki nan syèl yo ak tout sa

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (9/62) nimewo (5017), epi Muslim nimewo (2192).

ki sou latè. Ki moun ki ka plede devan li san pèmision li? Li konnen tout sa ki devan yo (lavni yo) ak tout sa ki dèyè yo (pase yo). Moun pa ka konprann anyen nan konnesans Li, sof sa Li menm Li vle fè yo konnen. Fotèy li kouvri tout syèl yo ak latè a, epi prezève yo 2 bagay sa yo pa janm fatige li. Se Li menm ki Pi Wo a, Sila a ki Pi Gran an.

[Al-Baqarah:255]¹.

﴿عَمَّنَ الرَّسُولُ بِمَا أُنزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ وَالْمُؤْمِنُونَ كُلٌّ آمَنَ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْ رُسُلِهِ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ ﴿٢٥٥﴾ لَا يَكْفُفُ اللَّهُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا لَهَا مَا كَسَبَتْ وَعَلَيْهَا مَا اكْتَسَبَتْ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ دَسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَاعْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ ﴿٢٥٦﴾﴾

285- Mesaje a kwè nan sa Seyè li te voye desann ba li a, epi kwayan yo kwè tou. Yo tout kwè nan Allah, nan zanj Li yo, nan liv Li yo, ak nan mesaj Li yo. (Yo di:) "Nou pa fè diferans ant okenn nan mesaj Li yo." Epi yo di: "Nou koute, epi nou obeyi. Nou mande Ou padon, Seyè nou an, se bò kote Ou menm sèl tout moun ap tounen."

286- Allah pa janm chaje okenn nanm pi plis

¹ «Nenpòt moun ki lil lè li al kouche nan kabann li, Allah ap voye yon zanj pou pwoteje li san rete, epi dyab la (Cheytan) pap ka pwoche bò kotel jis nan maten.» Al-Bukhari ansanm ak Al-Fath (4/487) nimewo (2311).

pase sal ka sipòte. Li jwenn rekonpans pou tout bon bagay li fè, epi li sibi pinisyon pou tout move zak li komèt. (Kwayan yo lapriye di:) "Seyè nou an! Pa pini nou si nou bliye oswa si nou fè erè san nou pat vle. Seyè nou an! Pa mete sou do nou chay ki lou menm jan Ou te mete li sou do moun ki te la anvan nou yo. Seyè nou an! Pa fòse nou pote chay fòs nou pa ka soutni. Efase peche nou yo, padone fot nou yo, epi fè nou favè ak mizèrikòd Ou! Se Ou menm ki Mèt nou ak Pwotektè nou, donk ede nou ranpòte laviktwa sou pèp ki pa kwè yo."

[Al-Baqarah:285-286]¹.

«يَا سَمِيعَ رَبِّي وَصَّعْتُ جَنِّي، وَبِكَ أَرْفَعُهُ، فَإِنْ أُمَسَّكَتْ نَفْسِي فَأَرْحَمْهَا، وَإِنْ أَرْسَلْتَهَا فَأَحْقُظْهَا، بِمَا تَحْفَظُ بِهِ عِبَادَكَ الصَّالِحِينَ».

« Nan non Ou,² Seyè mwen, mwen kouche kò m (pou m dòmi), epi gras avèk Ou menm map level. Si Ou ta kenbe nanm mwen (Ou pran vim pandan dòmi an), fèl mizèrikòd; epi si Ou voyel tounen (Ou kitem reveye vivan), pwoteje menm jan Ou pwoteje

¹ «Nenpòt moun ki li yo tou 2 pandan lannwit, yo ap ase pou pwoteje li kont tout malè.» Al-Boukhari avèk Al-Fath (9/94) anba nimewo (4008), ak Mouslim (1/554) anba nimewo (807).

² « Lè youn nan nou leve kite kabann li epi l retounen ladan li, se pou sekwel avèk rebò rad li (oubyen moso twal li) 3 fwa, epi se pou li pwononse non Allah (di Bismillah); paske li pa konnen kisa ki te vin pase ladan li aprè li te fin deplase a. Epi lèl fin kouche, se pou l di:... » [kontinyasyon adis la].

(Epi sans mo "şanifah": se pwent rad la oswa kouti ki nan rebò twal la). — Sous eksplikasyon an: liv "An-Nihāyah fī Gharīb al-Ḥadīth".

sèvitè fidèl Ou yo. »¹

«اللَّهُمَّ إِنَّكَ خَلَقْتَ نَفْسِي وَأَنْتَ تَوَفَّاهَا، لَكَ مَمَاتُهَا وَمَحْيَاهَا، إِنَّ أَحْيَيْتَهَا فَاحْفَظْهَا، وَإِنْ أَمَتَّهَا فَاعْفِرْ لَهَا، اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَافِيَةَ».

« O Allah! Se Ou menm ki te kreye nanm mwen, epi se Ou menm kap repran li. Se pou Ou menm sèl lanmò ak lavi ye. Si Ou kenbel vivan, pwotejel; epi si Ou fèl mouri, padonèl. O Allah! Mwen mande Ou lasante, sekirite ak pwoteksyon. »²

«اللَّهُمَّ قِنِي عَذَابَكَ يَوْمَ تَبْعُثُ عِبَادَكَ».

"«O Allah, pwotejem³ kont chatiman Ou jou Wap resisite sèvitè Ou yo»⁴."

«بِاسْمِكَ اللَّهُمَّ أَمُوتُ وَأَحْيَا».

« Nan non Ou, O Allah, mwen mouri (mwen kouche dòmi) epi mwen viv (mwen leve reveye). »⁵

«سُبْحَانَ اللَّهِ»

Glwa pou Allah

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (11/126) nimewo (6320), ak Muslim (4/2084) nimewo (2714).

² Rapòte pa Mouslim (4/2083), anba nimewo (2712), epi Ahmad ak menm mo yo (2/79), anba nimewo (5502).

³ « Lè Pwofèt la (lapè ak benediksyon Allah sou li) te vle dòmi, li te konn mete men dwat li anba machwèl, epi li di: ... » [kontinyasyon adis la].

⁴ Abu Dawud, ak pwòp mo pal yo (4/311) anba nimewo (5045), ak At-Tirmidhi anba nimewo (3398), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/143), ak Sahih Abu Dawud (3/240).

⁵ Al-Bukhari avèk Al-Fath (11/113) nimewo (6324), ak Muslim (4/2083) nimewo (2711).

(ثَلَاثًا وَثَلَاثِينَ)،

33 fwa

وَالْحَمْدُ لِلَّهِ

Epi louwanj pou Allah

(ثَلَاثًا وَثَلَاثِينَ)،

(33 fwa),

وَاللَّهُ أَكْبَرُ

E Allah se pi gran.

(أَرْبَعًا وَثَلَاثِينَ)).

(34)»¹.

«اللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَوَاتِ السَّبْعِ وَرَبَّ الْأَرْضِ، وَرَبَّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ، رَبَّنَا وَرَبَّ كُلِّ شَيْءٍ، فَالِقَ الْحَبِّ وَالنَّوَى، وَمُنْزِلَ التَّوْرَةِ وَالْإِنْجِيلِ، وَالْفُرْقَانِ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ كُلِّ شَيْءٍ أَنْتَ آخِذٌ بِنَاصِيَتِهِ، اللَّهُمَّ أَنْتَ الْأَوَّلُ فَلَيْسَ قَبْلَكَ شَيْءٌ، وَأَنْتَ الْآخِرُ فَلَيْسَ بَعْدَكَ شَيْءٌ، وَأَنْتَ الظَّاهِرُ فَلَيْسَ فَوْقَكَ شَيْءٌ، وَأَنْتَ الْبَاطِنُ فَلَيْسَ دُونَكَ شَيْءٌ، اقْضْ عَنَّا الدَّيْنَ وَأَغْنِنَا مِنَ الْفَقْرِ».

O Allah, Mèt7 syèl yo ak Mèt tè a, Mèt Gran Twòn lan, Mèt nou ak Mèt tout bagay, Ou menm ki fè grenn ak nwayo fann (pou bay lavi), Ou menm ki desann Tawrat la (Tora), Enjil la (Levanjil), ak Fourkàn nan (Koran an): Mwen chèche pwoteksyon

¹ «Moun ki di sa lè li pral kouche nan kabann li, sa pi bon pou li pase yon sèvitè». Al-Bukhari avèk Al-Fath, (7/71) nimewo (3705), epi Muslim (4/2091) nimewo (2726).

nan Ou kont mal tout sa Ou kenbe pa devan tèt li (anba kontwòl Ou). O Allah, Ou se Premye a, pa gen anyen anvan Ou; Ou se Dènye a, pa gen anyen aprè Ou; Ou se Sa ki Aparan an (Sila a ki anlè tout bagay), pa gen anyen pi wo pase Ou; Ou se Sa ki Kache a, pa gen anyen ki pi prè pase Ou. Ede nou peye tout dèt nou yo, epi libere nou anba lamizè.¹

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَطْعَمَنَا وَسَقَانَا، وَكَفَانَا، وَأَوَانَا، فَكَمْ مِمَّنْ لَا كَافِيَ لَهُ وَلَا مُؤَوِّي».

"Lwanj pou Allah ki ba nou manje, ki ba nou bwè, ki ba nou tout sa nou bezwen, epi ki ban nou yon kote pou nou rete (yon abri); paske gen anpil moun ki pa gen pèsonn pou pran swen yo, ni pèsonn pou ba yo yon kote pou yo kouche."²

«اللَّهُمَّ عَالِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَاطِرَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ، رَبَّ كُلِّ شَيْءٍ وَمَلِيكُهُ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ نَفْسِي، وَمِنْ شَرِّ الشَّيْطَانِ وَشَرِّكَ، وَأَنْ أَقْتَرِفَ عَلَى نَفْسِي سُوءًا، أَوْ أَجُرَّهُ إِلَى مُسْلِمٍ».

"O Allah, Ou menm ki konnen sa ki kache ak sa moun wè, Ou menm ki kreye syèl la ak tè a, Mèt chak bagay ak Souvren yo tout, mwen temwaye pa gen lòt dye apa Ou menm. Mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont mal pwòp tèt mwen, kont mal lespri satan ak pyèj li yo pou fè moun fè peche (oswa

¹ Muslim (4/2084) nimewo (2713).

² Muslim (4/2085) nimewo (2715).

asosye lòt dye avèk ou), epi poum pa fè pwòp tèt mwen ditò, ni poum pa trennen malè sa a sou okenn kwayan (mizilman)."¹

«يَقْرَأُ (الْم) تَنْزِيلَ السَّجْدَةِ، وَتَبَارَكَ الَّذِي بِيَدِهِ الْمُلْكُ».

"Li te konn resite soulat Alif, Lām, Mīm — Tanzīl (Sourate As-Sajda / Pwostènasyon an) ak Tabāraka-lladhī biyadihi-l-mulk (Sourate Al-Mulk / Souvrènte a)."²

«اللَّهُمَّ أَسَلَمْتُ نَفْسِي إِلَيْكَ، وَفَوَّضْتُ أَمْرِي إِلَيْكَ، وَوَجَّهْتُ وَجْهِي إِلَيْكَ، وَأَلْجَأْتُ ظَهْرِي إِلَيْكَ، رَغْبَةً وَرَهْبَةً إِلَيْكَ، لَا مَلْجَأَ وَلَا مَنَاجَا مِنْكَ إِلَّا إِلَيْكَ، آمَنْتُ بِكِتَابِكَ الَّذِي أَنْزَلْتَ، وَبِرَسُولِكَ الَّذِي أَرْسَلْتَ».

O Allah,³ mwen remèt lavim (nanm mwen) nan men ou, mwen remèt tout zafèm ba Ou, mwen vire figim vin jwenn Ou, epi mwen konte sou Ou kòm sèl pwoteksyon mwen , avèk lespwa ak lakrentif pou Ou. Pa gen okenn refij ni okenn delivrans kont Ou menm sof nan men ou. Mwen kwè nan Liv Ou te voye desann nan (Kouran an), epi mwen kwè nan Pwofèt Ou te voye a."⁴

¹ Abu Dawud (4/317) nimewo (5067), ak At-Tirmidhi nimewo (3629), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/142).

² Tirmidhi nimewo (3404), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah nimewo (707), epi gade: Sahih Al-Jami' (4/255).

³ "Lèw prale nan kabann ou (pouw dòmi), fè ablasyon (lave kòw) menm jan ou konn fèl pou lapriye, après kouche sou bò dwat ou, epi di: ..." [rès adit la].

⁴ " Pwofèt la (se pou lapè ak Benediksyon Allah kouvri) te di moun ki di sa a: «Si ou mouri, wap mouri sou nati natirèl la (Al-Fitrah)». Al-Bukhari avèk

29- Priyè (envokasyon) pou moun fè lè lap vire lòtbò nan kabann li pandan lannwit.

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ، رَبُّ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا الْعَزِيزُ الْغَفَّارُ».

"Pa gen lòt dye apa Allah , Sèl Grenn Mèt la, Sila a ki domine tout bagay, Mèt syèl yo ak tè a ansanm ak tout sa ki nan mitan yo, Sila a ki gen tout pouvwa a epi ki toujou pare pou padone."¹.

30- "Lapriyè (envokasyon) lè yon moun pè pandan dòmi, epi pou moun ki santil sèl, tris / kap souffri ak laperèz."

«أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللَّهِ التَّامَّاتِ مِنْ غَضَبِهِ وَعِقَابِهِ، وَشَرِّ عِبَادِهِ، وَمِنْ هَمَزَاتِ الشَّيَاطِينِ وَأَنْ يَخْضُرُونَ».

«Mwen chèche pwoteksyon anba pawòl pafè Allah yo kont kòlè Li ak pinisyon Li, kont mechanste sèvitè li yo, kont move enspirasyon (chwichwichi) move lespri yo, epi pou yo pa janm pwoche bò kote mwen.»²

Al-Fath (11/113) anba nimewo (6313), ak Muslim (4/2081) anba nimewo (2710)."

¹ Li di sa lè lap vire soti sou yon bò pou ale sou yon lòt pandan lannwit. Rapòte pa Al-Hakim, epi li di li se sahih epi Ad-Dhahabi dakò avè l (1/540), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah anba nimewo (202), ak Ibn As-Sunni anba nimewo (757), epi gade: Sahih Al-Jami' (4/213).

² Abou Dawoud (4/12) nimewo (3893), ak At-Tirmidhi nimewo (3528), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/171).

31. Sa yon moun dwe fè lè li fè yon bon rèv oswa yon move rèv

(Li krache sou bò gòch li) (3 fwa)¹.

Li dwe chèche pwoteksyon bò kote Allah kont Satan epi kont mekanste sa li te wè a) 3 fwa.²

(Li pa dwe rakonte okenn moun sa)³.

(Li dwe chanje bò kote li te kouche a / Li dwe vire sou lòt bò a)⁴.

(Li dwe leve pou li fè lapriyè sil vle sa)⁵.

32. Envocasyon pou Qunut nan Witr la / Lapriyè Kounout pou lapriyè Wit la

«اللَّهُمَّ اهْدِنِي فِيمَنْ هَدَيْتَ، وَعَافِنِي فِيمَنْ عَافَيْتَ، وَتَوَلَّنِي فِيمَنْ تَوَلَّيْتَ، وَبَارِكْ لِي فِيمَا أَعْطَيْتَ، وَقِنِي شَرَّ مَا قَضَيْتَ؛ فَإِنَّكَ تَقْضِي وَلَا يُقْضَى عَلَيْكَ، إِنَّهُ لَا يَدُلُّ مَنْ وَالَيْتَ، [وَلَا يَعِزُّ مَنْ عَادَيْتَ]، تَبَارَكْتَ رَبَّنَا وَتَعَالَيْتَ».

"O Allah Metem nan bon chemen an menm jan
Ou gide moun Ou chwazi yo; ban mwen lasante ak
sekirite menm jan Ou pwoteje moun Ou geri yo;
pran kam menm jan Ou pran swen moun Ou soutni
yo; mete benediksyon nan tout sa Ou te ban mwen;
pwotejem kont tout malè ki ta ka soti nan desizyon
Ou pran yo. Paske se Ou menm ki kòmande, pèsonn

¹ Muslim (4/1772) nimewo (2261).

² Muslim (4/1772) (1773) nimewo (2261) ak (2262).

³ Muslim (4/1772) nimewo (2261) ak (2263).

⁴ Muslim (4/1773) nimewo (2261).

⁵ Muslim (4/1773) nimewo (2263).

pa ka kòmande Sou Ou; sila a Ou pran anba zèl Ou pap janm tonbe nan lawont, [e sila a Ou pran kòm lènmi pap janm gen vikwa]. Benediksyon se pou Ou, Mèt nou an, epi Grandèw pa gen limit."¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِرِضَاكَ مِنْ سَخَطِكَ، وَبِمُعَافَاتِكَ مِنْ عُقُوبَتِكَ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْكَ، لَا أَحْصِي ثَنَاءً عَلَيْكَ، أَنْتَ كَمَا أَثْنَيْتَ عَلَى نَفْسِكَ».

«O Bondye! Mwen kouri vin jwenn plezi ak satisfaksyon Ou pouw pwoteje mwen kont kòlè Ou; mwen chèche padon ak delivrans Ou kont pinisyon Ou; epi mwen chèche pwoteksyon bò kote Ou kont pwòp tèt Ou. Mwen pa ka fin konte tout lwanj Ou merite; Ou se egzakteman jan Ou te fè lwanj pou pwòp tèt Ou a.»²

«اللَّهُمَّ إِيَّاكَ نَعْبُدُ، وَلَكَ نُصَلِّي وَنَسْجُدُ، وَإِلَيْكَ نَسْعَى وَنَخْشَدُ، نَرْجُو رَحْمَتَكَ، وَنَخْشَى عَذَابَكَ، إِنَّ عَذَابَكَ بِالْكَافِرِينَ مُلْحِقٌ، اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْتَعِينُكَ، وَنَسْتَغْفِرُكَ، وَنُثْنِي عَلَيْكَ الْحَمْدَ، وَلَا نَكْفُرُكَ، وَنُؤْمِنُ بِكَ، وَنَخْضَعُ لَكَ، وَنَخْلَعُ مِنْ يَكْفُرُكَ».

«O Allah, se Ou menm sèl nou adore, epi se pou

¹ Rapòte pa otè 4 Sunan yo, ak Ahmad, ak Ad-Darimi, ak Al-Bayhaqi: Abu Dawud sou nimewo (1425), ak At-Tirmidhi sou nimewo (464), ak An-Nasa'i sou nimewo (1744), ak Ibn Majah sou nimewo (1178), ak Ahmad sou nimewo (1718), ak Ad-Darimi sou nimewo (1592), ak Al-Hakim (3/172), ak Al-Bayhaqi (2/209), epi sa ki ant kwochè yo se pou Al-Bayhaqi, epi gade: Sahih At-Tirmidhi (1/144), ak Sahih Ibn Majah (1/194), ak Irwa' Al-Ghalil pa Al-Albani (2/172).

² Rapòte pa otè 4 Sunan yo, ak Ahmad: Abu Dawud sou nimewo (1427), Tirmidhi sou nimewo (3566), Nasa'i sou nimewo (1746), Ibn Majah sou nimewo (1179), ak Ahmad sou nimewo (751). Gade: Sahih Tirmidhi (3/180), Sahih Ibn Majah (1/194), ak Al-Irwa (2/175).

Ou nou priye ak pwostène, epi se bò kote Ou nou fè efò epi nou prese vini. Nou espere nan mizèrikòd Ou, epi nou krenn chatiman Ou. Sètènman, chatiman Ou ap frape mekreyan yo. O Allah, vrèman nou mande Ou sekou, epi nou mande Ou padon, e nou fè lwanj pou Ou pou tout byen. Nou pa renye Ou, e nou kwè nan Ou, e nou soumèt devan Ou, e nou abandone moun ki pa kwè nan Ou»¹.

33. Pawòl rapèl (envokasyon) pou yon moun di touswit aprè li fini salye (bay salam) nan lapriye Wit la.

«سُبْحَانَ الْمَلِكِ الْقُدُّوسِ»

«Glwa pou Wa ki Sen an»

ثَلَاثَ مَرَّاتٍ

3 fwa.

وَالْقَائِلَةُ يَجْهَرُ بِهَا وَيَمُدُّ بِهَا صَوْتَهُ يَقُولُ:

E nan twazyèm fwa a, li dil byen fò epi li pwolonje sou vwa li, li di :

«رَبِّ الْمَلَائِكَةِ وَالرُّوحِ».

Mèt tout zanj yo ak Lespri a²

¹ Rapòte pa Al-Bayhaqi nan As-Sunan Al-Kubra, epi li otantifye sanad li a (2/211), epi Cheikh Al-Albani di nan Irwa' Al-Ghalil: "Epi sa a se yon sanad sahih" (2/170). Epi li mawquf sou Umar.

² " Rapòte pa An-Nasa'i (3/244) anba nimewo (1734), epi Ad-Daraqoutni (2/31), ak lòt ankò, epi sa ki ant kwochè yo se yon adisyon Ad-Daraqoutni

34-Lapriyè kont tèt chaje ak lapenn (tristès).

«اللَّهُمَّ إِنِّي عَبْدُكَ، ابْنُ عَبْدِكَ، ابْنُ أُمْتِكَ، نَاصِيَتِي بِيَدِكَ، مَاضٍ فِيَّ حُكْمُكَ، عَدْلٌ فِيَّ قَضَاؤُكَ، أَسْأَلُكَ بِكُلِّ اسْمٍ هُوَ لَكَ، سَمَّيْتَ بِهِ نَفْسَكَ، أَوْ أَنْزَلْتَهُ فِي كِتَابِكَ، أَوْ عَلَّمْتَهُ أَحَدًا مِنْ خَلْقِكَ، أَوْ اسْتَأْثَرْتَ بِهِ فِي عِلْمِ الْغَيْبِ عِنْدَكَ، أَنْ تَجْعَلَ الْقُرْآنَ رِبْعَ قَلْبِي، وَنُورَ صَدْرِي، وَجَلَاءَ حُزْنِي، وَذَهَابَ هَمِّي».

« O Allah,mwen se sèvitèw, pitit gason sèvitèw la, pitit gason sèvant ou an. Desten mwen nan men ou, kòmandman ou sou mwen ap akonpli san mank, e jijman ou sou mwen se jistis li ye. Mwen mandew, pa tout non ki pou ou, non ou te bay tèt ou, oswa ou te revele nan Liv ou a, oswa ou te anseye nenpòt nan kreyatiw yo, oswa ou te kenbe kache nan konesans mistè ki bò kotew sèlman: fè Koran an tounen prentan kè mwen, limyè nan pwatrin mwen, sa ki pou chaje lapenn mwen, epi disparèt tout enkyetid mwen. »¹.

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْهَمِّ وَالْحَزَنِ، وَالْعَجْزِ وَالْكَسَلِ، وَالْبُخْلِ وَالْجُبْنِ، وَضَلَعِ الدَّيْنِ وَغَلَبَةِ الرِّجَالِ».

« O Allah ,mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont tèt chaje ak lapenn, kont enpwisans ak parès,

(2/31) anba nimewo (2), epi isnad li se sahih. Gade: Zad Al-Ma'ad, verifye pa Chou'ayb Al-Arna'out ak 'Abd Al-Qadir Al-Arna'out (1/337)."

¹ Ahmad (1/391) sou nimewo (3712), epi Al-Albani otantifye li nan Silsilat al-Ahadith as-Sahihah (1/337).

kont kras (chich) ak laperèz kont pwa dèt ak dominasyon lòt moun (opresyon). »¹.

35. Envokasyon nan moman detrès.

« لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْعَظِيمُ الْحَلِيمُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ رَبُّ السَّمَوَاتِ وَرَبُّ الْأَرْضِ وَرَبُّ الْعَرْشِ الْكَرِيمِ. »

« Pa gen lòt dye apa Allah, Gran Mèt la, Sila a ki gen pasyans ak dousè a. Pa gen lòt dye apa Allah, Mèt Gran Twòn lan. Pa gen lòt dye apa Allah, Mèt syèl yo, Mèt tè a, ak Mèt Twòn nòb la. »²

« اللَّهُمَّ رَحْمَتَكَ أَرْجُو، فَلَا تَكِلْنِي إِلَى نَفْسِي طَرْفَةَ عَيْنٍ، وَأَصْلِحْ لِي شَأْنِي كُلَّهُ، لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ. »

« O Allah, se mizèrikòd ou map espere; kidonk pa lagem poukont mwen, menm pou yon bat zye epi ranje tout zafèm pou mwen. Pa gen lòt dye apa ou menm. »³.

« لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ سُبْحَانَكَ إِنِّي كُنْتُ مِنَ الظَّالِمِينَ. »

« Pa gen lòt dye Sèlman ou menm. Glwa pou ou! Se vre wi, mwen te fè pati moun ki te fè sa ki mal yo

¹ Bukhari (7/158) nimewo (2893), Mesaje a (ke lapè AK Benediksyon Allah kouvril) te konn fè lapriyè sa a anpil. Gade: Bukhari ak Al-Fath (11/173), epi lap vini nan (paj 89) nimewo (137).

² Al-Bukhari (7/154), anba nimewo (6345), ak Muslim (4/2092), anba nimewo (2730).

³ Abou Daoud (4/324) nimewo (5090), ak Ahmed (5/42) nimewo (20430), epi Al-Albani te klase li kòm Hasan nan Sahih Abou Daoud (3/959).

(enjis yo). »¹

«اللَّهُ اللَّهُ رَبِّي لَا أُشْرِكُ بِهِ شَيْئًا».

« Allah , Allah se Senyè mwen; mwen pa asosye anyen avèk li. »².

36. Priyè (envokasyon) pou lè wap rankontre yon lènmi oswa yon moun ki gen gwo otorite (yon chèf, yon dirijan)

«اللَّهُمَّ إِنَّا نَجْعَلُكَ فِي نُحُورِهِمْ، وَنَعُوذُ بِكَ مِنْ شُرُورِهِمْ».

« O Allah nou metew anfas gòj yo (pou bloke yo ak repouse pyèj yo), epi nou chèche pwoteksyon bò kotew kont tout mechanste yo. »³

«اللَّهُمَّ أَنْتَ عَظْمِي، وَأَنْتَ نَصِيرِي، بِكَ أَحُولُ وَبِكَ أَصُولُ، وَبِكَ أَقَاتِلُ».

« O Allah, se ou ki sipòm (fòs mwen), e se ou ki sekoum; se gras avèk ou mwen deplase (ak defèt konplo yo), se gras avèk ou mwen atake, epi se pou ou mwen batay. »⁴

«حَسْبُنَا اللَّهُ وَنِعْمَ الْوَكِيلُ».

« Allah sifi pou nou, e Li se pi bon pwotektè (sila

¹ At-Tirmidhi (5/529) sou nimewo (3505), ak Al-Hakim ki otantifye l epi Ad-Dhahabi dakò avè li (1/505), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/168).

² Rapòte pa Abou Dawoud (2/87), anba nimewo (1525), ak Ibn Majah, anba nimewo (3882), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/335).

³ Abu Dawud (2/89) anba nimewo (1537), Al-Hakim te otantifye li, epi Adh-Dhahabi te dakò avèk li (2/142).

⁴ Abu Dawud (3/42) nimewo (2632), ak Al-Tirmidhi (5/572) nimewo (3584), epi gade: Sahih Al-Tirmidhi (3/183).

a nou ka pi byen fè konfyans lan). »¹

37. « Priyè (envokasyon) pou yon moun ki pè enjistis oswa opresyon yon chèf (yon otorite). »

« اللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَوَاتِ السَّبْعِ، وَرَبَّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ، كُنْ لِي جَارًا مِنْ فُلَانِ بْنِ فُلَانٍ، وَأَحْزَابِهِ مِنْ خَلَائِقِكَ، أَنْ يَفْرُطَ عَلَيَّ أَحَدٌ مِنْهُمْ أَوْ يَطْغَى، عَزَّ جَارُكَ، وَجَلَّ تَنَازُؤُكَ، وَلَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ. »

« O Allah, Mèt 7 syèl yo ak Mèt Gran Twòn lan, vin tounen pwotektèm (abri m) kont tèl moun pitit tèl moun*, ak tout patizan li yo pami kreyatiw yo, pou pèsonn nan yo pa atakem brid sou kou oswa pase sou lòd mwen avèk tirani. Moun ou pwoteje a an sekirite nèt, louwanj ou se yon grandè ekstrèm, epi pa gen lòt dye apa ou menm. »²

« اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَعَزُّ مِنْ خَلْقِهِ جَمِيعًا، اللَّهُ أَعَزُّ مِمَّا أَخَافُ وَأَحْذَرُ، أَعُوذُ بِاللَّهِ الَّذِي لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ، الْمُمْسِكِ السَّمَوَاتِ السَّبْعِ أَنْ يَقَعَنَّ عَلَى الْأَرْضِ إِلَّا بِإِذْنِهِ، مِنْ شَرِّ عَبْدِكَ فُلَانٍ، وَجُنُودِهِ وَأَتْبَاعِهِ وَأَشْيَاعِهِ، مِنَ الْجِنَّ وَالْإِنْسِ، اللَّهُمَّ كُنْ لِي جَارًا مِنْ شَرِّهِمْ، جَلَّ تَنَازُؤُكَ وَعَزَّ جَارُكَ، وَتَبَارَكَ اسْمُكَ، وَلَا إِلَهَ غَيْرُكَ. »

« Allah se pi gran an; Allah pi pwisan pase tout kreyasyon li an nèt; Allah pi pwisan pase sa mwen pè ak sa map mefyem lan. Mwen chèche

¹ Al-Boukhari (5/172), nimewo (4563).

² Boukhari nan Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (707), epi Al-Albani deklarel otantik nan Sahih Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (545).

pwoteksyon bò kote Allah, Sila a ki pa gen lòt dye apa Li menm, Sila a ki kenbe 7 syèl yo pou yo pa tonbe sou tè a san pèmision li, kont mechanste sèvitèw la tèl moun (foulan)*, kont lame li yo, patizan li yo, ak tout moun kap mache avèl yo, kit se pami djinn kit se pami lèzòm. O Allah, vin sèvim abri (pwotektè) kont tout mechanste yo. Louwanj ou se yon grandè ekstrèm, moun ou pwoteje a an sekirite nèt, non ou beni, epi pa gen lòt dye Sèlman ou menm. »

ثَلَاثَ مَرَّاتٍ.

3 fwa¹.

38. Envokasyon kont lènmi an

«اللَّهُمَّ مُنْزِلَ الْكِتَابِ، سَرِيعَ الْحِسَابِ، اهْزِمِ الْأَحْزَابَ، اللَّهُمَّ اهْزِمْهُمْ وَزَلْزِلْهُمْ».

O Allah Sila a ki te voye Liv la desann, Sila a ki rapid nan rann kont lan: kraze kowalisyon lènmi yo (fanmi alye yo). O Allah, kraze yo nèt epi fè yo tranble!²

39. Sa pou yon moun di lè li gen krentif pou yon gwoup moun

«اللَّهُمَّ اكْفِنِيهِمْ بِمَا شِئْتَ».

« O Allah, pwotejem kont yo (sifi pou mwen kont

¹ Boukhari nan Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (708), epi Al-Albani deklare li otantik nan Sahih Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (546).

² Muslim (3/1362) nimewo (1742).

yo) nan fason ou vle a. »¹

40. Siplikasyon pou moun ki gen dout nan lafwa li

« Li chèche pwoteksyon bò kote Allah »² Li di:
« Mwen chèche pwoteksyon bò kote Allah kont satan, sila a yo chase epi kalon-nen ak kout wòch la »

« Se poul sispann panse ak sa kap twouble lespril la. »³

Li di:

(أَمَنْتُ بِاللَّهِ وَرُسُلِهِ).

(Mwen kwè nan Allah ak nan mesaj Li yo))⁴.

Li resite pawòl Li, Sila ki Egzalte a / Se pou li resite pawòl Allah Toupwisan an :

(هُوَ الْأَوَّلُ وَالْآخِرُ وَالظَّاهِرُ وَالْبَاطِنُ وَهُوَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿٢٠﴾)

3- Se Li menm ki Premye a ak Dènye a, sa ki parèt aklè a ak sa ki kache a, epi Li konnen tout bagay. [Al-Hadid: 3]⁵.

¹ Muslim (4/2300) nimewo (3005).

² Al-Bukhari avèk Al-Fath (6/336) nimewo (3276), epi Muslim (1/120) nimewo (134).

³ Al-Bukhari avèk Al-Fath (6/336) nimewo (3276), ak Muslim (1/120) nimewo (134).

⁴ Muslim (1 /119-120) nan nimewo (134).

⁵ Abu Dawud (4/329) nimewo (5110), epi Al-Albani te klasifye li kòm Hasan nan Sahih Abu Dawud (3/962).

41- Lapriyè (envokasyon) pou peye dèt

«اللَّهُمَّ اكْفِنِي بِحَلَالِكَ عَنْ حَرَامِكَ، وَأَغْنِنِي بِفَضْلِكَ عَمَّنْ سِوَاكَ».

« O Allah, fè sa ki legal (halal) sifi pou mwen poum pa bezwen sa ki entèdi (aram), epi ak gras ou, fèm pa depann okenn pèsonn lòt pase Ou menm. »¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْهَمِّ وَالْحَزَنِ، وَالْعَجْزِ وَالْكَسَلِ، وَالْبُخْلِ وَالْجُبْنِ، وَضَلَعِ الدَّيْنِ وَغَلَبَةِ الرِّجَالِ».

« O Allah, mwen chèche pwoteksyon bò kote Ou kont tèt chaje ak tristès, kont enpwisans ak parese, kont kras (chich) ak laperèz, epi kont pwa dèt ak dominasyon lòt gason (lòt moun sou mwen). »²

42- Lapriyè (envokasyon) kont move panse nan lapriyè a ak lekti a.

«أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ»

« Mwen chèche pwoteksyon bò kote Allah kont Satan, sila a yo chase epi jete wòch sou li a (modi a).»

وَائْتَقُلْ عَلَى يَسَارِكَ (تَلَاثًا)».

Epi krache sou bò gòch ou (3 fwa)»³.

¹ At-Tirmidhi (5/560), nimewo (3563), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/180).

² Al-Bukhari (7/158) nimewo (2893), epi li te site anvan (paj 83) nimewo (121).

³ Muslim (4/1729) sou nimewo (2203), dapre Hadith Uthman bin Abi Al-As, se pou Allah satisfè avèk li, epi ladan li di: Mwen te fè sa, epi Allah te retirel sou mwen.

43. Lapriyè (envokasyon) pou moun ki twouve yon sitiyasyon twò difisil pou li

«اللَّهُمَّ لَا سَهْلَ إِلَّا مَا جَعَلْتَهُ سَهْلًا، وَأَنْتَ تَجْعَلُ الْحَزْنَ إِذَا شِئْتَ سَهْلًا».

« O Allah, pa gen anyen ki fasil sof sa Ou menm Ou rann fasil, epi Ou menm, lè Ou vle, Ou fè sa ki difisil tounen fasil. »¹

44. Sa yon moun ki fè yon peche dwe di ak sal dwe fè

«مَا مِنْ عَبْدٍ يُذِيبُ ذَنْبًا فَيُحْسِنُ الطُّهُورَ، ثُمَّ يَقُومُ فَيُصَلِّي رَكْعَتَيْنِ، ثُمَّ يَسْتَغْفِرُ اللَّهَ إِلَّا غَفَرَ اللَّهُ لَهُ».

«Pa gen okenn sèvitè ki fè yon peche, epi li byen fè woudou li, après li kanpe epi li fè 2 'Rakat ', après li mande Allah padon, san Allah pa padone li.»².

45. Envokasyon (lapriyè) pou chase Satan ak chichotman li yo.

« Chèche pwoteksyon bò kote Allah kont li (Satan) »³.

¹ Ibn Hibban te rapòtel nan Sahih li a sou nimewo (2427) (Mawarid), ak Ibn As-Sunni sou nimewo (351), epi Al-Hafiz te di: "Sa a se yon hadith otantik", epi Abdul Qadir Al-Arna'ut te otantifye l nan Takhrij Al-Adhkar An-Nawawi a (paj 106).

² Abou Daoud (2/86) sou nimewo (1521), ak At-Tirmidhi (2/257) sou nimewo (406), epi Al-Albani otantifye l nan Sahih Abou Daoud (1/283).

³ Abu Dawud (1/203) nimewo, ak Ibn Majah (1/265) nimewo (807), referans li deja site nan nimewo (31), epi gade: Sourat Al-Mu'minun: [97-98].

(Al-Azan)¹.

« Fòmil rapèl yo (priyè ak louwanj yo) ak lekti Koran an »

« لَا تَجْعَلُوا بُيُوتَكُمْ مَقَابِرَ، إِنَّ الشَّيْطَانَ يَنْفِرُ مِنَ الْبَيْتِ الَّذِي تُقْرَأُ فِيهِ سُورَةُ الْبَقَرَةِ. »

« Pa fè kay nou yo tounen simityè; anverite, Satan kouri kite kay kote yo li sourat Al-Baqarah ladan li. »².

Epi pami sa ki chase Satan genyen envokasyon maten ak aswè yo, pou dòmi ak reveye, evokasyon pou antre nan kay la ak soti ladan li, envokasyon pou antre nan moske a ak soti ladan li, ansanm ak lòt envokasyon ki preskri yo, tankou: lekti Ayat Al-Koursi lè moun ap al dòmi, ak 2 dènye vèsè nan Sourat Al-Baqarah a, epi sila a ki di:

لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ

Pa gen okenn lòt divinite ki merite adorasyon eksepte Allah, Li menm sèl, Li pa gen okenn asosye. Se pou Li pouvwa a, se pou Li louwanj la, epi Li gen pouvwa sou tout bagay.

مِائَةً مَرَّةً، كَانَتْ لَهُ حِزًّا مِنَ الشَّيْطَانِ يَوْمِهِ كُلِّهِ،

100 fwa, lap sèvi kòm yon pwoteksyon pou li

¹ Muslim (1/291) nimewo (389), ak Al-Bukhari (1/151) nimewo (608).

² Rapòte pa Mouslim (1/539), anba nimewo (780).

kont Satan pandan tout jounen an¹, Konsa tou, Azàn lan chase Satan.

46. Envokasyon pou lè yon bagay ou pa renmen rivew, oswa lè yon sitiyasyon depasew

«قَدَرُ اللَّهِ وَمَا شَاءَ فَعَلَ».

« Se desten Allah, epi sa li vle li fè. »².

47- « Felisitasyon pou moun ki fèk gen yon tibebe (yon timoun) ak fason li dwe reponn »

«بَارَكَ اللَّهُ لَكَ فِي الْمَوْهُوبِ لَكَ، وَشَكَرْتَ الْوَاهِبَ، وَبَلَغَ أَشُدَّهُ، وَرَزَقْتَ بِهِ».

« Se pou Allah beni kado Li ba ou a (pitit sa a), se pouw remèsye Sila a ki fèw kado a (Allah), se pou timoun nan grandi rive nan laj matiritel, epi se pou Allah ba ou favè pou li gen obeyisans ak respè pou ou. »³

Epi moun ki resevwa felisitasyon an reponn li, li di:

¹ Se Al-Bukhari ki rapòtel (4/126) anba nimewo (3293).

² « Yon kwayan ki fò pi bon epi Allah renmen li plis pase yon kwayan ki fèb, men gen bon bagay nan tou 2. Chèche ak tout kèw sa kap itil ou a, konte sou Allah epi pa dekouraje (pa rann tèt ou enpwisan). Si yon malè ta rivew, pa di : "Si mwen te fè konsa, se tap konsa ak konsak tap rive", men pito di : "Se volonte Allah (desten), epi sal vle Li fèl", paske mo "si" a louvri pòt pou travay Satan. »

³ " Li mansyone nan pawòl Al-Hasan Al-Basri. Gade nan liv: Toufat al-Mawdoud pa Ibn al-Qayyim (paj 20), epi li atribiye li bay Ibn al-Mundhir nan Al-Awsat."

«بَارَكَ اللَّهُ لَكَ وَبَارَكَ عَلَيْكَ، وَجَزَاكَ اللَّهُ خَيْرًا، وَرَزَقَكَ اللَّهُ مِثْلَهُ، وَأَجَزَلَ ثَوَابَكَ».

« Se pou Allah beni ou, epi se pou Li vide benediksyon linsou ou, se pou Allah rekonpanse ou an byen, se pou Allah akòde ou menm jan an tou, epi se pou Li miltipliye rekonpans ou »¹.

48. Sa yo di pou chache pwoteksyon pou timoun yo. / Sa yo resite pou pwoteje timoun yo

Mesaje Allah la ﷺ (ke lapè AK Benediksyon Allah kouvril) te konn mande pwoteksyon pou Al-Hasan ak Al-Husayn (se pou Allah satisfè ak yo tou 2).

«أُعِيدُكُمْ بِكَلِمَاتِ اللَّهِ التَّامَّةِ مِنْ كُلِّ شَيْطَانٍ وَهَامَّةٍ، وَمِنْ كُلِّ عَيْنٍ لَامَةٍ».

« Mwen mete nou tou 2 anba pwoteksyon pawòl pafè Allah yo kont tout kalite satan (dyab), tout bèt ki gen pwazon (oswa bèt nwizib), epi kont tout move zye ki ka fè mal. »².

49. Fè lapriyè (envokasyon) pou moun ki malad la lè wap vizite li.

«لَا بَأْسَ ظُهُورًا إِنْ شَاءَ اللَّهُ».

¹ An-Nawawi te di sa nan Al-Adhkar (paj 349), epi gade: Sahih Al-Adhkar pou An-Nawawi, pa Salim Al-Hilali (2/713), ak Tamam Al-Takhrij fi Al-Dhikr wa Al-Du'a wa Al-'Ilaj bi Al-Ruqa pa otè a (1/416).

² Al-Boukhari (4/119) anba nimewo (3371), dapre adit Ibn Abbas (ke Allah satisfè avèk yo).

« Pa gen mal (pa dekouraje), se yon pirifikasyon (pou pechew yo) si Allah vle. »¹.

«سَأَلَ اللَّهُ الْعَظِيمَ رَبَّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ أَنْ يَشْفِيكَ»

«Mwen mande Allah ki gen anpil grandè, Mèt Twòn ki gen anpil grandè a, pou li geri ou»
7 fwa².

50. Merit (rekonpans / byenfè) ki genyen nan al vizite moun ki malad

Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«إِذَا عَادَ الرَّجُلُ أَخَاهُ الْمُسْلِمَ مَشَى فِي خِرَافَةٍ الْحِجَّةِ حَتَّى يَجْلِسَ، فَإِذَا جَلَسَ عَمَرَتْهُ الرَّحْمَةُ، فَإِنْ كَانَ غُدْوَةً صَلَّى عَلَيْهِ سَبْعُونَ أَلْفَ مَلَكٍ حَتَّى يُمِيتَ، وَإِنْ كَانَ مَسَاءً صَلَّى عَلَيْهِ سَبْعُونَ أَلْفَ مَلَكٍ حَتَّى يُصْبِحَ».

« Lè yon Mesye al vizite frè mizilman li ki malad, li ap mache pami fwi Paradi yo jiskaske li chita, epi lè li fini chita, mizèrikòd kouvri li nèt. Si se nan maten, swasanndimil (70 mil) zanj ap priye pou li jiskaske aswè rive, epi si se nan aswè, swasanndimil (70 mil) zanj ap priye pou li jiskaske maten kase. »³

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (10/118) nimewo (3616).

² « Pa gen okenn sèvitè Mizilman ki vizite yon moun malad ki poko rive nan lè lanmò li, epi li di 7 fwa... san li pa jwenn gerizon. » Rapòte pa At-Tirmidhi anba nimewo (2083), ak Abu Dawud anba nimewo (3106) ; epi gade nan: Sahih At-Tirmidhi (2/210), ak Sahih Al-Jami' (5/180).

³ Tirmidhi rapòtel anba nimewo (969), Ibn Majah anba nimewo (1442), ak Ahmad anba nimewo (975), epi gade: Sahih Ibn Majah (1/244) ak Sahih Tirmidhi (1/286), epi Ahmad Shakir te otantifye l tou.

51-Lapriyè (envokasyon) pou yon moun ki malad ki pèdi espwa poul kontinye viv (ki nan dènye jou li yo)

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي، وَارْحَمْنِي، وَأَلْحِقْنِي بِالرَّفِيقِ الْأَعْلَى.»

« O Allah, padonnen mwen ,gen pitye (mizèrikòd) pou mwen, epi fèm reyini ak pi wo konpanyon yo (nan syèl la). »¹

Nan moman lanmò li, Pwofèt la (se pou lapè AK Benediksyon Allah kouvril) te mete 2 men li nan dlo a, li siye figil avèk yo, epi li tap di:

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ»

«Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah

إِنَّ لِلْمَوْتِ سَكْرَاتٍ.»

« Se sèten lanmò gen doulè / agoni pal. »².

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَلَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ.»

«Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, epi Allah se Pi Gran an. Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, Li sèl. Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah,

¹ Al-Bukhari (7/10) nimewo (4435), ak Muslim (4/1893) nimewo (2444).

² Al-Bukhari avèk Al-Fath (8/144) nimewo (4449), epi nan adis la yo mansyone siwak la.

Li sèl, Li pa gen asosye. Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, se pou Li tout pouvwa a ye, se pou Li tout lwanj yo ye. Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, epi pa gen okenn mwayen ni okenn fòs si se pa avèk pèmasyon Allah»¹.

52. Ede moun kap rann nanm li a (rann dènye souf li/ rakle) pwononse pawòl la

«مَنْ كَانَ آخِرُ كَلَامِهِ

«Nenpòt moun ki dènye pawòl li se

لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ

Pa gen okenn divinite ki merite adorasyon Sèlman Allah sèl)

دَخَلَ الْجَنَّةَ».

Lap antre nan Paradi².

53. Lapriyè (envokasyon) pou moun ki frape pa yon malè (oswa yon kalamite).

«إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّا إِلَيْهِ رَاغِبُونَ، اللَّهُمَّ أَجْرِي فِي مُصِيبَتِي، وَأَخْلِفْ لِي خَيْرًا مِنْهَا».

Se pou Allah nou ye, epi se kote Li nap retounen. O Allah rekonpanse nan malè (kalamite) sa a ki

¹ Rapòte pa At-Tirmidhi anba nimewo (3430), ak Ibn Majah anba nimewo (3794), ak Al-Albani deklare li Sahîh, gade: Sahîh At-Tirmidhi (3/152), ak Sahîh Ibn Majah (2/317).

² Abou Dawoud (3/190) nimewo (3116), epi gade: Sahih Al-Jami' (5/432).

tonbe sou mwen an, epi ranplasel pou mwen ak yon bagay ki pi bon pasel.¹

54- Lapriyè (envokasyon) lè yap fèmen zye yon moun ki mouri.

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِفُلَانٍ (بِاسْمِهِ) وَارْقَعْ دَرَجَتَهُ فِي الْمَهْدِيِّينَ، وَاخْلُقْهُ فِي عَقِبِهِ فِي الْغَايِبِينَ، وَاغْفِرْ لَنَا وَلَهُ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ، وَأَفْسَحْ لَهُ فِي قَبْرِهِ، وَنَوِّرْ لَهُ فِيهِ».

O Allah, padone [rele non moun nan], leve ran li pami moun ki byen gide yo, pran swen moun li kite dèyè yo pami sa ki vivan yo, padone nou ansanm avèk li, O Mèt tout linivè a, elaji kavo li a pou li, epi mete limyè ladan li pou li.²

55- Lapriyè (envokasyon) pou moun ki mouri a pandan lapriyè fineray la (Salat al-Janaza).

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لَهُ وَارْحَمْهُ، وَعَافِهِ، وَاعْفُ عَنْهُ، وَأَكْرِمْ نُزُلَهُ، وَوَسِّعْ مَدْخَلَهُ، وَاعْسِلْهُ بِالْمَاءِ الْتَلْجِ وَالْبَرْدِ، وَنَقِّهِ مِنَ الْخَطَايَا كَمَا نَقَّيْتَ الثَّوْبَ الْأَبْيَضَ مِنَ الدَّنَسِ، وَأَبْدِلْهُ دَارًا خَيْرًا مِنْ دَارِهِ، وَأَهْلًا خَيْرًا مِنْ أَهْلِهِ، وَزَوْجًا خَيْرًا مِنْ زَوْجِهِ، وَأَدْخِلْهُ الْجَنَّةَ، وَأَعِذْهُ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ [وَعَذَابِ النَّارِ]».

O Allah padonel epi gen pitye pou li, prezève li, pase sou fot li yo, ba li yon bèl akèy, elaji kotel pral repoze a, lavel avèk dlo, nèj ak lagrèl, netwayel anba

¹ Muslim (2/632) nimewo (918).

² Muslim (2/634) nimewo (920).

pechel yo menm jan Ou netwaye yon rad blan anba salte, ranplase kay li a ak yon kay ki pi bon pase kay li a, fanmil ak yon fanmi ki pi bon pase fanmil, maril/madanm li ak yon mari/madanm ki pi bon pase pal la, fè li antre nan Paradi a, epi pwoteje li kont chatiman kavo a [ak chatiman Difè a].¹

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِحَيَّتِنَا وَمَيِّتِنَا، وَشَاهِدِنَا وَغَائِبِنَا، وَصَغِيرِنَا وَكَبِيرِنَا، وَذَكَرِنَا وَأُنْثَانَا، اللَّهُمَّ مَنْ أَحْيَيْتَهُ مِنَّا فَأَحْيِهِ عَلَى الْإِسْلَامِ، وَمَنْ تَوَفَّيْتَهُ مِنَّا فَتَوَفَّهُ عَلَى الْإِيمَانِ، اللَّهُمَّ لَا تَحْرِمْنَا أَجْرَهُ، وَلَا تُضِلَّنَا بَعْدَهُ».

«O Allah! Padone moun ki vivan pami nou yo ak moun ki mouri yo, sa ki prezan yo ak sa ki absan yo, timoun piti nou yo ak granmoun nou yo, gason nou yo ak fi nou yo. O Allah, kèlkeswa moun pami nou Ou bay lavi, fèl viv sou Islam, epi kèlkeswa moun pami nou Ou pran nanm li, fèl mouri sou lafwa. O Allah, pa prive nou de rekonpans li, epi pa egare nou aprè li»².

«اللَّهُمَّ إِنَّ فُلَانًا بَنَ فُلَانٍ فِي ذِمَّتِكَ، وَحَبْلُ جِوَارِكَ، فَقِهِ مِنْ فِتْنَةِ الْقَبْرِ، وَعَذَابِ النَّارِ، وَأَنْتَ أَهْلُ الْوَفَاءِ وَالْحَقِّ، فَاعْفِرْ لَهُ وَارْحَمْهُ إِنَّكَ أَنْتَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ».

«O Allah! Sètènman entèl pitit entèl anba pwoteksyon Ou, ak nan kòd garanti Ou, kidonk pwoteje li kont eprèv nan tonbo a, ak kont pinisyon

¹ Muslim (2/663) nimewo (963).

² Abou Daoud nimewo (3201), ak At-Tirmidhi nimewo (1024), ak An-Nasa'i nimewo (1985), ak Ibn Majah (1/480) nimewo (1498), ak Ahmad (2/368) nimewo (8809), epi gade: Sahih Ibn Majah (1/251).

Dife a. Epi se Ou menm ki Mèt fidelite ak verite a, kidonk padone li epi gen mizèrikòd pou li, sètènman se Ou menm ki Konn Padone a, ki gen anpil Mizèrikòd la»¹.

«اللَّهُمَّ عَبْدُكَ وَابْنُ أَمَتِكَ احْتَاجُ إِلَى رَحْمَتِكَ، وَأَنْتَ عَنِّي عَنْ عَذَابِهِ، إِنْ كَانَ مُحْسِنًا فَرِّدْ فِي حَسَنَاتِهِ، وَإِنْ كَانَ مُسِيئًا فَتَجَاوَزْ عَنْهُ».

O Allah, sèvitè Ou a, pitit fi sèvant Ou a, bezwen mizèrikòd Ou, epi Ou menm Ou pa bezwen pini li. Si li te konn fè sa ki byen, ogmante nan bon aksyon li yo; epi si li te konn fè sa ki mal, pase sou fot li yo (padonel).²

56-Lapriyè pou yon timoun ki mouri pandan lapriyè fineray la (Salat al-Janaza).

«اللَّهُمَّ أَعِذْهُ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ».

«O Allah, pwotejel anba chatiman tonb lan.»³.

Epi si li di:

«اللَّهُمَّ اجْعَلْهُ فَرَطًا وَذُخْرًا لَوَالِدَيْهِ، وَشَفِيعًا مُجَابًّا، اللَّهُمَّ ثَقِّلْ بِهِ مَوَازِينَهُمَا،

¹ Rapòte pa Ibn Majah anba nimewo (1499), gade: Sahih Ibn Majah (1/251), ak rapòte pa Abou Dawoud (3/211) anba nimewo (3202).

² " Rapòte pa Al-Hakim ak li deklare li Sahih, epi Ad-Dhahabi dakò avèk li (1/359), epi gade: Ahkam Al-Jana'iz pa Al-Albani (paj 125)."

³ (Sa'id bin Al-Musayyib te di: Mwen te fè lapriyè dèyè Abu Hurairah (ke Allah kontan avèk li) pou yon ti gason ki pat janm fè okenn peche, epi mwen te tandè lap di..) hadith la. Malik te rapòtel nan Al-Muwatta' (1/288), ak Ibn Abi Shaybah nan Al-Musannaf (3/217), ak Al-Bayhaqi (4/9), epi Shu'ayb Al-Arna'ut te otantifye chèn transmisyon li an nan verifikasyon li te fè pou Sharh As-Sunnah pa Al-Baghawi a (5/357).

وَأَعْظَمَ بِهِ أَجُورَهُمَا، وَالْحَقُّهُ بِصَالِحِ الْمُؤْمِنِينَ، وَاجْعَلْهُ فِي كِفَالَةِ إِبْرَاهِيمَ، وَرَبِّهِ بِرَحْمَتِكَ عَذَابَ الْحَجِيمِ، وَأَبْدِلْهُ دَارًا خَيْرًا مِنْ دَارِهِ، وَأَهْلًا خَيْرًا مِنْ أَهْلِهِ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لَأَسْلَافِنَا، وَأَفْرَاطِنَا، وَمَنْ سَبَقَنَا بِالْإِيمَانِ».

«O Allah! Fè timoun sa a devanse paran li yo (nan Paradi) poul prepare plas pou yo, fè li tounen yon trezò ak yon pwoteksyon pou yo, epi fèl tounen yon entèsesè (yon moun kap plede pou yo) Allah ap koute. O Allah! Sèvi ak lanmò sa a pou fè balans bon zak paran li yo vin pi lou, epi fè rekonpans yo vin pi gran. Metel ansanm ak kwayan debyen yo, mete l anba swen ak pwoteksyon pwofèt Ibrahim, epi ak mizèrikòd Ou, sovel anba chatiman lanfè a, ranplase kay li ak yon kay ki pi bon pase kay li a, epi fanmi l ak yon fanmi ki pi bon pase fanmi li a. O Allah! Padone moun ki te mouri anvan nou yo, timoun nou yo ki devanse nou yo, ak moun ki te devanse nou nan lafwa yo»

Li bon¹.

«اللَّهُمَّ اجْعَلْهُ لَنَا فَرَطًا، وَسَلَفًا، وَأَجْرًا».

« O Allah ,fè li tounen yon devansye pou nou, yon trezò ki pase anvan nou, ak yon rekonpans. »²

¹ Gade: Al-Mughni pa Ibn Qudamah (3/416), ak Ad-Durus al-Muhimmah li Ammat al-Ummah, pa Cheikh Abdul Aziz bin Abdullah bin Baz (ke Allah fè l mizèrikòd) (paj 15).

² Al-Hasan te konn fè lekti Al-Fatiha sou timoun nan, epi li di... adit la. Al-Baghawi rapòte li nan Sharh As-Sunnah (5/357), ak Abdul Razzaq sou nimewo (6588), epi Al-Bukhari sitel an sispansyon (mu'allaq) nan Liv

57. Lapriyè pou konsòle yon moun ki nan lapenn.(Ki gen moun mouri)

«إِنَّ لِلَّهِ مَا أَخَذَ، وَلَهُ مَا أَعْطَى، وَكُلُّ شَيْءٍ عِنْدَهُ بِأَجَلٍ مُّسَمًّى... فَلْتَصْبِرْ وَلْتَحْتَسِبْ».

Tout sa Allah pran se pou Li, tout sa Li bay se pou Li, epi chak bagay gen yon limit tan Li deja fikse... Kidonk, pran pasyans epi mete espwaw nan rekonpans Li.¹

Epi si li di:

«أَعْظَمَ اللَّهُ أَجْرَكَ، وَأَحْسَنَ عَزَاءَكَ، وَعَقَرَ لِمَيِّتِكَ»

« Se pou Allah ogmante rekonpans ou, se pou Li konsòle kèw nan lapenn ou, epi se pou Li padone moun paw la ki mouri a. »

Alò, li bon².

58- Lapriyè pou lè yap desann mò a nan tonb li an

«بِسْمِ اللَّهِ وَعَلَى سُنَّةِ رَسُولِ اللَّهِ».

« Nan non Allah, epi dapre prensip ak tradisyon Mesaje Allah a. »³

Janaza yo (65), Chapit: Lekti Al-Fatiha sou Janaza a (2/113), anvan adit nimewo (1335).

¹ Al-Bukhari (2/80) nimewo (1284), ak Muslim (2/636) nimewo (923).

² Al-Adhkar pa Al-Nawawi (Paj 126).

³ Abu Dawud (3/314) sou nimewo (3215) ak yon chèn transmisyon otantik, ak Ahmad sou nimewo (5234) ak nimewo (4812) avèk fòmilasyon sa a:

59. Lapriyè aprè yo fini antere mò a

«اللَّهُمَّ اغْفِرْ لَهُ، اللَّهُمَّ تَبِّتْهُ».

«O Allah! Padone li, O Allah! Kenbe li fèm»¹.

60- Lapriyè lè wap vizite simityè (tonbo yo)

«السَّلَامُ عَلَيْكُمْ أَهْلَ الدِّيَارِ، مِنَ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَإِنَّا إِن شَاءَ اللَّهُ بِكُمْ لَاحِقُونَ، [وَيَرْحَمُ اللَّهُ الْمُسْتَقْدِمِينَ مِنَّا وَالْمُسْتَخِيرِينَ] أَسْأَلُ اللَّهَ لَنَا وَلَكُمْ الْعَافِيَةَ».

« Se pou lapè ak sekirite sou nou, o moun ki abite kote sa a, pami kwayan yo ak mizilman yo. Epi nou menm tou, si Allah vle (inchallah) , nou gen pou nou vin jwenn nou. [E se pou Allah fè moun ki te pati anvan yo gras pami nou, ansanm ak moun ki gen pou vin aprè yo]. Mwen mande Allah sekirite ak delivrans pou nou menm ansanm ak nou menm. »²

61-Lapriyè pou lè van ap soufle fò

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَهَا، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهَا».

«Nan non Allah, epi sou relijyon Mesaje Allah a», epi chèn transmisyon li an otantik.

¹ Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah kouvri li), lè li te fin antere mò a, li te konn kanpe bò kote li, epi li te di: «Mande padon pou frè nou an, epi mande fèmte pou li; paske kounye a yap poze li kesyon». Abu Dawud (3/315) nimewo (3223) ak Al-Hakim, epi li te otantifye li, epi Ad-Dhahabi te dakò avèk li (1/370).

² Mouslim (2/671) anba nimewo (975), ak Ibn Mājah (1/494), epi pawòl yo se pou li, anba nimewo (1547), dapre Bourayda, ke Allah satisfè avèk li, epi sa ki ant kwochè yo se dapre hadith Aisha, ke Allah satisfè de li, nan Mouslim (2/671) anba nimewo (975).

« O Allah, mwen mande Ou tout byen ki gen nan van sa a, epi mwen chèche pwoteksyon nan men Ou kont tout mal ki gen ladan li. »¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَهَا، وَخَيْرَ مَا فِيهَا، وَخَيْرَ مَا أُرْسِلْتُ بِهِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهَا، وَشَرِّ مَا فِيهَا، وَشَرِّ مَا أُرْسِلْتُ بِهِ.»

« O Allah mwen mande Ou byen ki gen nan van sa a, byen ki anndan li, ansanm ak tout byen Li voyel pote a; epi mwen chèche pwoteksyon nan men Ou kont mal ki gen nan van sa a, mal ki anndan li, ansanm ak tout mal Li voyel pote a. »²

62- Lapriyè pou lè loraj ap gwonde

«سُبْحَانَ الَّذِي يُسَبِّحُ الرَّعْدُ بِحَمْدِهِ وَالْمَلَائِكَةُ مِنْ خِيفَتِهِ.»

«Glwa pou Sila a loraj la ap glorifye avèk louwanj Li, epi zanj yo tou akòz lakrentif pou Li»³.

63. Pami siplikasyon pou 'Al-Istisqa' (Lapriyè pou mande lapli)

«اللَّهُمَّ اسْقِنَا عَيْنًا مُغِيثًا مَرِيئًا مَرِيئًا، نَافِعًا غَيْرَ ضَارٍّ، عَاجِلًا غَيْرَ آجِلٍ.»

« O Allah vide sou nou yon gwo lapli kap pote soulajman, yon lapli ki agreyab epi ki bay bon

¹ Rapòte pa Abou Dawoud (4/326), anba nimewo (5099), ak Ibn Majah (2/1228), anba nimewo (3727), ak gade: Sahih Ibn Majah (2/305).

² Mouslim, ak vèsyon an se pal(2/666), anba nimewo (899), ak Al-Boukhari (4/76), anba nimewo (3206) ak (4829).

³ Lè Abdullah ibn Az-Zubayr (ke Allah satisfè avèk yo) te konn tande loraj, li te sispann pale epi li te di:... adit la, Al-Muwatta (2/992), epi Al-Albani te di nan Sahih Al-Kalim At-Tayyib (157): "Isnad li ot

rekòlt, yon lapli ki itil san li pa fè dega, yon lapli ki rive touswit san li pa pran reta. »¹

«اللَّهُمَّ اغْنِنَا، اللَّهُمَّ اغْنِنَا، اللَّهُمَّ اغْنِنَا».

""O Allah! Voye lapli pou nou, O Allah! Voye lapli pou nou, O Allah! Voye lapli pou nou.""²

«اللَّهُمَّ اسْقِ عِبَادَكَ، وَبَهَائِمَكَ، وَأَنْشُرْ رَحْمَتَكَ، وَأَحْيِ بَلَدَكَ الْمَيِّتَ».

« O Allah bay sèvitèw yo dlo pou yo bwè ansanm ak bèt ou yo, simaye mizèrikòd ou, epi fè peyiw la ki fin mouri a reviv ankò. »³

64- Lapriyè pou lè yon moun wè lapli ap tonbe

«اللَّهُمَّ صَيِّبًا نَافِعًا».

« O Allah, fè se yon lapli kap vide an kantite epi ki pote byenfè ak benediksyon. »⁴

65. Evokasyon (Lapriyè) aprè lapli fini tonbe

«مُطَرَّنَا بِفَضْلِ اللَّهِ وَرَحْمَتِهِ».

«Nou resevwa lapli gras avèk favè Allah ak

¹ Abou Dawoud (1/303) anba nimewo (1171), epi Al-Albani te otantifye li nan Sahih Abou Dawoud (1/216).

² Al-Boukhari (1/224) anba nimewo (1014), ak Mouslim (2/613) anba nimewo (897).

³ Abu Dawud (1/305) anba nimewo (1178), epi Al-Albani te kalifye l kòm Hasan nan Sahih Abu Dawud (1/218).

⁴ Al-Bukhari avèk Al-Fath (2/518) nimewo (1032).

mizèrikòd Li»¹.

66-Pami lapriyè pou mande lapli sispann epi syèl la vin klè

«اللَّهُمَّ حَوَالَيْنَا وَلَا عَلَيْنَا، اللَّهُمَّ عَلَى الْآكَامِ وَالْظَّرَابِ، وَبُطُونِ الْأَوْدِيَةِ، وَمَنَايِبِ الشَّجَرِ».

« O Allah fè l tonbe toutotou nou men pa sou nou! O Allah fè li tonbe sou ti mòn yo, sou kolin yo, nan fon ravin yo, epi nan kote pyebwa yo pouse. »².

67-Lapriyè lè yon moun wè nouvèl lin (kwasan lin nan)

«اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُمَّ أَهْلُهُ عَلَيْنَا بِالْأَمْنِ وَالْإِيمَانِ، وَالسَّلَامَةِ وَالْإِسْلَامِ، وَالتَّوْفِيقِ لِمَا نَحِبُ رَبَّنَا وَتَرْضَى، رَبُّنَا وَرَبُّكَ اللَّهُ».

« Allah se pi gran! O Allah fè nouvèl lin sa a leve sou nou avèk sekirite ak lafwa, avèk lapè ak soumisyon pou Ou, epi ak siksè pou nou fè sa Ou renmen ak sa ki fèw plezi. Mèt pa nou ak Mèt pa ou (o lalin) se Allah. »³

¹ Al-Bukhari (1/205) nimewo (846), ak Muslim (1/83) nimewo (71).

² Al-Boukhari (1/224) anba nimewo (933), ak Mouslim (2/614) anba nimewo (897).

³ At-Tirmidhi (5/504) anba nimewo (3451), ak Ad-Darimi ak menm mo yo (1/336), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/157).

68. Priyè (envokasyon) lè yon moun kap fè jèn ap kase jèn nan »

«ذَهَبَ الظَّمَا وَابْتَلَّتِ الْعُرُوقُ، وَتَبَتِ الْأَجْرُ إِنْ شَاءَ اللَّهُ».

« Swaf dlo a fini, venn yo wouze (rejenerasyon fèt), epi rekonpans lan garanti, si Allah vle. »¹

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ بِرَحْمَتِكَ الَّتِي وَسِعَتْ كُلَّ شَيْءٍ أَنْ تَغْفِرَ لِي».

« O Allah mwen mande Ou, gras mizèrikòd Ou a ki kouvri tout bagay, pou Ou padone pechem yo. »²

69. Lapriyè anvan yon moun manje

«إِذَا أَكَلَ أَحَدُكُمْ طَعَامًا فَلْيَقُلْ:

Lè youn nan nou ap manje, se pou li di:

بِسْمِ اللَّهِ،

Nan non Allah,

فَإِنْ نَسِيَ فِي أَوَّلِهِ فَلْيَقُلْ:

E si li ta bliye di sa nan kòmansman an, se pou li di:

بِسْمِ اللَّهِ فِي أَوَّلِهِ وَآخِرِهِ».

¹ Rapòte pa Abou Dawoud (2/306) anba nimewo (2359), ak lòt moun. Epi gade: Sahih Al-Jami' (4/209).

² Rapòte pa Ibn Majah (1/557) anba nimewo (1753) soti nan envokasyon Abdullah bin Amr, ke Allah satisfè ak yo tou 2, epi Al-Hafiz te klase li kòm bon nan Takhrij Al-Adhkar. Gade: Sharh Al-Adhkar (4/342).

Nan non Allah nan kòmansman li ak nan fen li¹.

«مَنْ أَطْعَمَهُ اللَّهُ الطَّعَامَ فَلْيَقُلْ:

Moun Allah bay manje poul manje, se poul di:

اللَّهُمَّ بَارِكْ لَنَا فِيهِ وَأَطْعِمْنَا خَيْرًا مِنْهُ،

O Allah, mete benediksyon pou nou ladan li, epi ban nou manje ki pi bon pasel toujou.

وَمَنْ سَقَاهُ اللَّهُ لَبَنًا فَلْيَقُلْ:

E moun Allah bay lèt pou li bwè, se pou li di:

اللَّهُمَّ بَارِكْ لَنَا فِيهِ وَزِدْنَا مِنْهُ.»

"O Allah, beni li pou nou, epi ban nou plis ladan li»²."

70. Fè envokasyon (Lapriyè) nan moman ou fini manje.

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَطْعَمَنِي هَذَا، وَرَزَقَنِيهِ، مِنْ غَيْرِ حَوْلٍ مِنِّي وَلَا قُوَّةَ.»

« Tout lwanj se pou Allah, Sila a ki ban mwen manje sa a poum manje, epi ki founi mwen li san okenn efò ni okenn fòs ki soti nan mwen menm. »³

«الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ، غَيْرَ [مَكْفِيٍّ وَلَا] مُودَعٍ، وَلَا مُسْتَعْنَى

¹ Rapòte pa Abou Dawoud (3/347) anba nimewo (3767), At-Tirmidhi (4/288) anba nimewo (1858), ak gade: Sahih At-Tirmidhi (2/167).

² At-Tirmidhi (5/506) nimewo (3455), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/158).

³ Rapòte pa otè Sounan yo eksepte An-Nasa'i: Abou Dawoud, anba nimewo: (4025), At-Tirmidhi, anba nimewo: (3458), ak Ibn Majah, anba nimewo: (3285), epi gade Sahih At-Tirmidhi (3/159).

عَنْهُ رَبَّنَا».

Tout lwanj se pou Allah, yon lwanj ki an abondans, ki pi e ki plen benediksyon; se pa yon lwanj ki sifi pou peye favè Li yo, ni yon favè nou ka abandone, ni yon bagay nou ka pase san li, o Mèt nou!¹

71. Lapriyè envite a fè pou mèt kay la (moun ki te ba li manje a)

«اللَّهُمَّ بَارِكْ لَهُمْ فِيْمَا رَزَقْتَهُمْ، وَاعْفِرْ لَهُمْ وَارْحَمَهُمْ».

«O Allah, beni pou yo sa Ou akòde yo kòm pwovizyon, epi padone yo, epi fè yo mizerikòd.»²

Sèvi ak lapriyè kòm yon fason endirèk (diskrè) pou mande manje oswa bwason

«اللَّهُمَّ أَطْعِمْ مَنْ أَطْعَمَنِي، وَاسْقِ مَنْ سَقَانِي».

« O Allah, bay moun ki ban mwen manje a manje pou li manje, epi bay moun ki ban mwen bwè a dlo poul bwè! »³

73. Fè envokasyon (Lapriyè) lè wap koupe jèn lakay yon fanmi.

«أَفْطَرَ عِنْدَكُمْ الصَّائِمُونَ، وَأَكَلَ طَعَامَكُمْ الْأَبْرَارُ، وَصَلَّتْ عَلَيْكُمْ

¹ Al-Bukhari (6/214) nimewo (5458), ak At-Tirmidhi avèk menm mo yo (5/507) nimewo (3456).

² Muslim (3/1615) nimewo (2042).

³ Muslim (3/1626) nimewo (2055).

« Se pou moun kap fè jèn yo toujou jwenn pou yo kase jèn lakay nou, se pou moun ki jis epi ki bon yo manje nan manje nou, epi se pou zanj yo priye pou Allah vide benediksyon sou nou! »¹

74- Lapriyè moun kap fè jèn nan lè manje a pare devan li men li pa kase jèn nan

«إِذَا دُعِيَ أَحَدُكُمْ فَلْيُجِبْ، فَإِنْ كَانَ صَائِمًا فَلْيُصَلِّ، وَإِنْ كَانَ مُعْطَرًا فَلْيَطْعَمْ».

« Lè yo envite youn nan nou, se pou li reponn envitasyon an. Si lap fè jèn, se poul priye (fè benediksyon pou moun yo), epi sil pa sou jèn, se pou li manje. »²

Epi sans «se poul priye», sa vle di: «se pou li fè envokasyon».

75- Sa yon moun kap fè jèn dwe di si yon moun joure li (oubyen ensiltel)

«إِنِّي صَائِمٌ، إِنِّي صَائِمٌ».

«Mwen ap jene, mwen ap jene»³.

¹ Sunan Abu Dawud (3/367) nimewo (3856), ak Ibn Majah (1/556) nimewo (1747), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah, nimewo (296-298), epi li presize ke li ﷺ te konn di sa lè li kase jeun li lakay yon fanmi, epi Al-Albani te otantifye li nan Sahih Abu Dawud (2/730).

² Muslim (2/1054) nimewo (1150).

³ Al-Bukhari avèk Al-Fath (4/103) nimewo (1894), ak Muslim (2/806) nimewo (1151).

76. Lapriyè pou lè yon moun wè premye grenn fwi nan yon rekòt (fwi ki fèk donnen)

«اللَّهُمَّ بَارِكْ لَنَا فِي ثَمَرِنَا، وَبَارِكْ لَنَا فِي مَدِينَتِنَا، وَبَارِكْ لَنَا فِي صَاعِنَا، وَبَارِكْ لَنَا فِي مَدَنَّا».

«O Allah, beni fwi nou yo pou nou, beni vil nou an pou nou, beni mezi Sa' nou an pou nou, epi beni mezi Mudd nou an pou nou. »¹

77. Lapriyè pou lè yon moun etènye

«إِذَا عَطَسَ أَحَدُكُمْ فَلْيَقُلْ:

«Lè youn nan nou estènye, se pou li di:

الْحَمْدُ لِلَّهِ،

Lwanj pou Allah,

وَلْيَقُلْ لَهُ أَخُوهُ أَوْ صَاحِبُهُ:

Epi se pou frè li oswa zanmi li di li:

يَرْحَمَكَ اللَّهُ،

"Se pou Allah gen pitye pou ou,"

فَإِذَا قَالَ لَهُ: يَرْحَمَكَ اللَّهُ، فَلْيَقُلْ:

Si li ta dil: "Se pou Allah gen pitye pou ou", se poul di:

يَهْدِيكُمُ اللَّهُ وَيُصْلِحْ بَالَكُمْ».

¹ Muslim (2/1000) nimewo (1373).

"Se pou Allah gide nou epi ranje sitiwayon nou"¹.

78- Sa pou di yon moun ki pa kwayan (ki pa mizilman) si li etènye epi li fè lwanj pou Allah

«يَهْدِيكُمُ اللَّهُ وَيُصْلِحُ بِالْكُم».

"Se pou Allah gide nou epi ranje sitiwayon nou."².

79. Lapriyè pou yon moun ki fèk marye

«بَارَكَ اللَّهُ لَكَ، وَبَارَكَ عَلَيْكَ، وَجَمَعَ بَيْنَكُمَا فِي خَيْرٍ».

« Se pou Allah beni, se pou benediksyon li repoze sou ou, epi se poul mete nou ansanm nan sa ki bon. »³

80-Lapriyè pou moun ki fèk marye (lè antre sou madanm li) ak lè yon moun achte yon bèt (mwayen transpò)

Lè youn nan nou marye ak yon fi, oubyen si li pran yon sèvitè (travayè), se poul di:

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَهَا، وَخَيْرَ مَا جَبَلْتَهَا عَلَيْهِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهَا، وَشَرِّ مَا

¹ Al-Boukhari (7/125) nimewo (5870).

² At-Tirmidhi (5/82) nimewo 2741, ak Ahmad (4/400) nimewo 19586, ak Abu Dawud (4/308) nimewo 5040, epi gade: Sahih At-Tirmidhi (2/354).

³ Rapòte pa otè Sounan yo eksepte An-Nasa'i: Abou Dawoud, anba nimewo (2130), At-Tirmidhi, anba nimewo (1091), Ibn Majah, anba nimewo (1905), ak An-Nasa'i nan Amal Al-Yawm Wal-Laylah, anba nimewo (259), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (1/316).

جَبَلَتْهَا عَلَيْهِ،

« O Allah, mwen mandew sa ki bon nan li, ak tout bonte Ou te mete nan natirèl li lèw tap kreyel la; epi mwen chèche pwoteksyon nan Ou kont mal ki nan li, ak tout move panchan Ou te kreye nan natirèl li.»

وَإِذَا اشْتَرَىٰ بَعِيرًا فَلْيَأْخُذْ بِذُرْوَةِ سَنَامِهِ وَلِيُقْلُ مِثْلَ ذَلِكَ».

« Epi sil achte yon chamo, se poul kenbe nan pwent bòs li a (tèt bòs chamo a) epi se poul di menm bagay sa a tou. »¹

81. Fè envokasyon (lapriyè) anvan ou gen relasyon entim ak madanm ou.

«بِسْمِ اللَّهِ، اللَّهُمَّ جَنِّبْنَا الشَّيْطَانَ، وَجَنِّبِ الشَّيْطَانَ مَا رَزَقْتَنَا».

« Nan non Allah (Bismillah). O Allah, elwanye Satan lwen nou, epi elwanye Satan an lwen sa Ou ban nou kòm don (pitit Ou va ban nou an). »²

82. Siplikasyon lè ou an kòlè

«أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ».

«Mwen chache pwoteksyon nan men Allah kont Satan sa yo rejte a»³.

¹ Abu Dawud (2/248) nimewo (2160), ak Ibn Majah (1/617) nimewo (1918), epi gade: Sahih Ibn Majah (1/324).

² Al-Bukhari (6/141) anba nimewo (141), epi Muslim (2/1028) anba nimewo (1434).

³ Al-Bukhari (7/99) nimewo (3282), ak Muslim (4/2015) nimewo (2610).

83. Lapriyè pou lè yon moun wè yon lòt moun ki nan yon eprèv (ki malad, enfim, oswa anba yon difikilte)

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي عَاقَبَنِي مِمَّا ابْتَلَاكَ بِهِ، وَفَضَّلَنِي عَلَى كَثِيرٍ مِمَّنْ خَلَقَ تَفْضِيلًا».

«Lwanj pou Allah ki delivrem anba sal te voye eprouvew la, epi ki onorem (ki metem pi wo) pase anpil nan lòt kreyati li yo.»¹.

84.Sa pou moun di nan yon reyinyon (nan yon asanble / chita-pale)

Daprè Ibn Umar (ke Allah satisfè ak li), li di: Yo te konn konte pou Mesaje Allah a (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li) 100 fwa nan yon sèl rasanbleman, anvan li kanpe:

«رَبِّ اغْفِرْ لِي، وَتُبْ عَلَيَّ، إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الْعَفُورُ».

« Granmèt, padonem, epi asepte repantans mwen, vrèmanvre se Ou menm ki Sila ki toujou asepte repantans lan, Sila ki toujou padone a. »²

85.Lapriyè ekspyasyon (lapriyè pou efase fot) lè wap kite yon asanble / reyinyon

«سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ، أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ».

¹ At-Tirmidhi (5/494) ak (5/493) nimewo (3432), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/153).

² At-Tirmidhi nan nimewo (3434), ak Ibn Majah nan nimewo (3814), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/153), ak Sahih Ibn Majah (2/321), epi fòmilasyon an se pou At-Tirmidhi.

«O Allah, glwa pou ou ak lwanj pou ou, mwen temwaye pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon an Sèlman ou menm, mwen mande ou padon epi mwen repanti tounen vin jwenn ou.»¹.

86. Lapriyè pou moun ki diw: "Se pou Allah padonew

«وَلَكَ».

«Pou ou menm tou»².

87- Lapriyè pou yon moun ki rann ou yon sèvis (ki fè yon bon jès pou ou)

«جَزَاكَ اللَّهُ خَيْرًا».

«Se pou Allah rekonpansew ak sa ki bon (ak pi bon rekonpans la)»³.

¹ Otè liv Sunan yo: Abu Dawud sou nimewo (4858), At-Tirmidhi sou nimewo (3433), ak An-Nasa'i sou nimewo (1344), epi gade Sahih At-Tirmidhi (3/153). Epi li sètifye ke Aisha (se pou Allah satisfè ak li) te di: «Mesaje Allah la (ke lapè AK Benediksyon Allah kouvri) pat konn chita nan okenn asanble, ni li pat konn resite Koran, ni li pat konn akonpli okenn lapriyè, san li pat konkli sa ak kèk pawòl...» adit la, An-Nasa'i te rapòtel nan 'Amal Al-Yawm wal-Laylah sou nimewo (308), ak Ahmad (6/77) sou nimewo (24486), epi Doktè Faruq Hamada te otantifyel nan verifikasyon li te fè sou liv An-Nasa'i a ki rele 'Amal Al-Yawm wal-Laylah (paj 273).

² Ahmad (5/82) nimewo (20778), ak An-Nasa'i nan Amal al-Yawm wal-Laylah (paj 218) nimewo (421), verifikasyon Doktè Farouk Hamada.

³ Rapòte pa At-Tirmidhi anba nimewo (2035), epi gade: Sahih Al-Jami' (6244) ak Sahih At-Tirmidhi (2/200).

88. Sa Allah itilize pou pwoteje yon moun kont Dajjal (Fo Mesi a)

«مَنْ حَفِظَ عَشْرَ آيَاتٍ مِنْ أَوَّلِ سُورَةِ الْكَهْفِ عُصِمَ مِنَ الدَّجَالِ».

«Nenpòt moun ki memorize 10 premye vèsè nan Sourat Al-Kahf ap pwoteje kont Dajjal la(Satan/ fo mesi a)»¹,

Epi mande Allah pwoteksyon kont eprèv li a aprè dènye Tachahhoud la nan chak lapriyè².

89. Lapriyè pou yon moun ki diw: "Mwen renmen ou poutèt Allah"

«أَحَبُّكَ الَّذِي أَحْبَبْتَنِي لَهُ».

« Se pou Sila a ou renmen mwen poutèt Li a renmen ou tou. »³

90. Lapriyè pou yon moun ki ofriw nan lajan li(nan byen li)

«بَارَكَ اللَّهُ لَكَ فِي أَهْلِكَ وَمَالِكَ».

« Se pou Bondye beni fanmiw ak byen ou pou ou.»⁴

¹ Gade: Hadith nimewo (55), ak Hadith (56) (paj 41) nan liv sa a.

² Muslim (1/555) nimewo (809), epi nan yon vèsyon: soti nan fen Al-Kahf (1/556) nimewo (809).

³ Rapòte pa Abou Dawoud (4/333) anba nimewo (5125), ak Al-Albani deklare li hasan nan Sahih Sunan Abi Dawoud (3/965).

⁴ Al-Bukhari avèk Al-Fath (4/288) nimewo (2049).

91- Lapriyè pou moun ki te pretew lajan an lè wap remèt li

«بَارَكَ اللَّهُ لَكَ فِي أَهْلِكَ وَمَالِكَ، إِنَّمَا جَزَاءُ السَّلْفِ الْحَمْدُ وَالْأَدَاءُ».

« Se pou Allah beni fanmiw ak byen w pou ou; vrèmanvre, sèl rekonpans pou yon prè, se remèsiman ak ranbousman. »¹

92- Lapriyè lè yon moun pè tonbe nan bay Allah asosye (Chik)

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ أَنْ أَشْرِكَ بِكَ وَأَنَا أَعْلَمُ، وَأَسْتَغْفِرُكَ لِمَا لَا أَعْلَمُ».

« O Allah, mwen chèche pwoteksyon nan Ou poum pa ba ou asosye pandan mwen konnen sa, epi mwen mandew padon pou sa mwen pa konnen. »²

93. Lapriyè pou moun ki diw: "Se pou Allah beniw"

«وَفِيكَ بَارَكَ اللَّهُ».

« Epi se pou Allah beniw tou. »³

¹ Rapòte pa An-Nasa'i nan Amal al-Yawm wal-Laylah (paj 300), ak Ibn Majah (2/809) nimewo (2424), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/55).

² Ahmad (4/403) nan nimewo (19606), ak Al-Adab al-Mufrad pa Boukhari nan nimewo (716), epi gade: Sahih Al-Jami' (3/233), ak Sahih At-Targhib wat-Tarhib pa Al-Albani (1/19).

³ Rapòte pa Ibn As-Sunni (paj 138), nimewo (278), epi gade: Al-Wabil As-Sayyib pa Ibn Al-Qayyim (paj 304), verifikasyon Bashir Muhammad Uyun.

94. Lapriyè lè yon moun santi move sipèstisyon (laperèz pou move siy / move chans)

«اللَّهُمَّ لَا ظَيْرَ إِلَّا ظَيْرُكَ، وَلَا خَيْرَ إِلَّا خَيْرُكَ، وَلَا إِلَهَ غَيْرُكَ».

« O Allah pa gen okenn prezaj (siy desten) sof sa Ou deside, pa gen okenn bonte sof bonte Ou, epi pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon Sèlman Ou menm. »¹

95. Lapriyè pou moun kap monte machin (oubyen bèt/transpò)

«بِسْمِ اللَّهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ

«Nan non Allah, tout lwanj se pou Allah

﴿سُبْحَانَ الَّذِي سَخَّرَ لَنَا هَذَا وَمَا كُنَّا لَهُ مُقْرِنِينَ﴾

Lwanj pou Allah ki te ban nou kontwòl sou tout bagay sa yo, paske nou pa tap janm ka rive fè sa pou kò nou.

﴿وَإِنَّا إِلَى رَبِّنَا لَمُنْقَلِبُونَ﴾،

E se vre wi, se bò kote Granmèt nou an (Senyè

¹ Ahmad (2/220) anba nimewo (7045), ak Ibn As-Sunni anba nimewo (292), e Al-Albani te otantifye l nan Silsilat Al-Ahadith As-Sahihah (3/54) anba nimewo (1065). Kanta pou bon presaj, sa te konn fè Pwofèt la ﷺ plezi; se poutèt sa, li te tande yon nonm di yon bèl pawòl ki te fè l plezi, epi li te di: «Nou pran bon presaj ou a soti nan bouch ou», Abu Dawud anba nimewo (3719), ak Ahmad anba nimewo (9040), e Al-Albani te otantifye l nan Silsilat Al-Ahadith As-Sahihah (2

nou an) nou gen pou nou retounen.

الْحَمْدُ لِلَّهِ، الْحَمْدُ لِلَّهِ، الْحَمْدُ لِلَّهِ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ
إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي فَاغْفِرْ لِي؛ فَإِنَّهُ لَا يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلَّا أَنْتَ.

« Lwanj pou Allah, lwanj pou Allah lwanj pou Allah. Allah se pi gran an, Allah se pi gran an, Allah se pi gran an. Glwa pou ou, O Allah ! Mwen te fè tèt mwen mal (mwen fè peche), kidonk padone mwen; paske an verite, pa gen lòt moun ki ka padone peche apa ou menm. »¹

96. Lapriyè pou vwayaje » (oswa Lapriyè lè wap pral vwayaje)

«اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ،

«Allah se pi gran an, Allah se pi gran an, Allah se pi gran an,

سُبْحَانَ الَّذِي سَخَّرَ لَنَا هَذَا وَمَا كُنَّا لَهُ مُقْرِنِينَ

Lwanj pou Allah ki te ban nou kontwòl sou tout bagay sa yo, paske nou patap janm ka rive fè sa pou kò nou.

وَإِنَّا إِلَى رَبِّنَا لَمُنْقَلِبُونَ،

Epi se bò kote Gran Mèt nou an nap retounen,
اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ فِي سَفَرِنَا هَذَا الْبِرَّ وَالْتَّقْوَى، وَمِنْ الْعَمَلِ مَا تَرْضَى، اللَّهُمَّ هَوِّنْ

¹ Abu Dawud (3/34) nimewo (2602), ak At-Tirmidhi (5/501) nimewo (3446), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/156), Sourat Az-Zukhruf [13-14].

عَلَيْنَا سَفَرْنَا هَذَا وَاطْوِ عَنَّا بُعْدَهُ، اللَّهُمَّ أَنْتَ الصَّاحِبُ فِي السَّفَرِ، وَالْخَلِيقَةُ فِي الْأَهْلِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ وَعَثَاءِ السَّفَرِ، وَكَآبَةِ الْمُنْظَرِ، وَسُوءِ الْمُنْقَلَبِ فِي الْمَالِ وَالْأَهْلِ،

« O Allah ! Nap mandew nan vwayaj sa a pouw ban nou ladwati (bon konpòtman) ak lakrentif pou ou, epi pouw ede nou fè aksyon ki fèw plezi. O Allah ! Rann vwayaj sa a fasil pou nou, epi fè distans la parèt kout pou nou. O Allah , Se ou menm ki konpayon nou nan vwayaj la, epi se ou kap veye sou fanmi nou pandan nou pa la. O Allah ! Mwen chèche pwoteksyon bò kotew kont fatig ak difikilte vwayaj la, kont move vizyon (move sèn ki ka fè lapenn), epi pou anyen mal pa rive byen nou ak fanmi nou lè nou retounen. »

Epi lèl tounen, li te konn repete yo epi li te ajoute sa ladan yo:

«آيِبُونَ، تَائِبُونَ، عَابِدُونَ، لِرَبَّنَا حَامِدُونَ».

«Nou retounen, nou repanti, nap adore, nap fè lwanj pou Senyè nou»¹.

97. Lapriyè (envokasyon) lè wap antre nan yon vilaj oswa yon vil

«اللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَوَاتِ السَّبْعِ وَمَا أَظْلَلْنَ، وَرَبَّ الْأَرْضِينَ السَّبْعِ وَمَا أَقْلَلْنَ، وَرَبَّ الشَّيَاطِينِ وَمَا أَضْلَلْنَ، وَرَبَّ الرِّيَّاحِ وَمَا دَرَيْنَ، أَسْأَلُكَ خَيْرَ هَذِهِ الْقَرْيَةِ، وَخَيْرَ

¹ Muslim (2/978)

أَهْلِهَا، وَخَيْرَ مَا فِيهَا، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهَا، وَشَرِّ أَهْلِهَا، وَشَرِّ مَا فِيهَا».

« O Allah ! Mèt 7 syèl yo ak tout sa yo kouvri, Mèt 7 tè yo ak tout sa yo pote sou yo, Mèt move lespri yo (move espri/dyab) ak tout moun yo pèdi (egare), Mèt van yo ak tout sa yo gaye ; mwen mandew byen ki genyen nan vil (vilaj) sa a, byen ki nan moun kap viv ladan yo, ak byen ki nan tout sa ki ladan li. Epi mwen chèche pwoteksyon bò kotw kont sa ki mal ladan li, kont mechanste moun kap viv ladan li yo, ak tout malè ki gen ladan li »¹

98. Lapriyè (envokasyon) lè wap antre nan mache

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ، وَلَهُ الْحَمْدُ، يُحْيِي وَيُمِيتُ، وَهُوَ حَيٌّ لَا يَمُوتُ، بِيَدِهِ الْخَيْرُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ».

«Pa gen okenn divinite esepite Allah, Li sèl, Li pa gen okenn asosye , se pou Li wayòm nan ye, epi se pou Li tout louwanj ye, Li bay lavi epi li bay lanmò, epi Li vivan, Li pa janm mouri, se nan men Li tout byen ye, epi Li gen pouvwa sou tout bagay.»²."

¹ Al-Hakim rapòte l epi li klasel kòm sahih, epi Ad-Dhahabi te dakò avè l (2/100), ak Ibn As-Sunni anba nimewo (524), epi Al-Hafidh te klasel kòm hasan nan liv "Takhrij Al-Adhkar" (5/154). Al-Allamah Ibn Baz, rahimahullah, te di: "Epi An-Nasa'i te rapòtel avèk yon Chènn transmisyon ki bon (isnad has

99. Doua (envokasyon) lè bèt ou monte a bite oswa lè mwayen transpò a rankontre difikilte.

«بِسْمِ اللَّهِ».

« Nan non Allah »¹.

100. Lapriyè vwayajè a pou moun ki rete lakay lia

«أَسْتَوْدِعُكُمُ اللَّهَ الَّذِي لَا تَضِيعُ وَدَائِعُهُ».

«Mwen konfye nou nan men Allah, Sila a ki pa janm pèdi sa yo konfye Li a.»².

101. Lapriyè moun ki rete lakay li a pou moun kap vwayaje a

«أَسْتَوْدِعُ اللَّهَ دِينَكَ، وَأَمَانَتَكَ، وَخَوَاتِيمَ عَمَلِكَ».

«Mwen konfye relijyonw, responsablitew, ak dènye aksyonw yo nan men Allah.»³.

«رَزَوَدَكَ اللَّهُ التَّقْوَى، وَعَفَرَ ذَنْبَكَ، وَيَسَّرَ لَكَ الْخَيْرَ حَيْثُ مَا كُنْتَ».

«Se pou Allah ba ou pyete kòm pwovizyon, padonnen peche ou, epi fasilite sa ki byen pou ou

¹ Abu Dawud (4/296) anba nimewo (4982), epi Al-Albani otantifye li nan Sahih Abu Dawud (3/941).

² Ahmad (2/403) nimewo (9230), ak Ibn Majah (2/943) nimewo (2825), epi gade: Sahih Ibn Majah (2/133).

³ Ahmad (2/7) nimewo (4524), ak At-Tirmidhi (5/499) nimewo (3443), epi Al-Albani otantifye li nan Sahih Sunan At-Tirmidhi (

kèlkeswa kote ou ye»¹

102. Fè takbi ak tasbi pandan wout vwayaj la

Jabir, ke Allah satisfè avèk li, te di: Lè nou tap monte , nou te konn di : Allāhou Akbar (Allah se pi gran), Li di: (Allah se pi gran.) « Épi lè nou tap desann, nou te konn di : Soubhānallāh (Glwa pou Allah) »².

Li di: (Glwa pou Allah)

103. Lapriyè vwayajè a lè douvanjou kòmanse rive

«سَمِعَ سَامِعٌ بِحَمْدِ اللَّهِ، وَحُسْنِ بَلَائِهِ عَلَيْنَا، رَبَّنَا صَاحِبُنَا، وَأَفْضَلُ عَلَيْنَا، عَائِدًا بِاللَّهِ مِنَ النَّارِ».

« Se pou moun ki tande a rann temwayaj sou lwanj nou fè pou Allah ak tout bèl byenfe Li vide sou nou. O Mèt nou, rete avèk nou (pwoteje nou) epi vide gras ou sou nou ; pandan map chèche pwoteksyon bò kot Allah kont dife lanfè. »³

¹ At-Tirmidhi nimewo (3444), epi gade: Sahih At-Tirmidhi (3/155).

² Al-Bukhari avèk Al-Fath (6/135) nimewo (2993).

³ Muslim (4/2086) anba nimewo (2718), epi siyifikasyon «Samma'a saami'un»: sa vle di, yon temwen rann temwayaj sou louwanj nou an pou Allah, Trèwo a, pou byenfe Li yo ak bèl favè Li a. Epi siyifikasyon «Samma'a saami'un» vle di tou: yon moun ki tande pawòl mwen sa a transmèt li bay yon lòt moun, epi li di menm bagay la tou kòm yon rapèl pou fè evokasyon (zikr) ak

104. Envokasyon lè yon moun desann yon kote pandan yon vwayaj oswa nan nenpòt lòt sikonstans.

«أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللَّهِ التَّامَّاتِ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ».

«Mwen chèche pwoteksyon nan pawòl pafè Allah yo kont mal ki nan sa Li kreye.»¹.

105. Lapriyè (envokasyon) lè wap retounen soti nan vwayaj

«يُكَبَّرُ عَلَى كُلِّ شَرَفٍ ثَلَاثَ تَكْبِيرَاتٍ ثُمَّ يَقُولُ:

«Li di 'Allahu Akbar' (Allah se pi gran an) 3 fwa sou chak kote ki wo, après, li di:

لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ، وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ،
آيُّونَ، تَائِبُونَ، عَابِدُونَ، لِرَبِّنَا حَامِدُونَ، صَدَقَ اللَّهُ وَعْدَهُ، وَنَصَرَ عَبْدَهُ، وَهَزَمَ
الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ».

«Pa gen okenn lòt dye ki merite adorasyon esepite Allah, Li sèl, li pa gen asosye. Se pou Li tout pouvwa a ye, se pou Li tout lwanj yo ye, epi Li gen pouvwa sou tout bagay. Nou retounen, nou repanti, nap adore, epi nap fè lwanj pou Seyè nou an. Allah te akonpli pwomès Li, epi Li te bay sèvitèl la viktwa,

¹ Muslim (4/2080) nimewo (2709).

epi se Li menm sèl ki te venk fòs kowalisyon yo»¹.

106. Sa yon moun dwe di lèl resevwa yon bagay ki fèl plezi oswa yon bagay li pa renmen

Pwofèt la (ke lapè AK Benediksyon Allah kouvri) lè yon bagay ki te fèl kontan te vin jwenn li, li te konn di:

«الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي بِنِعْمَتِهِ تَتِمُّ الصَّالِحَاتُ».

« Tout lwanj se pou Allah Gras avèk favè Li tout bon bagay rive fèt nèt. »

Epi lè yon bagay li pa renmen rivel, li di:

«الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى كُلِّ حَالٍ».

«Tout louwanj se pou Allah nan tout sikonstans»².

107. Merit lapriyè sou Pwofèt la (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li).

Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«مَنْ صَلَّى عَلَى صَلَاةٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ بِهَا عَشْرًا».

«Nenpòt moun ki voye yon sèl salitasyon (priyè)

¹ Pwofèt la (se pou lapè AK Benediksyon Allah kouvri) te konn di sa lè li tap retounen sot nan yon ekspedisyon militè oswa nan Hajj, Al-Boukhari (7/163) anba nimewo (1797), ak Mouslim (2/980) anba nimewo (1344).

² Rapòte pa Ibn As-Sunni nan 'Amal Al

sou mwen, Allah ap vide 10 benediksyon sou li pou sa.»¹. Tankou lè li di: (O Allah, voye elòj ou ak lapè sou Pwofèt nou an, Muhammad).

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«لَا تَجْعَلُوا قَبْرِي عِيدًا وَصَلُّوا عَلَيَّ؛ فَإِنَّ صَلَاتَكُمْ تَبْلُغُنِي حَيْثُ كُنْتُمْ».

«Piga nou fè tonb mwen tounen yon fèt, epi voye lapriyè sou mwen; paske anverite, lapriyè nou yo rive jwenn mwen kèlkeswa kote nou ye»².

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«الْبَخِيلُ مَنْ ذُكِرْتُ عِنْدَهُ فَلَمْ يُصَلِّ عَلَيَّ».

«Moun ki chich la, se moun yo site non mwen devan li epi li pa priye pou mwen»³.

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«إِنَّ لِلَّهِ مَلَائِكَةً سَيَّاحِينَ فِي الْأَرْضِ يُبَلِّغُونِي مِنْ أُمَّتِي السَّلَامَ».

«Sètènman, Allah gen zanj kap sikile sou tè a pou transmèt mwen salitasyon lapè ki soti nan kominote mwen an.»⁴.

Epi li te di (ke lapè ak benediksyon Allah sou li):

«مَا مِنْ أَحَدٍ يُسَلِّمُ عَلَيَّ إِلَّا رَدَّ اللَّهُ عَلَيَّ رُوحِي حَتَّى أَرُدَّ عَلَيْهِ السَّلَامَ».

¹ Rapòte pa Mouslim (1/2

«Pa gen pèsonn ki voye salitasyon sou mwen san Allah pa retounen nanm mwen ban mwen, poum ka retounen salitasyon an ba li»¹.

108. Simaye 'Salam' (salitasyon) an

Mesaje Allah a (lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«لَا تَدْخُلُوا الْجَنَّةَ حَتَّى تُؤْمِنُوا، وَلَا تُؤْمِنُوا حَتَّى تَحَابُّوا، أَوْ لَا أَذِلُّكُمْ عَلَى شَيْءٍ إِذَا فَعَلْتُمُوهُ تَحَابَبْتُمْ، أَفْشُوا السَّلَامَ بَيْنَكُمْ».

"«Nou pap antre nan Paradi a jiskaske nou gen lafwa, epi nou pap gen lafwa jiskaske nou renmen youn lòt. Èskem pa dwe di nou yon bagay, si nou fè li, nap renmen youn lòt? Simaye Salam nan mitan nou.»"².

«ثَلَاثٌ مَنْ جَمَعَهُنَّ فَقَدْ جَمَعَ الْإِيمَانَ: الْإِنْصَافُ مِنْ نَفْسِكَ، وَبَذْلُ السَّلَامِ لِلْعَالَمِ، وَالْإِنْفَاقُ مِنَ الْإِقْتَارِ».

« Gen 3 kalite, nenpòt moun ki rasanble yo gen tout lafwa nèt : rekonèt sa ki dwat menm si se kont pwòp tèt ou (fè jistis), salye tout moun ou rankontre, epi pataje bay moun ki nan nesesite menm lè ou menm ou nan mank. »³

¹ Abou Dawoud, nimewo (2041), epi Al-Albani klase l kòm bon nan Sahih Abou Dawoud (1/383).

² Mouslim

Yo rapòte Abdullah ibn Umar (ke Allah satisfè de yo tou 2), ke yon Mesye te mande Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah sou li): « Ki aksyon nan Islam ki pi bon? » Li reponn:

«تُطْعِمُ الطَّعَامَ، وَتَقْرَأُ السَّلَامَ عَلَى مَنْ عَرَفْتَ وَمَنْ لَمْ تَعْرِفْ».

« Se pouw bay moun manje, epi pouw bay Salam (Salitasyon) a moun ou konnen ak moun ou pa konnen. »¹.

109. Kijan pou reponn salitasyon an bay yon moun ki pa kwayan si li salyew.

«إِذَا سَلَّمَ عَلَيْكُمْ أَهْلُ الْكِتَابِ فَقُولُوا: وَعَلَيْكُمْ».

« Si moun Liv yo (jwif oswa kretyen) salye nou, reponn yo : "E sou nou menm tou" (Wa 'alaykoun). »²

110. Siplikasyon pou fè lè ou tande kòk ap chante ak bourik ap ranni.

«إِذَا سَمِعْتُمْ صِيَاحَ الدِّيَكَةِ فَاسْأَلُوا اللَّهَ مِنْ فَضْلِهِ؛ فَإِنَّهَا رَأَتْ مَلَكًا،

Lè nou tande kòk yo ap chante, mande Allah nan favè Li; paske yo wè yon zanj,

Tankou lè li di: (O Allah mwen mandew pou ou ban mwen nan favè ou (benediksyon Ou).)

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (1/55) nimewo (12), ak Muslim (1/65) nimewo (39).

وَإِذَا سَمِعْتُمْ نَهْيَ الْحِمَارِ فَتَعَوِّذُوا بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ؛ فَإِنَّهُ رَأَى شَيْطَانًا».

Epi lè nou tande yon bourik kap ranni, enben chache pwoteksyon nan men Allah kont Satan; paske anverite, li wè yon dyab»¹. Tankou lè li di: (Mwen chache pwoteksyon nan men Allah kont satan ki rejte a).

111. Envokasyon lè ou tande chen ap jape lannwit.

«إِذَا سَمِعْتُمْ نُبَاحَ الْكِلَابِ وَنَهْيَ الْحَمِيرِ بِاللَّيْلِ فَتَعَوِّذُوا بِاللَّهِ مِنْهُمْ؛ فَإِنَّهُمْ يَرَيْنَ مَا لَا تَرَوْنَ».

«Lè nou tande chen kap jape ak bourik k ap ranni lannwit, chache refij bò kote Allah kont yo; paske vrèman, yo wè sa nou pa wè»².

Tankou lè li di: "(Mwen chache pwoteksyon nan men Allah kont satan ki rejte a)."

112. Envokasyon pou moun ou te ensilte a.

Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«اللَّهُمَّ قَائِمًا مُؤْمِنٍ سَبِّئْهُ فَاجْعَلْ ذَلِكَ لَهُ قُرْبَةً إِلَيْكَ يَوْمَ الْقِيَامَةِ».

«O Allah, kèlkeswa kwayan mwen te joure a, fè sa tounen yon mwayen pou li pwoche pi prè Ou nan

¹ Al-Bukhari avèk Al-Fath (6/350) nimewo (3303), ak Muslim (4/2092)

Jou Rezirèksyon an»¹.

113. Sa yon Mizilman di lè li fè louwanj pou yon lòt Mizilman

Pwofèt la (ke lapè ak benediksyon Allah sou li) te di:

«إِذَا كَانَ أَحَدُكُمْ مَادِحًا صَاحِبَهُ لَا مَحَالَةَ فَلْيَقُلْ: أَحْسِبُ فَلَانًا وَاللَّهُ حَسِيبُهُ، وَلَا أُزَيِّي عَلَى اللَّهِ أَحَدًا، أَحْسِبُهُ—إِنْ كَانَ يَعْلَمُ ذَاكَ—كَذَا وَكَذَا».

« Si youn nan nou dwe fè lwanj pou yon frè li (zanmi li) kanmenm, se poul di : "Mwen konsidere entèl konsa, men se Allah ki jij li, epi mwen pa mete pèsounn pi pwòp pase jan Bondye konnen li an ; mwen konsidere li si tout bon li konnen sa sou li — konsa ak konsa." »²

114. Sa yon mizilman dwe di lè yo fè lwanj pou li (lè yo felisite li oswa fè konpliman sou li)

«اللَّهُمَّ لَا تُؤَاخِذْنِي بِمَا يَقُولُونَ، وَاعْفُ عَنِّي مَا لَا يَعْلَمُونَ، [وَأَجْعَلْنِي خَيْرًا مِمَّا يَظُنُّونَ]».

« O Allah, pa pinim pou sa yap di sou mwen an, padonnen mwen pou fot mwen yo ,yo menm yo pa konnen, [epi fèm vin pi bon toujou pase jan yo

¹ Al-Boukhari avèk Al-Fath (11/

panse a]. »¹

115. Kòman yon moun ki an eta sakre (Ihram) fè Talbiyah nan Hadj oswa Omra

«لَبَّيْكَ اللَّهُمَّ لَبَّيْكَ، لَبَّيْكَ لَا شَرِيكَ لَكَ لَبَّيْكَ، إِنَّ الْحَمْدَ، وَالْتَّعْمَةَ، لَكَ وَالْمُلْكَ، لَا شَرِيكَ لَكَ».

« Mwen reponn apèl Ou a, O Allah, mwen reponn apèl Ou a ! Mwen reponn apèl Ou a, Ou pa gen okenn asosye, mwen reponn apèl Ou a ! Tout lwanj, tout benediksyon ak tout pouvwa se pou Ou nèt, Ou pa gen okenn asosye ! »²

116- Di « Allāhou Akbar » lèw rive devan Wòch Nwa a (Al-Hajar Al-Aswad)

«ظَافَ النَّبِيُّ ﷺ بِالْبَيْتِ عَلَى بَعِيرٍ كُلَّمَا أَتَى الرُّكْنَ أَشَارَ إِلَيْهِ بِتَنِيٍّ عِنْدَهُ وَكَبَّرَ».

«Pwofèt la (Ke la lapè ak benediksyon Allah sou li) te fè Tawaf alantou Kaaba a sou yon chamo, chak fwa li te rive nan Kwen an, li te fè siy sou li ak yon

¹ Boukhari nan Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (761), epi Al-Albani deklare chèn transmisyon li an otantik nan Sahih Al-Adab al-Mufrad nan nimewo (585), epi sa ki ant kwòchè yo se yon adisyon pa Al-Bayhaqi nan Shu'ab al-Iman (4/228) soti nan yon lòt chèn.

